

REPUBLIQUE DU BURUNDI  
*REPUBURIKA Y'UBURUNDI*



CABINET DU PRESIDENT  
*IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU*

LOI N°1/12 DU 12 MAI 2020 PORTANT CODE DE LA PROTECTION  
SOCIALE AU BURUNDI

*IBWIRIZWA INOMERO 1/12 RYO KU WA 12 RUSAMA 2020 RYEREKEYE  
IGITABU C'AMATEGEKO AGENGA UGUKINGIRA N'UGUTEGEKANIRIZA  
KAZOZA ABANYAGIHUGU MU BURUNDI*

## Table des matières

TITRE I : DES DISPOSITIONS GENERALES .....	4
CHAPITRE I : DE L'OBJET ET DU CHAMP D'APPLICATION .....	4
CHAPITRE II : DES PRINCIPES FONDAMENTAUX .....	4
CHAPITRE III : DE LA DEFINITION DES CONCEPTS .....	6
SECTION 1 : Des concepts généraux .....	6
SECTION 2 : Des concepts spécifiques à la protection sociale contributive .....	9
SECTION 3 : Des concepts spécifiques à la protection sociale non contributive .....	14
CHAPITRE IV : DU CADRE INSTITUTIONNEL, DE LA GOUVERNANCE ET DU FINANCEMENT DE LA PROTECTION SOCIALE .....	16
SECTION 1 : Du cadre institutionnel de la protection sociale .....	16
SECTION 2 : De la gouvernance de la protection sociale .....	16
SECTION 3 : Du financement de la protection sociale .....	18
TITRE II : DE LA PROTECTION SOCIALE CONTRIBUTIVE .....	18
CHAPITRE I : DES DISPOSITIONS COMMUNES .....	18
CHAPITRE II : DES REGIMES DE BASE .....	19
SECTION 1 : Des dispositions communes aux régimes de base .....	19
SECTION 2 : Du régime d'assurance maladie .....	22
2.1. Risques couverts et prestations ....	22
2.2. Des conditions du service des prestations .....	24
SECTION 3 : Du régime des risques	

## Ibirimwo

IKIGABANE CA I: INGINGO NGENDERWAKO .....	4
IGICE CA I: INTUMBERO Y'IRI BWIRIZWA N'IVYO RYEREKEYE .....	4
IGICE CA II: INGINGO NGENDERWAKO .....	4
IGICE CA III: INSIGURO Y'AMAJAMBO .....	6
AGACE KA 1: Amajambo nyamukuru .....	6
AGACE KA 2: Amajambo akoreshwa mu bijanye n'ugutegekaniriza kazoza umuntu atanze intererano .....	9
AGACE KA 3: Amajambo akoreshwa mu bijanye n'ugutegekaniriza kazoza ata ntererano umuntu atanze .....	14
IGICE CA IV: IVYEREKEYE INZEGO, INTWARO N'AHAVA UBURYO BW'UGUKINGIRA N'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA ABANYAGIHUGU .....	16
AGACE KA 1: Ibijanye n'inzego zijejwe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza .....	16
AGACE KA 2: Itunganywa ry'intwaro mu bijanye n'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu .....	16
AGACE KA 3: Ahava uburyo bw'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu ....	18
IKIGABANE CA II: IVYEREKEYE UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA UMUNTU ATANZE INTERERANO.....	18
IGICE CA I: INGINGO RUSANGI .....	18
IGICE CA II: IVYEREKEYE IBISATA NYAMUKURU VY'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA .....	19
AGACE KA 1: Ingingo rusangi zerekeye ibisata nyamukuru vy'ugutegekaniriza kazoza .....	19
AGACE KA 2: Igisata c'ugutegekaniriza indwara .....	22
2.1. Ibiteganirizwa n'ibirangurirwa uwategekanirijwe .....	22
2.2. Ibisabwa kugira uwategekanirijwe kazoza arangurirwe ivyo yategekanirijwe.	24
AGACE KA 3: Igisata giteganiriza	

professionnels .....	27	impanuka zituruka ku kazi .....	27
3.1. Des risques couverts et prestations ..	27	3.1. Ibiteganirizwa hamwe n'ibirangurirwa umunywanyi .....	27
3.2. Des conditions d'accès aux prestations .....	31	3.2. Ibisabwa kugira uwateganirije impanuka zituruka ku kazi arangurirwe ivyo yateganirijwe .....	31
3.3. De la suspension et de la suppression des droits dans la branche des risques professionnels .....	36	3.3. Uguhagarika ivy'agateganyo n'uguhagarika burundu uburenganzira bw'ukuronswa ibitegekanirijwe impanuka zituruka ku kazi .....	36
3.4. De la prévention des risques professionnels .....	37	3.4. Ugukinga impanuka zituruka ku kazi. ....	37
SECTION 4 : Du régime des pensions .....	38	AGACE KA 4 : Ibijanye n'igisata c'ivyerekeye amapansiyo .....	38
4.1. Des risques couverts et prestations ..	38	4.1. Ibiteganirizwa n'ibirangurirwa umunywanyi .....	38
4.2. Des conditions d'accès aux prestations .....	38	4.2. Ibisabwa kugira uwategekanirijwe arangurirwe ivyo agenewe .....	38
SECTION 5 : Du régime des prestations familiales .....	44	AGACE KA 5 : Igisata c'ivyerekeye ibirangurirwa umuryango .....	44
5.1. Du champ d'application .....	44	5.1. Abo vyerekeye .....	44
5.2. Des conditions d'attribution .....	45	5.2. Ibisabwa kugira umuryango urangurirwe ivyo utegekanirijwe .....	45
5.3. Des prestations .....	48	5.3. Ibirangurirwa umuryango .....	48
SECTION 6 : Du régime d'assurance chômage .....	53	AGACE KA 6 : Igisata c'ivyerekeye uguteganziriza ugutakaza akazi .....	53
CHAPITRE III : DES REGIMES COMPLEMENTAIRES .....	53	IGICE CA III : IVYEREKEYE IBISATA VY'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA VYUNGANIRA IBISATA NYAMUKURU .....	53
CHAPITRE IV : DES REGIMES SPECIAUX ET DES REGIMES FACULTATIFS .....	55	IGICE CA IV : IVYEREKEYE IBISATA VY'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA IMIGWI IMWIMWE N'IVY'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA ATA GAHATO .....	55
CHAPITRE V : DES ASSURANCES SOCIALES .....	56	IGICE CA V : IVYEREKEYE UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA .....	56
SECTION 1 : De l'organisation administrative .....	56	AGACE KA 1 : Uko ivyerekeye intwaro bitunganijwe .....	56
SECTION 2 : De l'organisation financière .....	57	AGACE KA 2 : Itunganywa ry'ivyerekeye ubutunzi .....	57
2.1. Des ressources .....	57	2.1. Ahava uburyo .....	57
2.2. Du recouvrement des cotisations .....	61	2.2. Ukwishuza intererano .....	61
2.3. De l'équilibre financier, fonds de réserves et action sociale et sanitaire ... ..	65	2.3. Ugutuma ubutunzi bw'ishirahamwe buguma bwifashe neza, ikigega c'amafaranga y'integabizozo n'ic'ugufasha abategekanirijwe kubaho neza hamwe n'ukubavuzwa .....	65
SECTION 3 : De l'organisation comptable .....	66	AGACE KA 3 : Itunganywa ry'amafaranga yinjira n'ayasohoka .....	66
CHAPITRE VI : DES MUTUELLES SOCIALES .....		IGICE CA VI : IVYEREKEYE AMASHIRAHAMWE Y'UGUSHIGIKIRANA MU	

.....67	GUTEGEKANIRIZA KAZOZA .....67
SECTION 1: Du statut juridique des mutuelles sociales .....67	AGACE KA 1: Ingene amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza afatwa imbere y'amategeko .....67
SECTION 2: De l'agrément .....68	AGACE KA 2: Ukwemerera amashirahamwe gukora .....68
SECTION 3: De l'organisation financière .69	AGACE KA 3: Itunganywa ry'ikigega .....69
3.1. Des ressources et des dépenses .....69	3.1. Ahava uburyo hamwe n'amafaranga asohorwa .....69
3.2. Du fonds national de garantie des mutuelles sociales .....72	3.2. Ikigega c'igihugu c'ukwishinga amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza .....72
CHAPITRE VII: DES DISPOSITIONS COMMUNES AUX PRESTATIONS .....73	IGICE CA VII: INGINGO RUSANGI KU BIRANGURIRWA ABATEGEKANIRIJE .....73
SECTION 1: De la prescription .....74	AGACE KA 1: Uguta igihe kw'uburenganzira .....74
SECTION 2: De la saisie et de la compensation des prestations .....75	AGACE KA 2: Ugufata ibigenewe uwategekanirijwe n'ukwisubiza amafaranga yahawe bidakwiye .....75
SECTION 3: Du cumul des prestations .. .....75	AGACE KA 3: Ukuronkera rimwe ibirangurirwa uwategekanirijwe bitandukanye .....75
SECTION 4: De la portabilité des droits.. .....76	AGACE KA 4: Ukwimukana uburenganzira .....76
SECTION 5: Du recours contre les tiers ...77	AGACE KA 5: Ugusaba indishi abandi .....77
CHAPITRE VIII: DE LA DISSOLUTION DES ORGANISMES DE PROTECTION SOCIALE .. .....80	IGICE CA VIII: IVYEREKEYE ISAMBUKA RY'AMASHIRAHAMWE ATEGEKANIRIZA KAZOZA .....80
TITRE III: DE LA PROTECTION SOCIALE NON CONTRIBUTIVE .....81	IKIGABANE CA III: IVYEREKEYE UGUKINGIRA N'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA ABANYAGIHUGU BADATANZE INTERERANO .....81
CHAPITRE I: DES PROGRAMMES D'ASSISTANCE SOCIALE .....81	IGICE CA I: IVYEREKEYE IMIGAMBI Y'UGUFASHA ABANYAGIHUGU .....81
SECTION 1: Des dispositions générales ..81	AGACE KA 1: Ingingo ngenderwako .....81
SECTION 2: Des types d'assistance sociale .....82	AGACE KA 2: Imfashanyo zitandukanye zihabwa abanyagihugu .....82
SECTION 3: Du financement de l'assistance sociale .....83	AGACE KA 3: Ahava uburyo bukoreshwa mu gufasha abanyagihugu .....83
SECTION 4: De l'éligibilité à l'assistance sociale .....83	AGACE KA 4: Ibifatirwako mu kwemererwa kuronka imfashanyo .....83
SECTION 5: De la demande d'assistance sociale .....84	AGACE KA 5: Ibijanye n'ugusaba imfashanyo .....84
SECTION 6: De l'abus de l'assistance sociale .....85	AGACE KA 6: Ugukora ibiteye kubiri n'amategeko yerekeye imfashanyo .....85
SECTION 7: Des recours .....85	AGACE KA 7: Ugusaba ko ingingo isubirwamwo .....85

SECTION 8 : De la cessation de l'assistance sociale .....86	AGACE KA 8 : Uguhagarika imfashanyo ihabwa abanyagihugu .....86
CHAPITRE II: DES SERVICES D'ACTION SOCIALE .....86	IGICE CA II: IVYEREKEYE IBIKORWA VY'UGUFASHA ABANYAGIHUGU KUBAHO NEZA .....86
TITRE IV : DES DISPOSITIONS RELATIVES AU CONTROLE, A LA REGULATION, AUX SANCTIONS ET AU CONTENTIEUX DE LA PROTECTION SOCIALE .....87	IKIGABANE CA IV: INGINGO ZEREKEYE UGUSUZUMA, UGUCUNGERA, IBIHANO HAMWE N'IVYEREKEYE AMATATI AJANYE N'UGUKINGIRA N'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA ABANYAGIHUGU .....87
CHAPITRE I: DU CONTROLE, DE LA REGULATION ET DES SANCTIONS .....87	IGICE CA I: IVYEREKEYE UGUSUZUMA, UGUCUNGERA HAMWE N'IBIHANO .....87
CHAPITRE II: DU CONTENTIEUX DE LA PROTECTION SOCIALE .....89	IGICE CA II: IVYEREKEYE AMATATI AJANYE N'UGUKINGIRA N'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA ABANYAGIHUGU .....89
CHAPITRE II: DES DISPOSITIONS TRANSITOIRES ET FINALES .....94	IGICE CA II: INGINGO MFATAKIBANZA N'IZISOZERA .....94

REPUBLIQUE DU BURUNDI



CABINET DU PRESIDENT

LOI N°1/12 DU 12 MAI 2020 PORTANT  
CODE DE LA PROTECTION SOCIALE AU  
BURUNDI

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Vu la Loi n°1/012 du 6 juillet 1987 portant Ratification de l'Amendement à la Convention Générale de Sécurité Sociale entre le Burundi, le Rwanda et la République du Zaïre ;

Vu la Loi n°1/002 du 29 février 2000 portant Institution d'un Régime d'Assurance-Maladie-Maternité pour le Secteur Privé Structuré ;

Vu la Loi n°1/05 du 10 septembre 2002 portant Réforme du Régime d'Assurance-Maladie-Maternité des Agents Publics et Assimilés ; à è

Vu la Loi n°1/011 du 29 novembre 2002 portant Réorganisation des Régimes des Pensions et des Risques Professionnels en faveur des Travailleurs Régis par le Code du Travail et Assimilés ;

REPUBURIKA Y'UBURUNDI



IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU

IBWIRIZWA INOMERO 1/12 RYO KU WA 12  
RUSAMA 2020 RYEREKEYE IGITABU  
C'AMATEGEKO AGENGA UGUKINGIRA  
N'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA  
ABANYAGIHUGU MU BURUNDI

UMUKURU W'IGIHUGU,

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/012 ryo ku wa 6 Mukakaro 1987 ryemeza Ivyasubiwemwo mu Masezerano yagizwe hagati y'Uburundi, Urwanda na Zaïre yerekeye ugutegekaniriza kazoza abakozi;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/002 ryo ku wa 29 Ruhuhuma 2000 rishinga amategeko agenga Igisata c'ukuvuza abakozi n'abagore bibaruka bo mu gisata c'abikorera utwabo bakora mu buryo buzwi n'amategeko;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/05 ryo ku wa 10 Nyakanga 2002 rihindura amategeko agenga ukuvuza abakozi ba Reta n'abagore bibaruka n'abandi bakozi bafatwa nka bo ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/011 ryo ku wa 29 Munyonyo 2002 riringaniza ukundi Ibisata vy'ugutegekaniriza amapansiyu abakozi bagengwa n'amategeko y'akazi n'abafatwa nka bo bakukuruka hamwe n'ukubateganiriza impanuka zituruka ku kazi;

Vu la Loi n°1/09 du 17 mars 2005 portant Distinction des Fonctions Politiques des Fonctions Techniques ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/09 ryo ku wa 17 Ntwarante 2005 ritandukanya imirimo ya poritike n'imirimo isaba ubuhinga;
Vu la Loi n°1/42 du 30 décembre 2006 portant Ratification du Traité portant Création de la Communauté Est Africaine ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/42 ryo ku wa 30 Kigarama 2006 ryemeza Amasezerano ashingira Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afirika yo mu Buseruko;
Vu la Loi n°1/04 du 27 janvier 2010 portant Réorganisation des Régimes des Pensions et des Risques Professionnels des Fonctionnaires, Magistrats et Agents de l'Ordre Judiciaire ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/04 ryo ku wa 27 Nzero 2010 riringaniza ukundi Ibisata vy'ugutegekaniriza amapansiyu abakozi ba Reta, abacamanza n'abakozi bo mu bucamanza atari abacamanza bakukuruka hamwe n'ukubateganiriza impanuka zituruka ku kazi;
Vu la Loi n°1/02 du 7 janvier 2014 portant Code des Assurances au Burundi ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/02 ryo ku wa 7 Nzero 2014 ryerekeye Igitabu c'amategeko agenga ivyerekeye uguteganyiriza impanuka mu Burundi;
Vu la Loi n°1/27 du 29 décembre 2017 portant Révision du Code Pénal ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/27 ryo ku wa 29 Kigarama 2017 risubiramwo Igitabu c'amategeko mpanavyaha;
Vu le Décret-loi n°1/145 du 21 octobre 1971 portant Institution d'un Régime d'Allocations Familiales au Profit des Travailleurs et Apprentis ;	Yihweje Itegeko-bwirizwa inomero 1/145 ryo ku wa 21 Gitugutu 1971 rishinga amategeko agenga Igisata c'ugufata mu mugongo abakozi n'abiga umwuga kubera umuryango;
Vu le Décret-loi n°1/23 du 26 juillet 1988 portant Cadre Organique des Etablissements Publics Burundais ;	Yihweje Itegeko-bwirizwa inomero 1/23 ryo ku wa 26 Mukakaro 1988 ryerekeye amategeko agenga amashirahamwe ya Reta;
Vu le Décret-loi n°1/20 du 29 juillet 1991 portant Conditions de Participation des Etablissements Publics Burundais au Capital Social d'Autres Entreprises ;	Yihweje Itegeko-bwirizwa inomero 1/20 ryo ku wa 29 Mukakaro 1991 rishinga ibisabwa amashirahamwe ya Reta kugira ashobore gushira imitahe mu yandi mashirahamwe;
Vu le Décret-loi n°1/037 du 7 juillet 1993 portant Révision du Code du Travail du Burundi ;	Yihweje Itegeko-bwirizwa inomero 1/037 ryo ku wa 7 Mukakaro 1993 risubiramwo Igitabu c'amategeko agenga akazi mu Burundi;

Asubiye kwihweza Ibwirizwa inomero 1/010

Revu la Loi n°1/010 du 16 juin 1999 portant Code de la Sécurité Sociale ; ryo ku wa 16 Ruheshi 1999 ryerekeye Igitabu c'amategeko agenga ugutegekaniriza kazoza;

Le Conseil des Ministres ayant délibéré ; Inama Nshikiranganji imaze kubica irya n'ino;

L'Assemblée Nationale et le Sénat ayant adopté ; Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka zimaze kuyemeza;

**PROMULGUE :**

**ATANGAJE:**




**TITRE I : DES DISPOSITIONS GENERALES**      **IKIGABANE CA I: INGINGO**  
**NGENDERWAKO**

**CHAPITRE I : DE L'OBJET ET DU CHAMP**      **IGICE CA I: INTUMBERO Y'IRI BWIRIZWA**  
**D'APPLICATION**      **N'IVYO RYEREKEYE**

**Article 1 :**

La présente loi institue un Code de la protection sociale au Burundi.

Les lois spécifiques régissent chaque régime de protection sociale.

**Article 2 :**

Les dispositions de la présente loi s'appliquent à l'ensemble des secteurs d'activités économiques ainsi qu'aux professions qui s'exercent sur le territoire national.

**Ingingo ya 1:**

Iri bwirizwa rishiraho Igitabu c'amategeko yerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu mu Burundi.

Igisata kimwekimwe cose cerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza kirafise amategeko ciharije akigenga.

**Ingingo ya 2:**

Ibitegekanijwe muri iri bwirizwa vyerekeye ibisata vyose vy'ibikorwa bijanye n'ubutunzi hamwe n'imyuga birangurirwa ku gataka k'Uburundi.

**CHAPITRE II : DES PRINCIPES**      **IGICE CA II: IVYIYUMVIRO SHINGIRO**  
**FONDAMENTAUX**

**Article 3 :**

Le système de protection sociale couvre la population contre les risques économiques et sociaux déterminés par les pouvoirs publics conformément aux normes internationales.

**Article 4 :**

Toute personne a droit à la protection sociale, à la satisfaction des droits économiques et au libre développement de sa responsabilité, grâce à l'effort national et à la coopération internationale.

**Article 5 :**

Toute personne a droit à un niveau de vie suffisant pour assurer sa santé, son bien-être

**Ingingo ya 3:**

Amategeko akingira akongera agategekaniriza kazoza abanyagihugu yerekeye ibijanye n'impanuka zishobora gushika mu vy'ubutunzi n'imibano zitomorwa na Reta hisunzwe ibisabwa gukurikizwa ku rwego mpuzamakungu.

**Ingingo ya 4:**

Umuntu wese arafise uburenganzira bw'ugukingirwa n'ugutegekanirizwa kazoza, bw'ukuronka ibimufasha mu mateka yiwe yerekeye ubutunzi kugira yiteze imbere, aronke iteka rimukiye, biciye mu kigoro k'igihugu no mu gufashanya n'ayandi makungu.

**Ingingo ya 5:**

Umuntu wese arafise uburenganzira bw'ukugira uburyo bw'ukubaho bukiye

et ceux de sa famille notamment, par l'alimentation, l'habillement et le logement décent.

Elle a droit à la sécurité en cas de maladie, d'invalidité, de veuvage, de vieillesse ou dans les autres cas de perte de ses moyens de subsistance par suite des circonstances indépendantes de sa volonté.

**Article 6 :**

Le Gouvernement doit assurer le respect des droits et devoirs prévus par la Déclaration Universelle des Droits de l'Homme, des Pactes Internationaux relatifs aux Droits de l'Homme, la Charte Africaine des Droits de l'Homme et des Peuples ainsi que la Charte de l'Unité Nationale.

Aucune restriction de ces droits ne peut être imposée que par la loi.

**Article 7 :**

Les régimes de protection sociale contributive couvrent les régimes de base, les régimes complémentaires, les régimes spéciaux ainsi que les régimes facultatifs.

Les régimes de protection sociale non contributive couvrent les programmes d'assistance sociale et les services d'action sociale en faveur des ménages et des personnes vulnérables.

butuma ashobora kugira amagara meza, abaho neza hamwe n'umuryango wiwe, canecane mu vyerekeye imfungurwa, ivyambarwa n'uburaro bwiza.

Arafise uburenganzira bw'ugutunganirizwa mu gihe arwaye, agize ubumuga, apfakaye, mu busaza canke mu bindi bihe aba atagifise uburyo bwiwe bw'ukwibeshaho biturutse ku mvo zitamuvuyeko.

**Ingingo ya 6:**

Reta itegerezwa kwubahiriza uburenganzira n'ibitegerejwe nk'uko bitegekanijwe n'Amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu, ayandi Masezerano mpuzamakungu akingira agateka ka zina muntu, Amasezerano y'ibihugu vya Afirika yerekeye agateka ka zina muntu n'ak'abanyagihugu hamwe n'Amasezerano y'Ubumwe bw'Abarundi.

Nta na rimwe ubwo burenganzira bushobora kugabanywa bidaciye mw'ibwirizwa.

**Ingingo ya 7:**

Amategeko y'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza umuntu atanze intererano agenga ibisata nyamukuru vy'ugutegekaniriza kazoza, ibisata vyunganira ibisata nyamukuru, ibisata bitegekaniriza kazoza imigwi imwimwe hamwe n'ivy'ugutegekaniriza kazoza ata gahato.

Amategeko y'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza umuntu ata ntererano atanze agenga imigambi y'ugufasha abanyagihugu hamwe n'ibikorwa vy'ugufasha ingo n'abantu batishoboye

## CHAPITRE III : DE LA DEFINITION DES CONCEPTS

### SECTION 1 : Des concepts généraux

#### Article 8 :

Au sens de la présente loi, on entend par :

1. **action sociale et sanitaire**, l'ensemble d'activités et d'actions concourant à améliorer l'état social et sanitaire de la population pouvant inclure les activités relatives à l'animation et à l'encadrement social afin d'accéder aux soins de santé de qualité ;
2. **assuré social**, toute personne protégée contre les risques sociaux, qu'elle soit en situation de salarié, de non salarié, d'indépendant, d'étudiant, de stagiaire ou d'apprenti ;
3. **ayants-droit**, les personnes admises à prétendre à des prestations prévues par la présente loi, sont : le conjoint non divorcé ; les enfants à charge ; les ascendants directs jusqu'au premier degré, à défaut du conjoint ou des enfants ;
4. **épargne**, le système par lequel un individu prélève une partie de son revenu pour l'affecter à la garantie d'éventuels risques ;
5. **enfants à charge**, les enfants légitimes, naturels reconnus, sous tutelle ou adoptifs du travailleur ou de son conjoint qui réunissent les conditions ci-après : être âgé de moins de 18 ans ; la limite d'âge est portée à 21 ans s'il est en

## IGICE CA III: INSIGURO Y'AMAJAMBO

### AGACE KA 1: Amajambo nyamukuru

#### Ingingo ya 8:

Muri iri bwirizwa, aya majambo asigura:

1. **ugufasha abanyagihugu kubaho neza n'ukubavuzwa** ni ukurangura ibikorwa vyose bifise intumbero y'ugutuma abanyagihugu babaho neza kandi bagira amagara meza hagashobora kubamwo n'ibikorwa vyerekeye ukubigisha n'ukubakurikiranira hafi mu bijanye n'imibano kugira bashobore kwivuzwa mu buryo bubereye;
2. **uwategekanirijwe kazoza** ni umuntu wese yateganirijwe impanuka zo mu buzima, yaba uwukorera ku masezerano y'akazi aronka umushahara, uwukora akazi katangirwa umushahara, uwigenga, umunyeshure, uwimenyereza akazi canke uwiga umwuga;
3. **abafise uburenganzira ku birangurirwa uwategekanirijwe kazoza** ni abantu bemerewe kurangurirwa ibitegekanirijwe n'iri bwirizwa, na bo akaba ari : uwubakanye n'uwuzigenewe batahukanye, abana abeshejeho, abo akomokako ku rugero rwa mbere igihe ata we bubakanye canke ata bana afise;
4. **ukuziganya** ni uburyo umuntu akoresha mu gukura igice ku mafaranga yinjiza akayagenera impanuka zishobora gushika;
5. **abana umukozi abeshejeho** ni abana yavyaranye n'uwo babiranye biciye mu mategeko, abemejwe ko yavyaye canke bavyawe n'uwo bubakanye bidaciye mu mategeko, abo areze canke abarerano yavyaye canke ab'uwo bubakanye,

apprentissage ou s'il poursuit des études dans un établissement de plein exercice ou à condition qu'il ne soit pas dans un lien de mariage. Il n'y a pas de limite d'âge lorsque l'enfant, en raison de son état physique ou mental, est incapable d'exercer une activité professionnelle susceptible de lui apporter un revenu. L'état d'incapacité doit être prouvé par un certificat médical et se matérialiser par le fait de ne pas exercer dans un but lucratif une profession indépendante ; de ne pas être tenu dans les liens d'un mariage et de ne pas avoir été adopté par autrui ;

bakwije ibisabwa bikurikira: kuba badashikana imyaka 18; iyo myaka ishirwa ku myaka 21 iyo ari umwana yiga umwuga canke yiga mu mashure akora umwanya wose kandi akaba atarubaka urwiwe. Nta rugero rw'imyaka ruhaba mu gihe umwana, bivuye ku bumuga bw'umubiri canke bwo mu mutwe, adashobora kurangura igikorwa c'umwuga gishobora kumwinjiriza amafaranga. Ubwo bumuga butegerezwa kwemezwa n'urupapuro rwa muganga kandi bukerekana n'uko ata mwuga wigenga arangura mu ntumbero y'ukuronka inyungu z'amafaranga; kutaba yubatswe no kutaba yaravyawe n'uwundi muntu nk'umurerano;

6. **faute inexcusable**, une faute d'une gravité exceptionnelle, dérivant d'un acte ou d'une omission volontaire, de la conscience du danger que devait avoir son auteur, en l'absence de toute cause justificative et se distinguant par défaut d'un élément intentionnel de la faute intentionnelle ;
6. **ikosa ritababarirwa** ni ikosa rifise uburemere budasanzwe, riturutse ku gikorwa cakozwe canke caretse gukorwa nkana, uwagikoze yategerezwa kuba azi neza ingaruka mbi bitera, akaba ata mvo n'imwe yumvikana ashobora kubitangira kandi iryo kosa rikaba ritandukanywa n'ikosa rikorwa nkana n'uko ata cerekana ko ryakozwe nkana;
7. **garantie de l'Etat**, la responsabilité de l'Etat d'assurer que la prestation prévue par la loi d'un régime de protection sociale soit servie au prestataire même en cas de faillite du régime ;
7. **ubwishingizi bwa Reta** ni uruhara Reta igira rw'ukwitwararika ko uwufise uburenganzira ku birangurirwa uwategekanirijwe bitegekanijwe n'ibwirizwa rigenga igisata c'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu abirangurirwa no mu gihe ico gisata coba cahomvye;
8. **incapacité**, une réduction temporaire ou permanente de certaines facultés ou fonctions physiques ou mentales chez une personne ;
8. **ugutakaza ubushobozi** ni igabanuka ry'igihe gito canke ry'ubutakivayo ry'ubushobozi bw'ibihimba bimwebimwe vy'umubiri canke ibijanye n'ubwenge bw'umuntu;
9. **invalidité**, une réduction partielle ou totale des capacités physiques ou mentales de l'assuré ;
9. **ubumuga** ni igabanuka ry'igice c'ubushobozi canke ubushobozi bwose bw'umubiri canke mu vyerekeye ubwenge bw'uwategekanirijwe kazoza;

- 10. membres de la famille**, les personnes vivant principalement à charge de l'assuré. Il s'agit du conjoint non divorcé et des enfants à charge du travailleur ;
- 10. abagize umuryango** ni abantu babayeho ahanini babeshejweho n'uwategekanirijwe kazoza. Abo na bo ni uwo bubakanye batarahukana hamwe n'abana babeshejweho n'uwategekanirijwe kazoza;
- 11. protection sociale**, un ensemble de mesures publiques ou privées visant à réduire la pauvreté et les vulnérabilités économiques et sociales. Il concourt à assurer à la population une sécurité minimale de revenus, à faciliter l'accès aux services sociaux de base et à aider les ménages à mieux gérer les risques auxquels ils sont confrontés ;
- 11. ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu** ni ingingo zose za Reta canke z'abikorera utwabo zifise intumbero y'ukugabanya ubukene n'ukuburanirwa mu vy'ubutunzi n'ibijanye n'imibano. Ivyo bituma abanyagihugu baronka n'imiburiburi uburyo bwa nkenerwa bw'ukwibeshaho, boroherezwa mu kurangurirwa ivya nkenerwa mu buzima n'ugufasha ingo guhangana neza kuruta n'impanuka zishobora kuzishikira ;
- 12. secteurs d'activité économique**, l'ensemble d'activités assumées par des personnes physiques ou morales de droit public ou privé, rural ou urbain afin de satisfaire leurs besoins grâce à la production de biens ou de services ;
- 12. ibisata vy'ibikorwa vyerekeye ubutunzi** ni ibikorwa vyose birangurwa n'abantu, amashirahamwe ya Reta canke y'abikorera utwabo, akorera ahatari mu bisagara canke mu bisagara mu ntumbero y'uko baronka ivyo bakenera biciye mu kugwiza umwimbu canke ubuzi burangurirwa abandi;
- 13. subrogation**, un mode de transmission des créances. C'est une opération juridique triangulaire. Le titulaire d'un droit de créance, appelé le subrogeant, transmet au bénéficiaire de la subrogation, appelé le subrogataire, la créance que le premier détient sur un tiers qui est son propre débiteur, dit le subrogé. Elle peut être fondée sur une disposition légale (subrogation légale) ou sur un contrat (subrogation conventionnelle) ;
- 13. ugusubirira uwundi mu burenganzira** ni uburyo bw'uguhanahana imyenda. Ni igikorwa kijanye n'amategeko kirimwo abantu batatu. Uwufise uburenganzira ku mwenda, yitwa uwusubirirwa kuri ubwo burenganzira, ashikiriza uwuhabwa ubwo burenganzira asanzwe aheraniye, yitwa uwusubirira mu burenganzira uwumuheraniye afitiwe umwenda n'uwundi muntu yitwa uwubazwa uburenganzira bw'uwo aheraniye. Bishobora kuba bishingiye ku ngingo y'amategeko (ugusubirira uwundi biciye mu mategeko) canke ku masezerano (ugusubirira uwundi biciye mu masezerano);
- 14. travailleur**, toute personne physique, quels que soient son âge, son sexe et sa
- 14. Umukozi** ni umuntu wese, hatarabwe imyaka afise, igitsina ciwe n'ubwenegihugu



nationalité, qui s'est engagée auprès d'un employeur, dans les lieux d'un contrat de travail ;

15. **travailleurs domestiques**, un personnel astreint aux travaux domestiques et assimilés.

bwiwe, yagiraniye n'umukoresha wiwe amasezerano y'akazi;

15. **Abakozi bo mu ngo** ni abakozi bajewe ibikorwa vyo mu ngo canke abafatwa nka bo.

## SECTION 2 : Des concepts spécifiques à la protection sociale contributive

### Article 9 :

Au sens de la présente loi, les concepts spécifiques à la protection sociale contributive suivants sont définis comme suit :

1. **affiliation**, le lien qui existe entre l'assuré social et un organisme de sécurité sociale qui est susceptible de lui verser des prestations ;

2. **allocation**, une prestation en espèces attribuée par un organisme pour des raisons sociales;

3. **apprenti**, toute personne, sans distinction de sexe, admise dans une entreprise, un établissement, chez un artisan ou façonnier, dans le but d'acquérir des connaissances professionnelles, théoriques et pratiques lui permettant d'entrer dans la vie active ;

4. **assujettissement**, le fait pour une personne d'entrer dans le champ d'application d'un régime de sécurité sociale, en raison de sa situation professionnelle ou familiale ;

5. **assurance privée**, un système de protection sociale géré par des acteurs non étatiques, fonctionnant sur une base

## AGACE KA 2: Amajambo akoreshwa mu bijanye n'ugutegekaniriza kazoza umuntu atanze intererano

### Ingingo ya 9:

Muri iri bwirizwa, amajambo akurikira akoreshwa mu bijanye n'ugutegekaniriza kazoza umuntu atanze intererano asigura uku:

1. **ubunywanyi** ni imigenderanire iri hagati y'uwategekanirijwe kazoza n'ishirahamwe ry'ugutegekaniriza kazoza rishobora kumurangurira ivyo yategekanirijwe;

2. **amafaranga atangwa ingunga imwe** ni amafaranga ishira hamwe riha uwo ryategekanirije kubera ivyamushikiye;

3. **uwiga umwuga** ni umuntu wese, hatarabwwe igitsina, yiga umwuga mw'ishirahamwe, mu kigo, ku munyamyuga, mu ntumbero y'ukuronka ubumenyi bujanye n'umwuga, mu nyigisho z'ubwenge no mu buryo bw'ugukora, bukamushoboza kuja kuvyikorera mu buzima;

4. **ugutegekanirizwa kazoza** bivuga ko umuntu agengwa n'amategeko ategekaniriza kazoza, hisunzwe akazi akora canke ico ari mu muryango;

5. **ugutegekaniriza kazoza bigirwa n'abikorera utwabo** ni uburyo bw'ugutegekaniriza kazoza; bigirwa

- lucrative, en vue de la couverture d'un risque social ;
- n'amashirahamwe atari aya Reta, akora arondera inyungu z'amafaranga, mu ntumbero y'ugutekaniriza impanuka zishobora gushikira umuntu;
- 6.chômage**, une perte involontaire et prolongée d'un emploi rémunéré ;
- 6. ugutakaza akazi** ni ukuba umukozi atagikora akazi gatanga umushahara atavyishakiye kandi bikamara ikiringo kirekire;
- 7.confédération**, un regroupement de fédérations de mutuelles sociales ayant une identité d'objet sur une base géographique ou professionnelle ;
- 7. urunani rw'amafederasiyo** ni amafederasiyo y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza aja hamwe asangiye intumbero akaba ahujwe n'uko aba ari mu karere kamwe canke akora bimwe;
- 8.consolidation**, la stabilisation de la lésion corporelle résultant d'un accident du travail ; la consolidation marque la fin du versement des indemnités journalières et le point de départ de la rente d'incapacité ;
- 8. urugero ntarengwa rw'ugukira ku washikiwe n'isanganya** ni aho umubiri utarenga mu gukira icatewe n'isanganya ry'akazi; ico gihe ni ho hahagarikwa inshumbusho zo ku musu ku musu kandi akaba ari ho hatangurira kuja haratangwa umukando ufatiye ku gutakaza ubushobozi;
- 9.cotisation sociale**, une contribution financière obligatoire ou volontaire d'un affilié destinée au financement d'un régime de protection sociale ;
- 9. intererano y'ugutegekaniriza kazoza** ni intererano y'amafaranga itegerejwe canke itangwa ku gushaka kw'umunywanyi, ikaba ishira mu kigega c'igisata gitegekaniriza kazoza abanywanyi;
- 10.fédération**, un regroupement d'unions de mutuelles sociales ayant une identité d'objet sur une base géographique ou professionnelle ;
- 10. ifederasiyo** ni urunani rw'amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza aja hamwe asangiye intumbero akaba ahujwe n'uko aba ari mu karere kamwe canke akora bimwe;
- 11. immatriculation**, l'opération administrative qui constate la qualité d'assuré social par l'attribution d'un numéro d'identification
- 11. ugutanga inomeru** ni igikorwa c'abajwe intwari y'ishirahamwe cemeza ko umuntu yategekanirijwe kazoza mu kumuha inomeru imuranga;
- 12. maladie à caractère professionnel**, toute maladie caractérisée, non désignée
- 12. indwara ifatwa nk'iyituruka ku kazi** ni indwara yose itomorwa, itari ku rutonde

dans un tableau de maladie professionnelle lorsqu'il est établi, par le médecin conseil, le médecin traitant et les experts désignés, qu'elle est essentiellement et directement causée par le travail habituel de la victime ;

rw'indwara zituruka ku kazi, mu gihe iba yemejwe n'umuganga muhanuzi, umuganga asanzwe avura umukozi hamwe n'abaganga b'abahinga bagenwa, ko ivuye ahanini kandi itewe n'akazi uwuyirwaye asanzwe akora;

**13. maladie professionnelle**, toute maladie contractée du fait du travail figurant dans un tableau établi à cet effet ;

**13. indwara ituruka ku kazi** ni indwara yose ifata umuntu kubera akazi akora iri ku rutonde rw'indwara zituruka ku kazi rwashinzwe kugira hatomorwe indwara zituruka ku kazi;

**14. médecin conseil**, un médecin ou groupe de médecins habilités par l'organisme de gestion d'un régime de protection sociale pour agir en son nom en matière médicale;

**14. umuganga muhanuzi** ni umuganga canke umugwi w'abaganga bahawe n'ishirahamwe rijejwe gutunganya igisata c'ugutegekaniriza kazoza ububasha bw'ugukora kw'izina ryaryo ibijanye n'ubuvuzi;

**15. mois d'assurance**, tout mois au cours duquel l'assuré social a occupé pendant quinze jours au moins, un emploi assujetti à l'assurance ;

**15. ukwezi umukozi ategekanirizwamwo kazoza** ni ukwezi kwose uwutegekanirizwa kazoza aba yakozemwo n'imiburiburi imisi icumi n'itanu akazi abagakora bategerezwa gutegekanirizwa kazoza;

**16. mutuelle sociale**, un groupement de personnes physiques qui, au moyen de leurs cotisations et dans un but de protection sociale, d'entraide, de prévoyance, d'assistance mutuelle et de solidarité, a pour but d'assurer des prestations dans le sens du présent Code;

**16. ishira hamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza** ni umugwi w'abantu baja hamwe, biciye mu ntererano zabo mu ntumbero y'ugutegekaniriza kazoza, gufashanya, guteganya, gushigikirana n'ukwunganirana, mu ntumbero yo kurangurira abanywanyi ivyo bategekanirijwe hisunzwe iki Gitabu c'amategeko;

**17. organisme de sécurité sociale**, une structure créée par la loi ou par une Convention des parties pour administrer un régime de sécurité sociale ;

**17. ishira hamwe ritegekaniriza kazoza** ni ishira hamwe rishingwa n'ibwirizwa canke n'amasezerano agirwa hagati y'abarigize kugira ritunganye igisata c'ugutegekaniriza kazoza;

**18. pension de base ou complémentaire**, une somme versée à un individu par un organisme de manière régulière ou sous forme d'un capital à titre d'un revenu de

**18. ipansiyo nyamukuru canke iyunganira** ni amafaranga ishira hamwe rija riraha umuntu canke rikayamuha mu ngunga imwe nk'umutahe usubirira ayo yahora

remplacement ;

aronka;

19. **plafond**, un revenu maximum à prendre en compte pour le calcul des cotisations et prestations des assurés ;
19. **urugero rwo hejuru ntarengwa** ni igitigiri co hejuru ntarengwa c'amafaranga gifatirwako mu guharura amafaranga y'intererano abategekanirizwa kazoza batanga n' ayo bategekanirizwa guhabwa;
20. **plancher**, revenu minimum à prendre en compte pour le calcul des cotisations et des prestations des assurés ;
20. **urugero rwo hasi ntarengwa** ni igitigiri gitoyi ntarengwa c'amafaranga gifatirwako mu guharura intererano abategekanirizwa kazoza batanga n'ivyo bategekanirizwa guhabwa;
21. **prestations**, les services fournis dans le cadre de la protection sociale tels les pensions, les rentes, les allocations en nature ou en espèces, les soins et services médicaux fournis y compris le remboursement des frais déboursés en faveur d'une personne protégée ;
21. **ibirangurirwa abategekanirijwe** ni ivyo vyose bikorerwa abategekanirijwe kazoza nk'amapansiyo aja arahabwa abakukurutse, imikando, ibintu canke amafaranga, ukuvurwa n'ibindi bikorwa vyo kwa muganga bigirirwa uwategekanirijwe kazoza, harimwo n'ukumusubiza amafaranga yakoresheje mu kwivuzza;
22. **protection sociale contributive**, un dispositif de protection sociale prévoyant l'offre de prestations de protection sociale à une personne, conditionnée par une cotisation préalable au cours de sa vie active ;
22. **ugutegekaniriza kazoza umuntu atanze intererano** ni uburyo bw'ugutegekaniriza kazoza butegekanya kurangurira umuntu ivyo yategekanirije, ari uko aba yatanze intererano agikora;
23. **régime complémentaire**, un ensemble des droits et obligations complémentaires permettant aux membres adhérents, régis par le droit commun, de se constituer un complément de prestations personnalisées ;
23. **uburyo bw'ugutegekaniriza kazoza bwunganira nyamukuru** ni uburenganzira n'ivyo umuntu ategerejwe vyose vyiyongera bituma abanywanyi basanzwe bagengwa n'amategeko rusangi bashobora kwitegekaniriza bo nyene ibindi vyiyongera ku vyo basanzwe bategekanirizwa;
24. **régime de sécurité sociale**, l'ensemble de dispositions fixant les droits et les obligations d'une catégorie de personnes au regard de la sécurité sociale et selon la nature de leur activité professionnelle ;
24. **amategeko agenga ugutegekaniriza kazoza** ni ingingo zose zishinga uburenganzira n'ibitegerejwe ku mugwi w'abantu mu vyerekeye ugutegekaniriza kazoza kandi hisunzwe ubwoko bw'akazi basanzwe bakora;

25. **risque social**, tout événement inhérent à la vie en société qui entraîne, pour celui qui le subit, une baisse de ses revenus tels la maladie, le chômage, la vieillesse, l'accident du travail, les maladies professionnelles, l'invalidité et le décès ;
25. **impanuka iteganirizwa** ni ico cose gishobora gushika mu buzima gituma haba, ku wo gishitseko, igabanuka ry'ivyo yahora yinjiza, ico na co kigashobora kuba indwara, ugutakaza akazi, ubusaza, isanganya riturutse ku kazi, indwara zituruka ku kazi, ubumuga n'urupfu ;
26. **structure faitière**, une structure regroupant plusieurs mutuelles sociales ou plusieurs regroupements de mutuelles sociales ;
26. **urunani rw'amashirahamwe** ni ihuriro ry'amashirahamwe menshi y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke ry'imigwi myinshi y'amashirahamwe nk'ayo;
27. **ticket modérateur**, la participation proportionnelle ou forfaitaire laissée à la charge de l'assuré dans le coût des prestations de l'assurance maladie-maternité-indemnisation des soins ;
27. **amafaranga uwategekanirijwe asabwa kwirihira mu kwivuzza** ni amafaranga uwategekanirijwe atanga ku rugero kanaka canke ashingwa ic'amaso mu kuriha ivyo arangurirwa bijanye n'ukwivuzza, ukwibaruka no mu kumusubiza amafaranga yakoresheje mu kwivuzza ;
28. **tiers-garant**, le système d'octroi des prestations de l'assurance maladie-maternité où l'assuré est obligé d'avancer les frais au fournisseur des prestations pour se faire rembourser ensuite par son organisme, après déduction du ticket modérateur ;
28. **ukuriha mu gishingo c'ishirahamwe bigirwa n'uwategekanirijwe** ni uburyo bw'ukurangurira uwategekanirijwe ivyo yategekanirijwe bijanye n'indwara, ukwibaruka aho uwategekanirijwe ategerezwa kuba arariha ivyo arangurirwa n'uwumuvura, mu nyuma agasaba ishishamwe rimutegekaniriza kumusubiza amafaranga yarishe hakuwemwo ayo asabwa kwirihira;
29. **tiers-payant**, le système d'octroi des prestations de l'assurance maladie-maternité où l'assuré paie uniquement le ticket modérateur au fournisseur des prestations, ce dernier se faisant rembourser le solde auprès de l'organisme gestionnaire du régime de sécurité sociale ;
29. **ukuriha mu gishingo c'ishirahamwe bigirwa n'uwurangurira ibikorwa uwategekanirijwe** ni uburyo bw'ukurangurira uwategekanirijwe ivyo yategekanirijwe bijanye n'indwara, ukwibaruka aho uwategekanirijwe kazoza ariha gusa amafaranga asabwa kwirihira ku wamuranguriye ivyo bikorwa, uwo na we akuyishuriza ayasigaye ishishamwe rijewe gutegekaniriza kazoza uwaranguriwe ivyo bikorwa;

30. **tiers-responsable**, toute personne qui n'est liée par aucun rapport de subordination avec l'employeur de la victime au moment de l'accident ;
30. **uwundi abazwa ivy'isanganya** ni umuntu wese, mu gihe c'isanganya, atari mu bakoresha n'umukoresha w'uwagize isanganya afise ico abazwa kuri iryo sanganya;
31. **travailleur étranger**, tout travailleur n'ayant ni la nationalité burundaise ni la qualité de citoyen d'un Etat membre de la Communauté Est Africaine ;
31. **umukozi w'umunyamahanga** ni umukozi uwo ari we wese adafise, bwaba ubwenegihugu bw'Uburundi canke ngo abe umwenegihugu w'igihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'Ibihugu vya Afirika yo mu Buseruko ;
32. **travailleur indépendant**, un travailleur autonome qui est propriétaire et est son propre employé ;
32. **umukozi yigenga** ni umukozi yitunganiriza utwiwe kandi akaba ari we yikoresha;
33. **travailleur mobile**, un travailleur qui n'a pas d'installation fixe, ayant un lien de subordination et qui va d'un secteur de travail à un autre ;
33. **umukozi aja arahindura ikibanza akoreramwo canke akazi** ni umukozi atagira aho atsimbataye, akora ivyo ategetswe n'uwumukoresha kandi aja arava mu gisata kinaka c'akazi aja mu kindi ;
34. **union de mutuelles sociales**, un regroupement de mutuelles sociales ayant une unité d'objet sur une base géographique ou professionnelle.
34. **ihuriro ry'amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza** ni umugwi w'amashirahamwe afise intumbero y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza asangiye intumbero ishingiye ku karere akoreramwo canke ku vyo arangura.

### SECTION 3 : Des concepts spécifiques à la protection sociale non contributive

### AGACE KA 3: Amajambo akoreshwa mu bijanye n'ugutegekaniriza kazoza ata ntererano umuntu atanze

#### Article 10 :

Les concepts spécifiques à la protection sociale non contributive sont définis comme suit :

#### Ingingo ya 10 :

Amajambo akurikira akoreshwa mu bijanye n'ugutegekaniriza kazoza ata ntererano umuntu atanze asigura uku:

1. **bénéficiaire**, une personne ou un ménage recevant une prestation sociale ;
1. **uwuronswa imfashanyo** ni umuntu canke urugo ruhabwa imfashanyo;
2. **ciblage**, le processus de définir, identifier et atteindre les bénéficiaires visés par un
2. **ugutora abaronswa imfashanyo** ni uburyo bwo gutomora, gutorokanya no

programme d'assistance sociale ;

gushikira abaronswa imfashanyo  
berekewe n'umugambi w'ugufasha  
abagize ingorane;

3. **demandeur**, une personne qui demande une assistance sociale pour elle-même ou pour une autre personne dans le respect de la loi ;
3. **uwusaba gufashwa** ni umuntu asaba imfashanyo we nyene ubwiwe canke akayisabira uwundi muntu hubahirijwe amategeko ;
4. **protection sociale non contributive**, dispositif de protection sociale prévoyant l'offre de prestations de protection sociale à une personne, non conditionnée par une cotisation préalable. Les mécanismes de protection sociale non contributive sont notamment l'aide sociale ou l'assistance sociale, les transferts sociaux, les filets sociaux de sécurité ;
4. **ugutegekaniriza kazoza umuntu ata ntererano atanze** ni uburyo bw'ugutegekaniriza kazoza buteganyako umuntu aronswa imfashanyo ata ntererano yabanje gutanga. Uburyo bw'ugutegekaniriza kazoza umuntu ata ntererano abanje gutanga ni nk'ugufasha abatishoboye, ukubashigikira mu kubaha amafaranga canke ibintu kugira bisununure, imigambi y'ukuzamura abatishoboye;
5. **registre social commun** ou **registre commun** ou **registre social unique** ou **registre social unifié**, un registre, alimenté par le système de ciblage qui permet l'enregistrement en un seul endroit des caractéristiques de tous les ménages visés par des programmes d'assistance sociale ;
5. **itororokanirizo rusangi ry'abanyagihugu bafashwa canke itororokanirizo rimwe rudende ry'abanyagihugu bafashwa** ni urutonde rw'abatorwa kugira bahabwe imfashanyo bigafasha mu kwandika mu kibanza kimwe gusa ibiranga ingo zose zerekewe n'imigambi y'ugufasha abatishoboye.
6. **vulnérabilité**, la probabilité de tomber dans la privation à la suite d'un choc naturel ou social.
6. **ukuba umuntu atishoboye** ni ukuba umuntu ashobora kubura ivyankenerwa vy'ukwibeshaho biturutse ku ngorane yavukanye canke ku vyamushikiye mu buzima.



**CHAPITRE IV: DU CADRE INSTITUTIONNEL, DE LA GOUVERNANCE ET DU FINANCEMENT DE LA PROTECTION SOCIALE**

**IGICE CA IV: IVYEREKEYE INZEGO, INTWARO N'AHAVA UBURYO BW'UGUKINGIRA N'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA ABANYAGIHUGU**

**SECTION 1 : Du cadre institutionnel de la protection sociale**

**AGACE KA 1: Ibijanye n'inzego zijewe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza**

**Article 11 :**

La définition et la mise en œuvre de la politique nationale de protection sociale sont de la compétence de l'Etat.

**Ingingo ya 11 :**

Reta ni yo ifise ububasha bw'ugutomora n'ugushira mu ngiro poritike y'igihugu yerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

**Article 12 :**

L'Etat met en place un organe national chargé de coordonner la mise en œuvre de la Politique Nationale de Protection Sociale.

**Ingingo ya 12 :**

Reta irashiraho urwego rw'igihugu rujejwe gukurikiranira hafi ishirwa mu ngiro rya Poritike y'igihugu yerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

**Article 13 :**

Il est créé une autorité de régulation des programmes et des systèmes de protection sociale.

**Ingingo ya 13 :**

Harashinzwe urwego rujejwe ugucungera imigambi n'ibisata bijewe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

Les missions, l'organisation et le fonctionnement de l'autorité de régulation sont déterminés par décret.

Imirimo urwego rushinzwe, ingene rutunganijwe n'ingene rukora bitomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

**SECTION 2 : De la gouvernance de la protection sociale**

**AGACE KA 2: Itunganywa ry'intwara mu bijanye n'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu**

**Article 14 :**

Pour assurer sa mission de contrôle et de régulation des programmes et des organismes de protection sociale, l'Autorité de régulation met en place en son sein, des services chargés d'élaborer des normes pertinentes pour la bonne gouvernance.

**Ingingo ya 14 :**

Kugira rurangure neza umurimo rushinzwe w'ugusuzuma n'ugucungera imigambi n'amashirahamwe y'ugutegekaniriza kazoza, Urwego rujejwe ugucungera imigambi n'ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu rurashiraho ibisata bijewe gutegura amategeko avyerekeye ajanye n'itunganywa ry'intwara ibereye.

**Article 15 :**

Pour veiller à la mise en application des lois, des règlements et des directives de l'organe national de protection sociale, et dans le but de protéger les intérêts des assurés sociaux, toutes les décisions des conseils d'administration des organismes de protection sociale sont envoyés à l'autorité de régulation pour donner un avis à transmettre au Ministre de Tutelle.

**Article 16 :**

Sur proposition du Ministre ayant la protection sociale dans ses attributions, les organismes de protection sociale se mettent ensemble en concertation avec l'autorité de régulation pour analyser les modalités de mise en commun de certains services notamment le service juridique, statistiques, informatiques, actuariat, recouvrement.

**Article 17:**

Il est institué un registre social unique destiné à l'identification et à la gestion des bénéficiaires des programmes de protection sociale.

Un texte réglementaire précise les modalités de fonctionnement et de gestion du registre social unique.

**Ingingo ya 15 :**

Kugira hashirwe mu ngiro amabwirizwa, amategeko n'intumbero vy'Urwego rw'igihugu rujejwe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu no mu ntumbero yo gukingira inyungu z'abategekanirizwa, ingingo zose zifatwa n'inzego nshingwantwara z'amashirahamwe y'ugutegekaniriza kazoza zirungikirwa Urwego rujejwe ugucungera imigambi n'ibisata bijejwe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu kugira rugire ico rubivuzeko bigashikirizwa Umushikirananganji urwo rwego rukukira.

**Ingingo ya 16 :**

Bishikirijwe n'Umushikirananganji ajejwe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu, amashirahamwe y'ugutegekaniriza kazoza araja hamwe avyumvikanye n'Urwego rujejwe ugucungera imigambi n'ibisata bijejwe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu kugira yihweze ingene yoshira hamwe ibisata bimwebimwe nk'igisata cerekeye ivy'amategeko, icerekeye ugutororokanya ibiharuro bifatirwako mu gushinga imigambi, icerekeye ubuhinga bwa none bw'ugukoresha imashini nyabwonko, icerekeye ubuhinga bw'ukwiga ubuzima na kazoza vy'amashirahamwe, icerekeye ukwishuza amafaranga y'amashirahamwe.

**Ingingo ya 17 :**

Harashizweho itororokanirizo rimwe rudende rigenewe gutororokanirizwamwo abafashwa n'imigambi y'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu n'ukubakurikirana.

Itegeko riratomora ingene itororokanirizo rimwe rudende ryandikwamwo abafashwa rikoresha n'ingene ritunganywa.

### SECTION 3 : Du financement de la protection sociale

#### Article 18 :

Le financement de la protection sociale contributive est assuré par des cotisations sociales, des contributions de l'Etat et d'autres sources de financement.

#### Article 19 :

Le financement de la protection sociale non contributive est assuré par l'Etat à travers le Fonds d'appui à la protection sociale et toute autre source de financement dans le cadre de la coopération ou du partenariat.

#### Article 20 :

L'Etat assure la garantie des régimes de sécurité sociale.

### TITRE II : DE LA PROTECTION SOCIALE CONTRIBUTIVE

#### CHAPITRE I : DES DISPOSITIONS COMMUNES

#### Article 21 :

Sont assujettis à tout ou partie d'un ou des régimes de base ou à des régimes complémentaires et spéciaux :

1. les membres des professions libérales et des œuvres à caractère philanthropiques ou religieux ;
2. les élèves des établissements d'enseignement technique professionnel et artisanal, les personnes placées dans

### AGACE KA 3: Ahava uburyo bw'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu

#### Ingingo ya 18 :

Uburyo bw'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza umuntu atanze intererano buva mu ntererano z'abanywanyi, imfashanyo za Reta hamwe n'ubuva ahandi.

#### Ingingo ya 19 :

Uburyo bw'ugutegekaniriza kazoza ata ntererano umuntu atanze butangwa na Reta biciye mu Kigega c'ugushigikira poritike y'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu n'ahandi hose hashobora kuva uburyo mu bijanye n'ugufashanya canke n'ugukorana n'abafashanya na Reta.

#### Ingingo ya 20 :

Reta ni yo yishinga ibisata bitegekaniriza kazoza.

### IKIGABANE CA II: IVYEREKEYE UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA UMUNTU ATANZE INTERERANO

#### IGICE CA I: INGINGO RUSANGI

#### Ingingo ya 21 :

Abategerezwa gutegekaniriza kazoza muri vyose canke bimwebimwe mu bisata nyamukuru vy'ugutegekaniriza kazoza canke mu bisata vyunganira hamwe n'ivy'ugutegekaniriza imigwi imwimwe ni aba bakurikira:

1. abakora ku giti cabo bubahiriza amategeko y'umwuga n'abakora ibikorwa vy'ugufasha abantu canke ibijanye n'amashengero n'amadini;
2. abanyeshure bo mu mashure y'ubuhinga n'ay'imyuga, abantu bashizwe mu bigo bitanga inyigisho,

- |   |   |
|---|---|
| les centres de formation, de réadaptation et de rééducation professionnelle ;   | ivy'ukugorora abamugaye<br>n'ivyukubigisha iyindi myuga<br>boshobora;                                   |
| 3. les étudiants de l'enseignement supérieur ainsi que les élèves de l'enseignement fondamental et post-fondamental ; | 3. abanyeshure bo muri kaminuza hamwe n'abo mu mashure shingiro n'ab'inyuma y'amashure shingiro;        |
| 4. Les bénéficiaires des pensions et rentes ;   | 4. abaronswa amapansiyo n'imikando;   |
| 5. Les agriculteurs, éleveurs, pêcheurs ;   | 5. abarimyi, aborozi, abarovy ;   |
| 6. Les artisans et les commerçants ;  | 6. abanyamyuga n'abadandaza ;   |
| 7. Les travailleurs du secteur rural et urbain ;  | 7. abakora ubuzi bw'ahatari mu bisagara n'abakora ubwo mu bisagara ;                                    |
| 8. Les ayants-droit des personnes visées aux points 1 à 7.  | 8. abafise uburenganzira ku birangurirwa uwategekanirijwe bavugwa kuva ku karongo ka 1 gushika ku ka 7. |

Les modalités particulières d'application des dispositions du présent Code relatives aux personnes visées à l'alinéa premier sont déterminées par la loi.

Ibikurikizwa bijanye n'ishirwa mu ngiro ry'ibitegekanirijwe muri iki Gitabu c'amategeko vyerekeye abantu bavugwa mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo bishingwa n'ibwirizwa.

## CHAPITRE II : DES REGIMES DE BASE

## IGICE CA II : IVYEREKEYE IBISATA NYAMUKURU VY'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA

### SECTION 1 : Des dispositions communes aux régimes de base

### AGACE KA 1: Ingingo rusangi zerekeye ibisata nyamukuru vy'ugutegekaniriza kazoza

#### Article 22:

Les régimes de base comprennent :

#### Ingingo ya 22 :

Ibisata nyamukuru vy'ugutegekaniriza kazoza ni ibi bikurikira:

- |   |  |
|---|--|
| 1. le régime d'assurance maladie de base chargé du service des prestations de soins médicaux et des indemnités de maladie ; | 1. igisata c'ugutegekaniriza ivyerekeye indwara kikaba kijejwe ibikorwa vy'ukuvuza abategekanirijwe kazoza n'ugutanga inshumbusho zijanye n'indwara; |
|---|--|

- |  |   |
|--|---|
| 2. le régime des risques professionnels assurant le service des prestations en cas d'accident du travail ou de maladie professionnelle ; | 2. igisata c'ivyerekeye impanuka zituruka ku kazi, kijejwe gutunganiriza uwategekanirijwe igihe agize isanganya riturutse ku kazi canke afashwe n'indwara iturutse ku mwuga akora ; |
| 3. le régime des pensions assurant le service des prestations de vieillesse, d'invalidité et le service des prestations aux survivants ; | 3. igisata c'ivyerekeye amapansiyo kijejwe kurangurira ivyategekanirijwe abasaza, abamugaye hamwe n'ibikorera abasigwa b'uwategekanirijwe kazoza;                                   |
| 4. le régime des prestations familiales assurant le service des prestations familiales et des indemnités de maternité ;                  | 4. igisata c'ivyerekeye ibirangurirwa umuryango kijejwe kurangura ivyategekanirijwe umuryango no gutanga inshumbusho zijanye n'ukwibaruka;  |
| 5. le régime d'assurance chômage assurant des prestations en cas de perte d'emploi.  | 5. igisata c'ivyerekeye ugutegekaniriza ugutakaza akazi kijejwe guha inshumbusho uwategekanirijwe kazoza igihe atakaje akazi.   |

**Article 23:**

Les régimes de base ont pour le champ d'application ci-après :

1. tous les travailleurs salariés soumis aux dispositions du Code du Travail ;
2. les mandataires publics et politiques ;
3. les membres des corps de défense et de sécurité ;
4. les fonctionnaires, les magistrats et les agents de l'ordre judiciaire ;
5. les membres des professions indépendantes et libérales ;
6. les opérateurs économiques du secteur

**Ingingo ya 23 :**

Ibisata nyamukuru vy'ugutegekaniriza kazoza vyerekeye aba bakurikira :

1. abakozi bose bakorera ku masezerano y'akazi baronka umushahara bagengwa n'ingingo zitegekanijwe n'igitabu c'amategeko agenga akazi ;
2. abakozi bakuru Reta yajeje amabanga atandukanye n'abo yajeje ivyerekeye poritike mu kiringo kizwi;
3. abari mu rwego rw'ukwivuna abansi hamwe n'urw'umutekano ;
4. abakozi ba Reta, abacamanza n'abakora mu rwego rw'ubucamanza atari abacamanza;
5. abakora imyuga bigenga n'abakora ku giti cabo bafise amategeko agenga umwuga wabo;
6. abagwizatunga ata mategeko abagenga




- |  |   |
|--|---|
| informel ;   | ahari ;   |
| 7. les apprentis liés par un contrat d'apprentissage ;   | 7. abiga umwuga bagengwa n'amasezerano y'ukwiga umwuga ;  |
| 8. les stagiaires liés ou non par un contrat de travail, employés dans une entreprise ou détachés dans une école professionnelle ;   | 8. abimenyereza akazi bagengwa canke batagengwa n'amasezerano y'akazi, bakoreshwa mw'ishirahamwe canke barungitswe gukorera mw'ishure ry'imyuga ;   |
| 9. les travailleurs burundais ou ressortissants de la Communauté Est Africaine occupés par une entreprise située au Burundi et qui sont détachés sur le territoire d'un autre pays afin d'y effectuer un travail pour le compte de cette entreprise et à condition que la durée prévisible n'excède pas six mois ; | 9. abakozi b'abarundi canke abava mu bihugu vyo mw'ishirahamwe rya Afirika yo mu Buseruko bakoreshwa n'ishirahamwe riri mu Burundi bakaba barungitswe mu kindi gihugu kugira barangurireyo igikorwa kw'izina ry'iryo shirahamwe kandi ari uko ikiringo gitegekanijwe ko bamarayo kitarenza amezi atandatu ; |
| 10. les travailleurs étrangers, employés occupés par une entreprise située à l'étranger et qui sont détachés sur le territoire du Burundi afin d'y effectuer un travail pour le compte de cette entreprise et à condition que la durée prévisible excède six mois ;  | 10. abakozi b'abanyamahanga basanzwe bakora mw'ishirahamwe riri mu kindi gihugu barungitswe mu Burundi kugira bakorere iryo shirahamwe kandi ari uko ikiringo gitegekanijwe kirenza amezi atandatu ;  |
| 11. les agents de la coopération bilatérale et multilatérale à l'exclusion de ceux qui effectuent au Burundi une mission temporaire inférieure à trois mois.   | 11. abakozi bakora mu bijanye n'ugufashanya hagati y'igihugu cabo n'Uburundi no hagati y'amashirahamwe mpuzamakungu n'Uburundi kiretse abarangurira mu Burundi umurimo w'igihe gito kidashikana amezi atatu.  |

Les dispositions des points 7, 9, 10 et 11 s'appliquent sous réserve des accords de réciprocité, des conventions internationales ratifiés par le Burundi ou des conventions particulières entre les organismes de sécurité sociale, à moins que ces instruments ne prévoient une protection inférieure à celle prévue par ces dispositions.

Ibitegekanijwe mu karongo ka 7, aka 9, aka 10 n'aka 11 bikurikizwa ari uko hari amasezerano yuko bigirwa ku Barundi bakorera muri ico gihugu, amasezerano mpuzamakungu yemejwe n'Uburundi canke amasezerano adasanzwe agirwa hagati y'amashirahamwe y'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu, kiretse mu gihe ayo masezerano ategukanywa ibiri muni y'ivyo bitegekanijwe.

**SECTION 2: Du régime d'assurance maladie**

**AGACE KA 2: Igisata c'uguteganziriza indwara**

**2.1. Risques couverts et prestations**

**2.1. Ibiteganzirizwa n'ibirangurirwa uwategekanzirijwe**

**Article 24 :**

Le régime d'assurance maladie prend à sa charge, tout état morbide dû à une maladie naturelle ou à un accident d'origine non professionnelle.

**Ingingo ya 24 :**

Igisata giteganziriza indwara citaho uwo wese arwaye biturutse ku ndwara isanzwe canke kw'isanganya ritavuye ku kazi.

**Article 25 :**

Les prestations comprennent les soins médicaux et les indemnités journalières de maladie en cas d'interruption de travail pour les travailleurs salariés, les frais de transport sur présentation des justificatifs médicaux.

**Ingingo ya 25 :**

Ivyo uwategekanzirijwe arangurirwa ni ukumuvuza n'ukumuha inshumbusho zo ku musu ku musu zijanye n'indwara mu gihe ahagaritse akazi ku bakazi baronka umushahara hamwe n'amafaranga y'ukwiyunguruza abanje kwerekana impapuro zo kwa muganga zivyemeza.

Les non-salariés ne bénéficient pas d'indemnités journalières de maladie, à moins que leur régime spécifique ne le prévoit.

Abadakorera umushahara ntibaronswa inshumbusho zo ku musu ku musu zijanye n'indwara kiretse iyo amategekoko y'ukubategekanziriza abaganga abitegekanya.

**Article 26 :**

Pour le régime d'assurance-maladie de base, les soins médicaux comprennent notamment les soins définis comme de base par le ministère de la santé publique.

**Ingingo ya 26 :**

Ku bijanye n'igisata nyamukuru c'ivyerekeye uguteganziriza indwara, ibikorwa bijanye n'ukuvura uwategekanzirijwe bigizwe canecane n'ibikorwa bijanye n'ukumuvura bitomorwa n'Ubushikiranganji bw'amagara y'abantu ko bidahara.

En cas d'état morbide, le paquet de base comprend notamment :

Mu gihe uwategekanzirijwe arwaye, ivyo arangurirwa bidahara bigizwe canecane n'ibi bikurikira :

- les consultations des médecins omnipraticiens ou généralistes ;
- les actes de chirurgie et de spécialité pratiqués par les médecins ;
- les examens, soins et actes de chirurgie dentaire ;

- ukubonana n'abaganga basanzwe;
- ibikorwa vy'ukubaga hamwe n'ibikorwa n'abaganga babinonosoye ;
- ibipimo vyo kwa muganga, ukuvura harimwo n'ibikorwa vy'ukuvura amenyo ;

- les actes utilisant les radiations ionisantes pratiquées par le médecin ou le chirurgien-dentiste, les actes de biologie médicale et de radiographie ;
- les actes pratiqués par les auxiliaires médicaux ;
- les actes pratiqués par l'infirmier ou l'infirmière ;
- les frais d'hospitalisation et de traitement ;
- les frais des accessoires et pansements et autres fournitures ;
- la fourniture de produits pharmaceutiques essentiels ;
- les frais d'appareils de prothèse et d'orthopédie, les prothèses dentaires ;
- la fourniture et le renouvellement des lunettes médicales ;
- les frais de transport, sur présentation des justificatifs.
- ibikorwa bijanye n'ugukoresha imishwarara bikorwa n'umuganga yavyigiye canke umuganga w'amenyo, ibikorwa vy'ugupima imigera n'ugukoresha iradiyo ;
- ibikorwa birangurwa n'abunganira abaganga ;
- ibikorwa birangurwa n'umuforoma canke umuforomakazi ;
- ukurihirwa amafaranga y'ibitaro canke ay'ukuvurwa;
- ukurihirwa amafaranga y'ibikoresho vy'ukuvura n'amapansuma n'ibindi bitangwa kwa muganga ;
- ukuronswa imiti ya nkenerwa;
- ukurihirwa amafaranga y'ibikoresho vy'ugusubiriza ibihimba vy'umubiri n'ivy'ukwunganira amagufa hamwe n'ivy'ugusubiriza amenyo;
- ukuronswa amarori n'ukuyahindura;
- ukuronswa amafaranga y'ukwiyunguruza herekanywe inzandiko zivyemeza.

La gamme des prestations peut être complétée par une ordonnance conjointe du Ministre en charge de la santé publique et du Ministre ayant la tutelle de l'organisme dans ses attributions.

Urutonde rw'ibirangurirwa abateganirije indwara rushobora kwongerwako ibindi biciye mw'itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranjanji ajejwe amagara y'abantu hamwe n'Umushikiranjanji ishirahamwe ritegekaniriza kazoza rikukira.

#### **Article 27 :**

En cas d'interruption de travail pour cause de maladie naturelle, d'accident d'origine non professionnelle dûment constatée par un médecin agréé par l'organisme, l'assuré a

#### **Ingingo ya 27:**

Mu gihe umukozi yateganirijwe kazoza ahagaritse akazi biturutse ku ndwara isanzwe, isanganya ridaturutse ku kazi akora bikemezwa mu buryo butegerejwe

droit à une indemnité journalière.

n'umuganga yemewe n'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza uwo mukozi, arafise uburenganzira bw'ukuronswa inshumbusho yo ku musi ku musi.

L'indemnité est accordée pendant la durée d'interruption de travail dont le maximum est fixé par le code du travail et n'est payable que si le salaire de l'assuré est suspendu.

Iyo nshumbusho itangwa mu kiringo umukozi yategekanirijwe kazoza amara ahagaritse akazi, ikiringo ntarengwa kikaba gishingwa n'Igitabu c'amategeko agenga akazi kandi iyo nshumbusho akayihabwa gusa igihe umushahara wiwe uba warahagaritswe.

Le montant de l'indemnité journalière est calculé sur base du salaire mensuel de l'assuré faisant l'objet d'assiette de cotisations sans qu'il ne puisse être inférieur à deux tiers.

Amafaranga y'inshumbusho yo ku musi ku musi aharurwa hafatiwe ku mushahara w'uwategekanirijwe wo ku kwezi ufatirwako mu guharura intererano ariko ntashobora kuja muni y'ivyuma bitatu bibiri vy'uwu mushahara.

## 2.2. Des conditions du service des prestations

## 2.2. Ibisabwa kugira uwategekanirijwe kazoza arangurirwe ivyo yategekanirijwe

### Article 28 :

Pour bénéficier des soins médicaux, l'assuré doit remplir les conditions suivantes :

1. être immatriculé à l'organisme et avoir la carte d'immatriculation ;
2. figurer sur la liste des assurés établie mensuellement par l'employeur et transmise à l'organisme.

### Ingingo ya 28:

Kugira uwategekanirijwe kazoza avurwe, ategerezwa kuba akwije ibisabwa bikurikira :

1. kuba afise inomero ndangamunyanyu mw'ishirahamwe rimutegekaniriza kazoza no kuba afise ikarata y'umunyanyu;
2. kuba ari ku rutonde rw'abategekanirizwa rutunganywa ku kwezi ku kwezi n'umukoresha akaba yararungikiye ishahamwe ritegekaniza kazoza uwo mukozi.

Si l'assuré ne se trouve pas sur la liste, il pourra établir par toute preuve à sa portée sa qualité d'assuré.

Iyo uwutegekanirizwa kazoza atari kuri urwo rutonde, ashobora kwerekana ko ari mu bategekanirizwa kazoza yishimikije ico cose yoba afise kivyemeza.

### Article 29 :

Pour bénéficier des soins médicaux, les ayants-droit doivent remplir l'une des conditions suivantes :

### Ingingo ya 29 :

Kugira abafise uburenganzira ku birangurirwa uwategekanirijwe kazoza bavurwe, bategerezwa kuba bakwije kimwe mu bisabwa bikurikira :

- |   |  |
|---|--|
| <p>1. être immatriculé à l'organisme et avoir la carte d'immatriculation en cas de décès de l'assuré ;</p> <p>2. figurer sur la liste des ayants-droit de l'assuré établie régulièrement par l'employeur, sur base d'un document de l'état-civil et transmise à l'organisme gestionnaire du régime.</p> | <p>1. kuba bafise inomero ndangamunyanyi mw'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza no kuba bafise ikarata y'umunyanyi mu gihe uwategekanirijwe yapfuye ;</p> <p>2. kuba bari ku rutonde rw'abafise uburenganzira ku birangurirwa uwategekanirijwe kazoza ruja rurutunganywa n'umukoresha, hafatiwe ku rwandiko ndangamuntu rukarungikirwa ishishirahamwe ryategekaniriza kazoza uwo mukozi.</p> |
|---|--|

**Article 30 :**

Les soins médicaux sont dispensés par le personnel médical et paramédical des formations sanitaires publiques, privées ou conventionnées par le Ministre ayant la santé publique dans ses attributions, dans la limite de leurs compétences respectives ;

**Article 31 :**

La fourniture des produits pharmaceutiques est assurée par les pharmacies publiques ou privées dans les conditions définies par les conventions conclues avec l'organisme gestionnaire du régime.

**Article 32 :**

Le personnel médical et paramédical dispose de la liberté de prescription des soins médicaux dans le strict respect de la déontologie médicale et du secret professionnel.

Toutefois, seuls les médicaments figurant sur la liste établie par une ordonnance conjointe des Ministres ayant respectivement la tutelle de l'organisme et la santé publique dans leurs attributions, sont pris en charge par l'organisme gestionnaire du régime.

Le ministère ayant le travail dans ses attributions est consulté lors de l'élaboration

**Ingingo ya 30:**

Ibijanye n'ukuvura bigirwa n'abaganga canke abunganira abaganga bo mu bitaro no mu mavuriro vya Reta, ivy'abikorera utwabo canke ivyagiraniye amasezerano n'Umushikiranjanji ajejwe amagara y'abantu, ku rugero rw'ivyo umwumwe wese afitiye ububasha.

**Ingingo ya 31:**

Imiti itangwa n'imangazini z'imiti za Reta canke iz'abikorera utwabo nk'uko bitomorwa mu masezerano yapfunditswe hagati y'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza n'izo mangazini.

**Ingingo ya 32 :**

Abaganga n'abunganira abaganga barafise uburenganzira bw'ukwandikira imiti abarwaye hubahirijwe amategeko agenga umwuga w'ubuganga n'ukugumya amabanga y'akazi.

Ariko, ishishirahamwe ritegekaniriza kazoza ririha gusa imiti iri ku rutonde rutunganywa biciye mw'itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranjanji iryo shishirahamwe rikukira hamwe n'Umushikiranjanji ajejwe amagara y'abantu.

Ubushikiranjanji bujejwe akazi buragishwa inama mu gihe c'ugutegura urwo rutonde

de la liste.

**Article 33 :**

L'organisme d'assurance-maladie de base ne prend en charge que les soins médicaux dispensés sur le territoire national.

Des régimes complémentaires peuvent être organisés en vue de prendre en charge les soins de santé dispensés localement et à l'étranger.

**Article 34 :**

Les soins médicaux pris en charge par le régime de base sont remboursés aux fournisseurs par l'organisme gestionnaire du régime sur base des tarifs fixés soit par convention, soit par une ordonnance conjointe des Ministres ayant la santé publique et la protection sociale dans leurs attributions.

**Article 35 :**

Selon le type de soins, le régime d'assurance-maladie de base met en place un ticket modérateur, représentant une fraction du coût réel de tous ou de certains des soins médicaux.

Le ticket modérateur est à la charge de l'assuré.

**Article 36 :**

Le droit aux soins médicaux est ouvert pour chaque cas de maladie et conservé dans les délais fixés par la loi.

**Article 37 :**

En cas de suspension du contrat par suite de maladie ou d'accident d'origine non professionnelle, l'assuré et ses ayants-droit conservent le droit aux soins médicaux dans

rw'imiti.

**Ingingo ya 33 :**

Ishirahamwe ritunganya igisata nyamukuru c'ivyerekeye uguteganzira indwara ryishinga gusa abivuriye ku gataka k'Uburundi.

Ibisata vy'uguteganzira indwara vyunganira ibisata nyamukuru birashobora gutunganywa mu ntumbero yo kuvuza abanywanyi haba mu Burundi canke mu mahanga.

**Ingingo ya 34 :**

Abaranguriye uwategekanirijwe ibikorwa bijanye n'ukuvura bitegekanywa n'igisata nyamukuru giteganzira indwara barihwa n'ishirahamwe ritunganya ico gisata hisunzwe ibiciro bishingwa, haba mu masezerano canke biciye mw'itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranangaji ajejwe amagara y'abantu hamwe n'Umushikiranangaji ajejwe ivyerekeye gukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

**Ingingo ya 35:**

Bivanye n'ibikorwa bijanye n'ukuvura ivyo ari vyo, igisata nyamukuru kijejwe ivyerekeye guteganzira indwara kirashinga urugero rw'amafaranga uwurwaye yirihira, ni ukuvuga igice c'ikiguzi c'ibikorwa vyose vy'ukuvura canke ca bimwebimwe muri vyo.

Ico gice c'amafaranga kirihwa n'uwategekanirijwe.

**Ingingo ya 36:**

Umurwayi arafise uburenganzira bw'ukuvurwa ku ndwara imwimwe yose agaheza akabugumana mu kiringo gishingwa n'amategeko.

**Ingingo ya 37:**

Mu gihe amasezerano y'akazi ahagaritswe bivuye ku ndwara canke kw'isanganya ridaturutse ku kazi, uwategekanirijwe hamwe n'abafise uburenganzira ku birangurirwa

la limite fixée par le code du travail.

En cas de suspension du contrat suite à d'autres raisons, l'organisme gestionnaire du régime détermine les délais et le financement de l'assurance.

**Article 38 :**

Les modalités pratiques d'application des conditions du service des prestations notamment les soins médicaux à prendre en charge, les relations qui doivent exister entre les différents partenaires, l'organisme gestionnaire du régime, les fournisseurs de soins et l'assuré sont déterminées par une ordonnance conjointe des Ministres ayant la santé publique et la protection sociale dans leurs attributions.

**SECTION 3 : Du régime des risques professionnels**

**3.1. Des risques couverts et prestations**

**Article 39 :**

Le régime des risques professionnels garantit aux personnes protégées par le service des prestations en cas d'accident du travail ou de maladie professionnelle.

**Article 40 :**

Est considéré comme accident du travail, quelle qu'en soit la cause, l'accident survenu à un travailleur par le fait ou à l'occasion du travail.

uwategekanirijwe bagumana uburenganzira bw'ukuvuzwa ku rugero rushingwa n'igitabu c'amategeko agenga akazi.

Mu gihe amasezerano y'akazi ahagaritswe biturutse ku zindi mvo, ishira hamwe rijewe guteganziriza indwara riratomora ibirango imfashanyo itangwamwo n'aho iva.

**Ingingo ya 38:**

Ibikorwa mu gushira mu ngiro ibisabwa kugira uwategekanirijwe arangurirwe ivyo yategekanirijwe nk'ukumuvuza, ibijanye n'imigenderanire itegerezwa kuba hagati y'ababifisemwo uruhara batandukanye, ishira hamwe ritunganya igisata c'uguteganziriza indwara, abarangura ibikorwa bijanye n'ukuvura n'uwategekanirijwe kazozwa, bitomora n'itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu hamwe n'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazozwa abanyagihugu.

**AGACE KA 3: Igisata giteganziriza impanuka zituruka ku kazi**

**3.1. Ibiteganzirizwa hamwe n'ibirangurirwa umunywanyani**

**Ingingo ya 39 :**

Igisata giteganziriza impanuka zituruka ku kazi kirangurira abanywanyani ivyo bategekanirijwe igihe bagize isanganya ry'akazi canke bafashwe n'indwara iturutse ku kazi.

**Ingingo ya 40 :**

Isanganya rifatwa nk'uko ari iry'akazi, ku mvo iyo ari yo yose ni isanganya rishikira umukozi bitumwe n'akazi canke ariko arakora akazi.

**Article 41 :**

Sont également considérés comme accidents du travail :

1. l'accident survenu à un travailleur pendant le trajet d'aller et de retour entre sa résidence habituelle ou le lieu où il prend ordinairement ses repas et le lieu où il effectue son travail ou reçoit sa rémunération, dans la mesure où le parcours n'a pas été interrompu ou détourné par un motif dicté par l'intérêt personnel et étranger aux nécessités de la vie courante ou indépendant de l'emploi ;
2. l'accident survenu pendant les voyages effectués sur ordre de l'employeur et dont les frais sont supportés par celui-ci ou par d'autres sources de financement ;
3. l'accident survenu le premier jour sur le trajet de départ en congé et le dernier jour sur le trajet de retour du congé moyennant la production d'un titre de congé.

**Article 42 :**

L'employeur est tenu de déclarer à l'organisme de protection sociale, dans un délai à fixer par le texte régissant le régime, tout accident du travail ou de trajet dont sont victimes les salariés occupés dans l'entreprise.

**Article 43:**

Si la déclaration est rejetée par l'organisme pour motifs de retard, de faute ou négligence de la part de l'employeur, ce dernier est obligé, sauf cas de force majeure, de supporter le service des prestations garanties à l'assuré par l'organisme.

**Ingingo ya 41:**

Ayandi masanganya afatwa nk'uko ari ay'akazi ni:

1. isanganya rishikiye umukozi, ariko araja canke ava aho asanzwe aba canke mu kibanza asanzwe afunguriramwo no mu kibanza aranguriramwo akazi canke mu kibanza ahemberwamwo, mu gihe atatebeye mu nzira asanzwe afata canke ngo afate iyindi nzira mu ntumbero y'ukurondera inyungu ziwe bwite kandi ata co zisa zisana n'ibikenewe mu buzima busanzwe canke ata co zihuriyeko n'akazi kiwe;
2. isanganya rishikiye umukozi ari mu ngendo zitegetswe n'umukoresha kandi akaba ari na we ariha amafaranga zisaba canke akaboneka mu bundi buryo ;
3. isanganya rishitse umusi wa mbere ariko araja mu karuhuko n'umusi wa nyuma w'akaruhuko ariko aragaruka ngo asubire ku kazi akaba afise urwandiko rwemeza ko yari mu karuhuko.

**Ingingo ya 42 :**

Umukoresha ategerezwa kumenyesha ishishamwe ritegekaniriza kazoza, mu kiringo gishingwa n'amategeko agenga igisata c'ivyerekeye impanuka zijanye n'akazi, isanganya ry'akazi ryose ryashikiye umukozi akora mw'ishishamwe ryiwe canke iryabaye ariko araja canke ava ku kazi.

**Ingingo ya 43 :**

Iyo urwandiko rw'ukumenyesha isanganya rutakiriwe n'ishishamwe rijejwe gutegekaniriza kazoza abakozi ku mvo z'uko umukoresha yacerewe kubimenyesha, kubera ikosa ry'umukoresha canke yabifashe minenerwe, uwo mukoresha ni we ategerezwa kuriha ivyo umukozi yari kurangurirwa n'ishishamwe, kiretse iyo atabimenyesheje bivuye ku ntambanyi

ntasimbwa.

**Article 44 :**

Les dispositions relatives aux accidents du travail sont applicables aux maladies professionnelles.

La date de la première constatation médicale de la maladie professionnelle est assimilée à la date de l'accident du travail.

**Article 45:**

Est considérée comme maladie professionnelle, tout état pathologique découlant comme conséquence du risque spécial inhérent au genre de travail qu'exécute le travailleur ou à l'ambiance dans laquelle il a été contraint de travailler, que cet état soit déterminé par des agents physiques, chimiques ou biologiques.

**Article 46 :**

Les maladies endémiques ou épidémiques locales ne sont considérées comme des maladies professionnelles que si elles sont contractées par les personnes chargées de les combattre en raison de leurs fonctions.

**Article 47 :**

La liste des maladies professionnelles, les modalités de sa mise à jour et les délais de prise en charge sont établis par ordonnance conjointe des Ministres ayant la santé publique et la protection sociale dans leurs attributions.

**Article 48 :**

Les prestations relatives aux risques professionnels comprennent :

- les soins médicaux nécessités par les lésions résultant de l'accident, qu'il y ait ou non interruption du travail ;

**Ingingo ya 44 :**

Ingingo zijanye n'amasanganya y'akazi zirakurikizwa ku bijanye n'indwara zituruka ku kazi.

Igenekerezo abaganga bemerejeko ubwa mbere ko umukozi afise indwara ituruka ku kazi rifatwa nk'igenekerezo isanganya ry'akazi ribereyeko.

**Ingingo ya 45 :**

Indwara ifatwa nk'iyituruka ku kazi ni indwara yose iba ari inkurikizi y'impanuka ifatiye ku bwoko bw'akazi umukozi arangura canke ku kugene ategakwa kugakora, iyo ndwara ikaba yerekana ko iterwa n'ibintu umuntu yumva canke abona, ibintu vy'ubumara canke bituruka ku binyabuzima.

**Ingingo ya 46 :**

Indwara zisanzwe zibonekeza mu karere umukozi abamwo canke iz'ibiza zitera muri ako karere zifatwa gusa ko ari indwara ziba ziturutse ku kazi igihe zanduwe n'abantu bajewe kuzirwanya.

**Ingingo ya 47 :**

Urutonde rw'indwara zituruka ku kazi, ibikurikizwa mu kurushira ku gihe n'ibiringo vyo kuvura abo zafashe bishingwa n'itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranjanji ajejwe amagara y'abantu hamwe n'Umushikiranjanji ajejwe gukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyangihugu.

**Ingingo ya 48 :**

Ibirangurirwa uwateganirijwe impanuka zituruka ku kazi bigizwe n'ibi bikurikira:

- ukuvurwa ivyatewe n'isanganya, umukozi yaba yahagaritse canke atahagaritse akazi;

- l'indemnité journalière en cas d'incapacité temporaire de travail ;
- la rente ou l'allocation d'incapacité en cas d'incapacité permanente de travail, totale ou partielle ;
- l'allocation de frais funéraires et les rentes de survivants en cas de décès.
- ukuja araronswa inshumbusho yo ku musi ku musi igihe umukozi atagishoboye kurangura akazi mu kiringo kanaka ;
- ukuja araronswa umukando canke akawuronswa mu ngunga imwe igihe yatakaje ubutakivayo ubushobozi bwose bw'ugukora canke igice cabwo;
- uguhabwa amafaranga y'imfubo n'imikando y'abasigwa igihe uwateganirijwe apfuye.

#### **Article 49 :**

Les soins médicaux comprennent :

- l'assistance médicale, chirurgicale et dentaire y compris les examens radiographiques, les examens de laboratoire et les analyses ;
- la fourniture de produits pharmaceutiques et accessoires ;
- l'entretien dans un hôpital ou une autre formation médicale ou sanitaire ;
- la fourniture, l'entretien et le renouvellement des appareils de prothèse et d'orthopédie nécessités par les lésions résultant de l'accident et reconnus par le médecin désigné ou agréé par l'organisme; indispensable ou de nature à améliorer la réadaptation fonctionnelle ;
- la fourniture et le renouvellement des lunettes médicales ;
- la réadaptation fonctionnelle, la rééducation professionnelle et le reclassement de la victime ;

#### **Ingingo ya 49 :**

Ibikorwa bijanye n'ukuvura uwateganirijwe ni ibi bikurikira :

- ukumukurikirana arwaye, ukumubaga n'ukumuvura amenyo harimwo n'ibipimo vy'iradiyo, ibipimo vyo mu masuzumiro n'ukwihweza ivyapimwe;
- ugutanga imiti n'ibikoresho bijanye;
- ukubungabunga uwurwaye mu bitaro canke ahandi hakorerwa ivy'ubuvuzi canke mw'ivuriro;
- ugutanga, ukubungabunga n'ugusubiriza ibikoresho bisubirira ibihimba vy'umubiri n'ivyunganira amagufa bikenewe kubera ivyatewe n'isanganya kandi vyemejwe n'umuganga yagenywe canke yemewe n'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza, vya nkenerwa canke bifasha mu kumenyereza ibihimba vy'umubiri gusubira gukora neza;
- ugutanga amarori y'indwara n'ukuyahindura;
- ukumenyereza ibihimba vy'umubiri gusubira gukora neza, ukwigisha uwagize isanganya uwundi mwuga yoshobora n'uguhindurira akazi uwahuye n'impanuka ituruka ku kazi ;

- le transport de la victime du lieu de l'accident à la formation médicale ou sanitaire et à sa résidence.
- ukwunguruza uwagize isanganya kuva aho yarigiriye gushika ku bitaro canke kw'ivuriro no gushika aho aba.

**Article 50 :**

Les soins médicaux sont fournis ou supportés par l'organisme. Dans ce dernier cas, l'organisme en verse directement le montant aux praticiens, pharmaciens, auxiliaires médicaux, fournisseurs ainsi qu'aux établissements ou centres médicaux publics ou privés agréés par le Ministre ayant la santé publique dans ses attributions. Le remboursement s'effectue sur base d'un tarif établi soit par convention, soit par ordonnance conjointe des Ministres ayant la santé publique et la protection sociale dans leurs attributions.

**Article 51 :**

En cas de nécessité et suite à un rapport d'une commission médicale à laquelle le médecin conseil de l'organisme a été associé, des soins médicaux dispensés à l'étranger à un assuré peuvent être supportés par l'organisme y compris le rapatriement de la dépouille en cas de décès.

**3.2. Des conditions d'accès aux prestations.**

**Article 52 :**

En cas d'incapacité temporaire de travail dûment constatée par un médecin agréé, la victime a droit à une indemnité journalière pour chaque jour d'incapacité, ouvrable ou non, à partir du 31<sup>ème</sup> jour de la date d'accident de travail et du lendemain du jour de l'accident s'il s'agit d'un accident de trajet.

**Ingingo ya 50 :**

Ibikorwa bijanye n'ukuvura uwategekanirijwe bigirwa canke birihwa n'ishirahamwe ryamutegekanirije. Mu gihe ari ukumurihira, ishirahamwe riha ryo nyene amafaranga yavuweko abamuvuye, abadandaza imiti, abunganira abaganga, abatanze ibikoresho bijanye n'ukuvura hamwe n'ibigo canke amavuriro vya Reta canke ivy'abikorera utwabo vyemerewe gukora n'Umushikiranjanji ajejwe amagara y'abantu. Amafaranga asubizwa aharurwa hisunzwe ibiciro bishingwa, haba biciye mu masezerano canke biciye mw'itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranjanji ajejwe amagara y'abantu hamwe n'Umushikiranjanji ajejwe gukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

**Ingingo ya 51 :**

Mu gihe bikenewe kandi bivanye n'icegeranyo c'umugwi w'abaganga wihweza ko uwategekanirijwe yovurirwa mu mahanga kandi umuganga muhanuzi w'ishirahamwe akaba awurimwo, ivyo uwateganirijwe akorerwa hanze y'igihugu bijanye n'ukumuvura birashobora kurihwa n'ishirahamwe ryamutegekanirije harimwo n'ugutahukana ikiziga igihe yapfiriyeyo.

**3.2. Ibisabwa kugira uwateganirije impanuka zituruka ku kazi arangurirwe ivyo yateganirijwe**

**Ingingo ya 52 :**

Mu gihe uwateganirije impanuka atakaje ubushobozi bw'ugukora mu kiringo kanaka vyemejwe mu buryo butegerejwe n'umuganga yemewe n'ishirahamwe, uwateganirije arafise uburenganzira bwo kuronswa inshumbusho yo ku musu umwumwe wose aba, agitakaje ubushobozi, waba uw'akazi canke atari

Le montant de l'indemnité journalière est égal à deux tiers de la rémunération journalière moyenne de la victime.

La rémunération journalière moyenne servant de base de calcul des indemnités journalières s'obtient en divisant par 90, le total des rémunérations soumises aux cotisations perçues par l'intéressé au cours des 3 derniers mois précédent celui au cours duquel l'accident est survenu.

**Article 53 :**

En cas d'incapacité permanente dûment constatée par un médecin désigné ou agréé par l'organisme, la victime a droit à :

1. une rente d'incapacité permanente lorsque le degré de son incapacité est égal à quinze pour cent au moins ;
2. une allocation d'incapacité versée en une seule fois lorsque le degré de son incapacité est inférieur à 15 pour cent.

**Article 54 :**

Le degré de l'incapacité permanente est déterminé d'après la nature de l'infirmité, l'état général, l'âge, les facultés physiques et mentales de la victime et d'après ses aptitudes et qualifications professionnelles sur base d'un barème officiel des invalidités.

uw'akazi, kuva ku musu ugira 31 isanganya ry'akazi ribaye no kuva ku musu ukurikira uwo isanganya ryabereyeko, mu gihe ari isanganya ryabaye umukozi aja canke ava ku kazi.

Igitigiri c'amafaranga y'ishumbusho yo ku musu ku musu kingana n'ivya bitatu bibiri vy'umushahara ugereranye wo ku musu w'uyo mukozi yagize isanganya ry'akazi.

Umushahara ugereranye wo ku musu ufatirwako mu guharura inshumbusho zo ku musu ku musu utorwa mu kugabura na 90 imishahara ifatirwako mu gutanga intererano umukozi yagize isanganya yaronse mu kiringo c'amezi atatu akurikirwa n'ukwezi yagiryemwo isanganya.

**Ingingo ya 53 :**

Mu gihe uwateganirije impanuka yatakaje ubutakivayo ubushobozi vyemejwe mu buryo butegerejwe n'umuganga yagenywe canke yemewe n'ishirahamwe afise uburenganzira kuri ibi bikurikira :

1. umukando uwatakaje ubushobozi ubutakivayo aja arahabwa mu gihe urugero rw'ugutakaza ubushobozi rungana n'ibice icumi na bitanu kw'ijana n'imiburiburi ;
2. umukando uwatakaje ubushobozi ahabwa ingunga imwe mu gihe urugero rw'ugutakaza ubushobozi rudashikana ibice 15 kw'ijana.

**Ingingo ya 54 :**

Urugero rw'ugutakaza ubutakivayo ubushobozi rutomorwa hafatiwe ku bumuga ubwo ari bwo, uko amagara yifashe muri rusangi, imyaka, ubushobozi bw'umubiri n'ubwo mu mutwe uwahuye n'impanuka ituruka ku kazi kandi hisunzwe ivyo ashoboye mu mwuga n'impapuro z'umutsindo abifitiye, bigaharurwa hafatiwe ku rugero rw'ubumuga

rufatirwako rushingwa n'amategeko.

**Article 55 :**

La rente d'incapacité permanente totale est égale à cent pour cent de la rémunération moyenne de la victime.

Le montant de la rente d'incapacité permanente partielle est selon le degré d'incapacité, proportionnel à celui de la rente à laquelle la victime aurait eu droit en cas d'incapacité permanente totale.

**Article 56 :**

La rémunération moyenne mensuelle servant de base de calcul des rentes est égale à trente fois la rémunération journalière moyenne déterminée selon les dispositions de l'alinéa 2 de l'article 55.

**Article 57 :**

Le montant de l'allocation d'incapacité est égal à trois fois le montant annuel de la rente fictive correspondant au degré d'incapacité de la victime.

**Article 58 :**

Lorsque le décès de la victime est la conséquence d'un accident de travail, les survivants ont droit aux rentes de survivants et à une allocation de frais funéraires.

Les survivants ne peuvent plus, dans ce cas, prétendre aux prestations de survivants dans la branche des pensions.

**Ingingo ya 55 :**

Amafaranga yose y'umukando aja arahabwa uwahuye n'impanuka ituruka ku kazi yatakaje ubutakivayo ubushobozi angana n'ibice ijana kw'ijana vy'umushahara ugereranye yahora aronka.

Igitigiri c'amafaranga y'umukando aja arahabwa uwagize isanganya yatakaje ubutakivayo igice c'ubushobozi giharurwa hisunzwe urugero rw'ugutakaza ubushobozi gihuye n'amafaranga y'umukando uwahuye n'impanuka ituruka ku kazi yogizeko uburenganzira mu gihe yoba yatakaje ubutakivayo ubushobozi bwose.

**Ingingo ya 56 :**

Umushahara ugereranye wo ku kwezi ufatirwako mu guharura amafaranga y'umukando aja arahabwa uwagize isanganya ungana n'incuro mirongo itatu z'umushahara ugereranye wo ku musu uharurwa hisunzwe ibitegekanijwe mu gahimba ka 2 k'ingingo ya 55.

**Ingingo ya 57 :**

Igitigiri c'amafaranga y'umukando uwatakaje ubushobozi ahabwa mu ngunga imwe kingana n'incuro zitanu z'igitigiri c'amafaranga y'umukando yohabwa ku mwaka uwahuye n'impanuka ituruka ku kazi ihuye n'urugero rwiwe rw'ugutakaza ubushobozi.

**Ingingo ya 58 :**

Mu gihe uwategekanirijwe kazozza apfuye biturutse kw'isanganya ry'akazi, abasigwa biwe barafise uburenganzira bw'ukuronswa imikando y'abasigwa n'amafaranga y'imfubo.

Muri icyo gihe, abasigwa b'uwategekanirijwe ntibababakirangurirwa ibigenewe abasigwa bitegekanijwe mu gisata c'ivyerekeye amapansiyo.

**Article 59 :**

L'allocation des frais funéraires est versée à la personne qui a pris à sa charge les frais d'enterrement dont le montant est fixé par les textes régissant le régime des risques professionnels.

**Article 60 :**

Les rentes des survivants sont calculées en pourcentage de la rémunération servant de base au calcul de la rente d'incapacité permanente.

Le montant total des rentes auxquelles ont droit les survivants de la victime ne peut dépasser le montant de la rente d'incapacité permanente totale à laquelle celle-ci avait ou aurait eu droit. Si le total des rentes calculées dépasse cette limite, chacune des rentes est réduite en proportion.

**Article 61 :**

Le droit à la rente de conjoint survivant s'éteint en cas de remariage ou de décès. Il est transféré aux orphelins bénéficiaires en proportions égales.

**Article 62 :**

Les rentes d'incapacité sont toujours concédées à titre temporaire. Toute modification dans l'état de la victime par aggravation ou par atténuation de l'infirmité dûment constatée par un médecin agréé ou désigné par l'organisme, donne lieu, sur l'initiative de ce dernier ou sur demande de la victime, à une révision de la rente qui est

**Ingingo ya 59 :**

Amafaranga y'imfubonyashikirizwa umuntu yatanze amafaranga y'ugufubonyuwateganirijwe, igitigiri cayo kikaba gishingwany'amategeko agenga igisata kijejwe guteganiriza impanuka zituruka ku kazi.

**Ingingo ya 60 :**

Amafaranga y'umukando aja arahabwabyasigwa byuwateganirijwe ahururwa ku bice vy'ijana vy'umushahara ufatirwako mu guharura amafaranga y'umukando ahabwonyuwateganirijwe yatakaje ubutakivayonyubushobozi.

Igitigiri c'amafaranga y'umukando yose abasigwa byuwateganirijwe yahuyeny'impanuka ituruka ku kazi bafitiye uburenganzira ntigishobora gusumbayigitigiri c'amafaranga y'umukando aja arahabwonyuwateganirijwe yatakaje burundonyubushobozi bwoyari afitiye canke yari kuronkera uburenganzira. Igihe amafaranga yose y'umukando aja arahabwabyasigwa yaharuwe arenga urwo rugero, amafaranga y'umukando ahabwamyusigwa umwumwe aragabanywafatiwe ku rugero rw'ayonyuwapfuye yari guhabwa.

**Ingingo ya 61 :**

Uburenganzira bw'ukuronswamafaranga y'umukando aja arahabwawari yubakanyenyuwateganirijwe yapfuye buhagarikwayigihe yubakanye n'uwundi muntu canke apfuye. Aca ahabwamyimpfuyiyasize muyabagabanganiriza ku rugero rungana.

**Ingingo ya 62 :**

Amafaranga y'umukando ajanyeny'ugutakazonyubushobozi atangwasyintabanduka. Igihindutse cose ku bijanyeny'ubumuga byuwagize isanganya, bwabonywongerekanye canke bwagabanutse, vyemejwemu buryo butegerejweny'umugangayemewe canke yagenywe n'ishirahamweryiteganiriza impanuka, bituma iryony

majorée à partir de la date de l'aggravation ou réduite ou remplacée par une allocation à partir du jour d'échéance suivant la notification de la décision de réduction.

Aucune révision médicale, dans le sens de fixer un autre taux d'incapacité, n'est plus possible lorsque cinq ans se sont écoulés depuis la date de la consolidation des lésions.

Si une suspension est intervenue suite au manquement de la victime à la révision médicale, la reprise du service de la rente commence à dater du premier jour du mois qui suit celui au cours duquel le nouvel examen est intervenu et cela sans régularisation si la cause de la suspension n'est pas justifiée.

**Article 63 :**

Lorsque les droits de la victime aux prestations ont été modifiés, les règles d'application y relatives sont déterminées par les textes régissant le régime.

**Article 64 :**

La rente allouée à la victime d'un risque professionnel peut, après expiration d'un délai de cinq ans à compter de la date de consolidation, être remplacée en partie par un capital dans les conditions qui sont déterminées par les textes régissant le régime.

La demande est introduite dans un délai d'un an suivant le délai précité de cinq ans.

shirahamwe rivyibwirije canke ribisabwe n'uwagize isanganya risubiramwo guharura amafaranga y'umukando, akongerezwa uherye umusi ubumuga bwiyongerereyeko, canke akagabanywa canke agasubirizwa n'amafaranga y'umukando atangwa ingunga imwe kuva umusi umukando wategerezwa gutangirwako ingingo y'ukuyigabanya imaze kumenyeshwa.

Uwagize isanganya ntashobora gusubira gupimwa, mu ntumbero yo gushinga urundi rugero rw'ugutakaza ubushobozi mu gihe haba haciye ikiringo c'imyaka itanu giharurwa kuva kw'igenekerezo ivyashikiye uwagize isanganya vyemejwe ko vyashitse ku rugero ntarengwa rw'ugukira.

Iyo umukando uhagaritswe kubera uwagize isanganya atasubiye kwisuzumisha kwa muganga, asubira kuwuhabwa kuva umusi wa mbere w'ukwezi gukurikira ukwezi ibindi bipimo bigiriwemwo kandi ntahabwa umukando wahagaritswe iyo icatumye uhagarikwa kidatangiwe insiguro zifise ishingiro.

**Ingingo ya 63 :**

Mu gihe uburenganzira bw'uwagize isanganya bw'ukurangurirwa ivyo agenewe buhindutse, ingingo zikurikizwa bijanye zitomorwa n'amategeko agenga igisata giteganiriza impanuka.

**Ingingo ya 64:**

Igice c'amafaranga y'umukando aja arahabwa uwagize isanganya ry'akazi kirashobora, hamaze kurangira ikiringo c'imyaka itanu giharurwa kuva kw'igenekerezo hemerejweko ko ivyamushikiye bigeze ku rugero ntarengwa rw'ugukira, gusubirizwa n'amafaranga atangwa mu buryo butomorwa n'amategeko agenga igisata giteganiriza impanuka.

Ikete ry'ukubisaba rishikirizwa mu kiringo c'umwaka umwe gikurikira ikiringo c'imyaka

itanu gihejeje kuvugwa.

### 3.3. De la suspension et de la suppression des droits dans la branche des risques professionnels

#### Article 65 :

Le droit aux prestations prévues en matière de risques professionnels n'est pas reconnu à l'assuré lorsque son état trouve sa source dans les faits de guerre.

#### Article 66 :

Les prestations sont réduites de moitié lorsque l'incapacité de travail est la conséquence d'une faute inexcusable de l'assuré.

Les prestations sont supprimées en cas de faute intentionnelle de l'assuré.

#### Article 67 :

Le droit aux prestations reste maintenu en faveur des survivants si les fautes visées à l'article 66 ont entraîné la mort de l'assuré.

#### Article 68 :

Les prestations sont suspendues :

1. lorsque le titulaire ne réside pas sur le territoire national, sauf dans les cas couverts par des Accords de réciprocité ou des Conventions Internationales dûment ratifiées par le Burundi ;
2. lorsque le titulaire néglige d'utiliser les services médicaux mis à sa disposition ou n'observe pas les règles prescrites pour la vérification de l'existence de son incapacité

### 3.3. Uguhagarika ivy'agateganyo n'uguhagarika burundu uburenganzira bw'ukuronswa ibitegekanirijwe impanuka zituruka ku kazi

#### Ingingo ya 65 :

Uburenganzira bw'ukurangurirwa ibitegekanirijwe mu vyerekeye uguteganziriza impanuka zituruka ku kazi, uwateganzirijwe ntaburuka mu gihe ubumuga afise bwaturutse ku bijanye n'intambara.

#### Ingingo ya 66 :

Ibirangurirwa uwateganzirijwe bigabanywako ica kabiri, mu gihe uwateganzirijwe yatakaje ubushobozi bw'ugukora bivuye kw'ikosa ritababarirwa yakoze.

Ibirangurirwa uwateganzirijwe birahagarikwa burundu mu gihe atagishobora kurangura akazi vyaturutse kw'ikosa yakoze nkana.

#### Ingingo ya 67 :

Uburenganzira bw'ukurangurirwa ibigenewe uwateganzirijwe bugumaho ku basigwa biwe iyo amakosa avugwa mu ngingo ya 66 yatumye apfa.

#### Ingingo ya 68 :

Ibirangurirwa uwateganzirijwe birahagarikwa ivy'agateganyo:

1. mu gihe uwubifitiye uburenganzira ataba mu Burundi, kiretse mu bihe vyemewe n'Amasezerano magiriranire hagati y'Uburundi n'igihugu abamwo canke vyemewe n'Amasezerano mpuzamakungu Uburundi bwemeje mu buryo butegerejwe;
2. mu gihe uwubifitiye uburenganzira atitaho gukoresha ibijanye n'ukumuvura arekuriwe canke mu gihe adakurikiza ingingo zashinzwe kugira hasuzumwe urugero afise

de travail ou de sa maladie. Toutefois, l'assuré garde ses droits s'il justifie la cause de l'inobservance des règles de vérification de son incapacité.

rw'ukutagishobora kurangura akazi canke indwara yiwe. Ariko, uwateganirijwe agumana uburenganzira bwiwe iyo atanze insiguro zifise ishingiro zatumye adakurikiza ingingo zijanye n'ugusuzumisha urugero agezeke rw'ugutakaza ubushobozi.

### 3.4. De la prévention des risques professionnels

#### Article 69:

Sur base des statistiques des accidents du travail et des maladies professionnelles, il est institué un système de tarification différenciée du régime des risques professionnels.

#### Article 70 :

L'organisme qui gère la branche des accidents du travail et des maladies professionnelles a l'obligation de mettre en place un programme de prévention des risques professionnels en vue de contribuer à leur réduction et ce, sous la supervision de l'inspection générale du travail. Il concourt à l'application des mesures d'hygiène et de sécurité sur les lieux du travail.

L'organisme contribue à la collecte et à l'utilisation des statistiques et des résultats des recherches portant sur les risques professionnels. En collaboration avec l'inspection générale du travail, l'organisme recourt à tous les procédés de publicité et de vulgarisation pour faire connaître les méthodes de prévention.

Il peut consentir aux entreprises des ristournes ou avances en vue de récompenser ou d'inciter toute initiative en matière de prévention.

### 3.4. Ugukinga impanuka zituruka ku kazi

#### Ingingo ya 69 :

Hafatiwe ku biharuro bitororokanywa bijanye n'amasanganya y'akazi hamwe n'indwara zituruka ku kazi, harashizweho uburyo bw'ugushinga ibiciro bitandukanye kw'isanganya rimwe canke indwara imwe bituruka ku kazi bivanye n'uwo vyerekeye.

#### Ingingo ya 70 :

Ishirahamwe ritunganya igisata giteganiriza amasanganya y'akazi n'indwara zituruka ku kazi ritegerezwa gushiraho indinganizo ijanye n'ugukinga impanuka zituruka ku kazi mu ntumbero yo gufasha mu kuzigabanya, ivyo bikagirwa bicungerewe n'ubugenduzi bukuru bw'akazi. Iryo shirahamwe rirafasha mu gushira mu ngiro amategeko y'isuku n'ay'ugukinga impanuka mu bibanza vy'akazi.

Iryo shirahamwe rirafasha mu vyerekeye ugutororokanya n'ugukoresha ibiharuro bitororokanywa bifatirwako hamwe n'ivyavuye mu bushakashatsi bwerekeye impanuka zituruka ku kazi. Rifadikanije n'ubugenduzi bukuru bw'akazi, iryo shirahamwe rirakoresha uburyo bwose bwo kumenyekanisha no gukwiragiza uburyo bwose bw'ugukinga impanuka zituruka ku kazi kugira abanyagihugu babumenye.

Iryo shirahamwe rirashobora guha amashirahamwe amafaranga y'akoshamusyi canke avansi kugira rishimire canke ritere intege ayo mashirahamwe ku gikorwa cose aba yibwirije gukora kijanye n'ugukinga impanuka zituruka ku kazi.

Les modalités d'application de ces dispositions sont déterminées par les textes régissant le régime des risques professionnels.

Ibikurikizwa mu gushira mu ngiro izo ngingo bitomorwa n'amategeko agenga igisata giteganiriza impanuka zituruka ku kazi.

## SECTION 4 : Du régime des pensions

## AGACE KA 4 : Ibijanye n'igisata c'ivyerekeye amapansiyo

### 4.1. Des risques couverts et prestations

### 4.1. Ibiteganirizwa n'ibirangurirwa umunywanyi

#### Article 71 :

Le régime des pensions couvre les risques de vieillesse, d'invalidité et de décès. Il comprend la pension ou l'allocation de vieillesse, la pension anticipée, la pension d'invalidité, la pension ou l'allocation aux survivants.

#### Ingingo ya 71 :

Igisata c'ivyerekeye amapansiyo giteganiriza ubusaza, ubumuga n'urupfu. Harimwo ipansiyo y'ubusaza ija iratangwa canke itangwa mu ngunga imwe, ipansiyo itangwa imyaka itegekanijwe itaragera, ipansiyo ijanye n'ubumuga, ipansiyo ija iratangwa canke ipansiyo y'abasigwa b'uwategekanirijwe itangwa ingunga imwe.

### 4.2. Des conditions d'accès aux prestations

### 4.2. Ibisabwa kugira uwategekanirijwe arangurirwe ivyo agenewe

#### Article 72 :

L'assuré a droit à une pension de vieillesse s'il remplit les conditions ci-après :

1. avoir atteint l'âge régi par les lois spécifiques;
2. avoir accompli au moins 15 ans de cotisations ;
3. avoir effectivement cessé l'activité professionnelle soumise au régime, la pension ne pouvant pas être cumulée avec le salaire.

#### Ingingo ya 72 :

Uwategekanirijwe aba afise uburenganzira bw'ukuronswa ipansiyo y'ubusaza iyo akwije ibisabwa bikurikira :

1. kuba akwije imyaka y'amavuko ishingwa n'amategeko avyerekeye ;
2. kuba amaze n'imiburiburi imyaka 15 atanga intererano ;
3. kuba koko yarahagaritse akazi gatuma atanga intererano, ipansiyo ikaba idashobora gutanganwa n'umushahara.

#### Article 73 :

Les catégories particulières d'assurés

#### Ingingo ya 73 :

Imigwi y'abategekanirijwe kazoba ishobora

pouvant bénéficié d'une pension de vieillesse à un âge autre que celui régi par les lois spécifiques et les compensations financières éventuelles qui en découlent sont déterminées par une ordonnance conjointe des Ministres ayant le travail et la protection sociale dans leurs attributions.

**Article 74 :**

L'assuré en activité atteint d'une usure prématurée de ses facultés physiques ou mentales, dix ans avant l'âge normal d'admission à la pension de vieillesse, le rendant inapte à exercer une activité salariée, peut demander à bénéficier d'une pension anticipée.

Les médecins de travail agréés par l'organisme gestionnaire du régime sont compétents pour déterminer si un assuré est atteint d'une usure prématurée.

**Article 75 :**

Un assuré peut demander la retraite anticipée pour convenance personnelle cinq ans avant l'âge de la retraite.

**Article 76:**

L'assuré ayant atteint l'âge d'admission à la pension de vieillesse qui compte au moins douze mois d'assurance et qui, n'a pas versé des cotisations durant au moins 15 ans, a droit à une allocation de vieillesse sous forme d'un versement unique.

**Article 77 :**

La pension de vieillesse et la pension anticipée prennent effet le premier jour du mois civil suivant la date à laquelle les

kuronswa ipansiyo y'ubusaza ku myaka atari iyisanzwe itegekanijwe n'amategeko avyerekeye hamwe n'amafaranga y'intererano bashobora kwongereza ku ntererano zisanzwe kubera iyo mvo bitomorwa n'itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranjanji ajejwe akazi hamwe n'Umushikiranjanji ajejwe ivyerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

**Ingingo ya 74 :**

Uwateganirijwe akiri mu kazi agafatwa n'ubumuga bw'umubiri canke bwo mu mutwe, hasigaye imyaka icumi kugira akwize imyaka itegekanijwe y'ukuronswa ipansiyo y'ubusaza, bigatuma atagishobora gukora igikorwa ahemberwa umushahara, arashobora gusaba kuronswa ipansiyo itangwa imyaka itegekanijwe itaragera.

Abaganga b'abahinga mu vy'akazi bemewe n'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza ni bo bafise ububasha bwo gutomora ko uwategekanirijwe yafashwe n'ubumuga butuma atagishobora gukora imyaka y'ugukukuruka itaragera.

**Ingingo ya 75 :**

Uwategekanirijwe arashobora gusaba gukukuruka atarakwiza imyaka itegekanijwe avyishakiye, hagisigaye imyaka itanu kugira akukuruke.

**Ingingo ya 76 :**

Uwategekanirijwe amaze gukwiza imyaka y'ukuronswa ipansiyo y'ubusaza akwize n'imiburiburi amezi icumi n'abiri atanga intererano akaba atatanze intererano n'imiburiburi mu kiringo c'imyaka 15, aronka ipansiyo y'ubusaza itangwa ingunga imwe.

**Ingingo ya 77:**

Ipansiyo y'ubusaza n'ipansiyo itangwa imyaka itegekanijwe itaragera zitangura gutangwa ku musi wa mbere w'ukwezi

conditions requises ont été remplies, quelle que soit la date d'introduction de la demande.

**Article 78 :**

L'assuré qui devient invalide avant l'âge normal d'admission à la pension de vieillesse a droit à une pension d'invalidité s'il a accompli au moins 3 ans d'assurance et six mois d'assurance au cours des douze derniers mois civils précédant le début de l'invalidité.

**Article 79:**

Nonobstant les dispositions de l'article précédent, au cas où l'invalidité est due à un accident d'origine non professionnelle, l'assuré a droit à une pension d'invalidité à condition qu'il ait occupé un emploi assujéti à l'assurance à la date de l'accident et qu'il ait été immatriculé à l'organisme gestionnaire du régime avant cette date.

**Article 80 :**

Est considéré comme invalide, l'assuré qui, par suite de maladie ou d'accident d'origine non professionnelle, a subi une diminution permanente de 66% de ses capacités physiques ou mentales dûment certifiée par un médecin agréé par l'organisme gestionnaire du régime.

**Article 81 :**

La pension d'invalidité prend effet le mois qui suit l'avis du médecin agréé par l'organisme gestionnaire du régime.

**Article 82 :**

La pension d'invalidité est toujours concédée à titre temporaire et peut être révisée aux dates fixées par l'organisme de protection sociale. Elle est remplacée par une pension

gukurikira igenekerezo ibisabwa vyakwiriyemwo hatarabwe igenekerezo idosiye y'ukubisaba yashikiririjweko.

**Ingingo ya 78 :**

Uwategekanirijwe amugaye atarakwiza imyaka y'ukuronswa ipansiyo y'ubusaza, arafise uburenganzira bw'ukuronswa ipansiyo y'ubumuga iyo yatanze intererano n'imiburiburi imyaka 3 kandi mu kiringo c'amezi icumi n'abiri ya nyuma imbere yuko afatwa n'ubwo bumuga akaba yaratanze intererano n'imiburiburi y'amezi atandatu .

**Ingingo ya 79 :**

Hirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 78, mu gihe ubumuga bwaturutse kw'isanganya atari iry'akazi, uwategekanirijwe arafise uburenganzira bw'ukuronswa ipansiyo y'ubumuga mu gihe yari mu kazi gategerezwa gutegekaniriza abagakora umusi yagira isanganya, akaba yari yanditswe ku rutonde rw'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza imbere y'iryo genekerezo.

**Ingingo ya 80 :**

Uwutegekanirizwa afatwa ko yamugaye iyo, biturutse ku ndwara canke kw'isanganya atari iry'akazi, ubushobozi bwiwe bw'umubiri canke bwo mu mutwe bwagabanutse ubutakivayo gushika ku rugero rwa 66% vyemejwe n'umuganga yemewe n'ishirahamwe rimutegekaniriza kazoza.

**Ingingo ya 81 :**

Ipansiyo y'ubumuga itangura gutangwa mu kwezi gukurikira igenekerezo umuganga yemewe n'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza yashikiririjeko icyumviro ku bijanye n'urugero rw'ubumuga.

**Ingingo ya 82 :**

Ipansiyo y'ubumuga si ntabanduka kuko ishobora gusubirwamwo ku magenekerezo ashingwa n'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza. Iyo pansiyoni isubirirwa n'ipansiyo

de vieillesse de même montant lorsque le bénéficiaire atteint l'âge normal d'admission à la pension.

La pension d'invalidité ne se cumule pas avec un emploi rémunéré.

**Article 83 :**

Le montant de la pension de vieillesse ou d'invalidité, de la pension anticipée et de l'allocation de vieillesse est fixé en fonction de la rémunération mensuelle moyenne, définie comme la trente sixième ou la soixantième partie du total des trente-six ou soixante meilleures rémunérations soumises à cotisation au cours de sa carrière professionnelle, le choix étant dicté par l'intérêt de l'assuré.

Si le nombre de mois civils d'assurance est inférieur à trente-six, la rémunération mensuelle moyenne s'obtient en divisant le total des rémunérations soumises à cotisation par le nombre de mois civils d'assurance.

Pour le calcul du montant de la pension d'invalidité, les années comprises entre l'âge normal d'admission à la pension de vieillesse et l'âge effectif de l'invalidité à la date où la pension d'invalidité prend effet, sont assimilées à des périodes d'assurance à raison de six mois par année.

**Article 84 :**

Le montant mensuel de la pension de vieillesse ou d'invalidité ou de la pension anticipée est égal à trente pour cent de la rémunération mensuelle moyenne. Si le total des mois d'assurance et des mois assimilés dépasse cent quatre-vingt, le pourcentage est

y'ubusaza bingana mu gihe uwuyihabwa ashikanye imyaka y'ugukukuruka.

Ipansiyo y'ubumuga ntitangwa mu gihe uwuyigenewe afise akandi kazi kamuha umushahara.

**Ingingo ya 83 :**

Igitigiri c'amafaranga y'ipansiyo y'ubusaza canke y'ubumuga, ipansiyo itangwa imyaka itegekanijwe itaragera n'ipansiyo y'ubusaza itangwa ingunga imwe gishingwa hisunzwe umushahara ugereranye wo ku kwezi, uwo na wo ukaba ungana n'ica mirongo itatu na gatandatu c'imishahara yose isumba iyindi mirongo itatu n'itandatu canke ica mirongo itandatu c'imishahara yose isumba iyindi mirongo itandatu yatanzweko intererano mu gihe uwategekanirijwe yari akiri mu kazi, uguhitamwo iyo mishahara bikaba bigirwa ku neza yiwe.

Iyo amezi yatanzweko intererano adashika mirongo itatu n'atandatu, umushahara wo ku kwezi ugereranye utorwa mu kugabura igitigiri c'amafaranga y'imishahara yose yatanzweko intererano n'igitigiri c'amezi yatanzweko iyo ntererano.

Mu guharura igitigiri c'amafaranga y'ipansiyo y'ubumuga, imyaka iri hagati y'imyaka itegekanijwe y'ukuronswa ipansiyo y'ubusaza n'imyaka uwategekanirijwe aba afise kw'igenekerezo ryemererejweko ko aronswa ipansiyo y'ubumuga, ifatwa nk'ibiringo vyatanzweko intererano y'amezi atandatu ku mwaka umwumwe.

**Ingingo ya 84 :**

Igitigiri c'amafaranga yo ku kwezi ku kwezi y'ipansiyo y'ubusaza canke iy'ubumuga canke ipansiyo itangwa imyaka itegekanijwe itaragera kingana n'ibice mirongo itatu kw'ijana vy'umushahara wo ku kwezi ugereranye. Iyo igitigiri c'amezi yose

majoré de deux pour cent pour chaque période d'assurance ou assimilée de douze mois au-delà de cent quatre-vingt mois.

Le montant mensuel de la pension de vieillesse ou d'invalidité ou de la pension anticipée ne peut en aucun cas être inférieur à soixante pour cent du salaire mensuel minimum légal du territoire national correspondant à une durée de travail réglementaire. Ce montant minimum ne peut cependant pas dépasser quatre-vingt pour cent de la rémunération mensuelle moyenne de l'assuré calculée conformément au premier alinéa de l'article précédent.

Le montant de l'allocation de vieillesse est égal à autant de fois la rémunération mensuelle moyenne de l'assuré que celui-ci compte de période de douze mois d'assurance.

**Article 85 :**

En cas de décès du titulaire d'une pension de vieillesse ou d'invalidité ou d'une pension anticipée et en cas de décès d'un assuré suite à une maladie naturelle ou à un accident d'origine non professionnelle et qui, à la date de son décès, remplissait les conditions requises pour bénéficier d'une pension de vieillesse ou d'invalidité ou qui comptait cent quatre-vingt mois d'assurance, les survivants ont droit à une pension de survivants.

**Article 86 :**

Les pensions de survivants sont calculées en pourcentage de la pension de vieillesse ou

yatanzwemwo intererano n'ayandi afatwa nk'ayo kirenga amezi ijana na mirongo umunani, ivyo bice kw'ijana bica vyongerwako ibice bibiri kw'ijana ku kiringo kimwekimwe cose c'amezi icumi n'abiri yatanzwemwo intererano canke ayafatwa nk'ayo ku mezi arenga kuri ayo ijana na mirongo umunani.

Igitigiri c'amafaranga yo ku kwezi ku kwezi y'ipansiyo y'ubusaza canke ay'ipansiyo y'ubumuga canke ay'ipansiyo itangwa imyaka itegekanijwe itaragera nta na rimwe gishobora kuja muni y'ibice mirongo itandatu kw'ijana vy'umushahara wo ku kwezi mutubaho wemewe n'amategeko mu gihugu cose uhuye n'umwanya w'akazi utegekanywa n'amategeko. Ayo mafaranga make ashoboka afatirwako ntashobora kurenga ibice mirongo umunani kw'ijana vy'umushahara wo ku kwezi ugereranye w'uwategekanirijwe uharurwa hakurikijwe ibitegekanijwe mu gahimba ka mbere k'ingingo ya 83.

Igitigiri c'amafaranga y'ipansiyo y'ubusaza itangwa ingunga imwe kingana n'incuro z'umushahara wo ku kwezi ugereranye w'uwategekanirijwe zihuye n'ibiringo vy'amezi icumicumi n'abiri yatanzwemwo intererano.

**Ingingo ya 85 :**

Mu gihe uwusanzwe ahabwa ipansiyo y'ubusaza canke iy'ubumuga canke ipansiyo itangwa imyaka itegekanijwe itaragera no mu gihe uwategekanirijwe apfuye biturutse ku ndwara isanzwe canke kw'isanganya atari iry'akazi, kandi akaba, kw'igenekerezo yapfiriyeko, yari akwije ibisabwa kugira aronswe ipansiyo y'ubusaza canke iy'ubumuga canke akaba yari amaze amezi ijana na mirongo umunani atanga intererano, abasigwa biwe barafise uburenganzira bw'ukuronswa ipansiyo y'abasigwa.

**Ingingo ya 86 :**

Amapansiyo ahabwa abasigwa aharurwa mu bice kw'ijana vy'ipansiyo y'ubusaza canke

d'invalidité ou de la pension anticipée à laquelle l'assuré avait ou aurait eu droit à la date de son décès. Les pourcentages sont fixés par les textes régissant le régime.

Le montant total des pensions de survivants ne peut excéder celui de la pension à laquelle l'assuré avait ou aurait eu droit ; si le total dépasse ledit montant, les pensions de survivants sont réduites proportionnellement.

En cas de remariage, le conjoint survivant perd son droit à la pension de survivant. Elle est transférée en proportions égales aux orphelins bénéficiaires. Il en est de même en cas de décès du conjoint survivant.

**Article 87 :**

Si l'assuré ne pouvait prétendre à une pension d'invalidité et comptait moins de cent quatre-vingt mois d'assurance à la date de son décès, les ayants-droit bénéficient d'une allocation de survivants versée en une seule fois, d'un montant calculé en pourcentage de l'allocation de vieillesse à laquelle l'assuré aurait pu prétendre s'il avait atteint l'âge de la retraite au moment du décès.

**Article 88 :**

En cas de décès d'un assuré ou d'un bénéficiaire d'une pension de vieillesse, d'une pension d'invalidité ou d'une pension anticipée suite à une maladie naturelle ou à un accident non professionnel, une allocation

iy'ubumuga canke ipansiyo itangwa imyaka itegekanijwe itaragera, umunywanyi yari afise canke yoronseko uburenganzira kw'igenekerezo apfiriyeko. Ibice kw'ijana vy'amafaranga y'ipansiyo zitangwa bishingwa n'amategeko agenga igisata c'ivyerekeye amapansiyo.

Igitigiri cose c'amafaranga y'amapansiyo ahabwa abasigwa ntigishobora kurenga igitigiri c'amafaranga y'ipansiyo uwateganirijwe yari afise canke yoronseko uburenganzira; iyo ico gitigiri c'amafaranga y'ipansiyo ihabwa abasigwa kirenga igitigiri c'ipansiyo uwategekanirijwe yoronse, amapansiyo ahabwa abasigwa aca agabanywa hafatiwe ku rugero rw'ayo uwapfuye yari guhabwa.

Mu gihe uwari yubakanye n'uwategekanirijwe yapfuye yubakanye n'uwundi muntu, ntashobora kugira uburenganzira kw'ipansiyo ihabwa abasigwa. Ipansiyo yahora aronka ica igabanganirizwa impfuyi z'uwateganirijwe yapfuye ku rugero rungana. Ni co kimwe n'ayo apfuye.

**Ingingo ya 87 :**

Iyo uwategekanirijwe atashobora guhabwa ipansiyo y'ubumuga kandi akaba atari bwashikane amezi ijana na mirongo umunani atanga intererano kw'igenekerezo yapfiriyeko, abafise uburenganzira kw'ipansiyo yiwe bararonswa ipansiyo ihahwa abasigwa itangwa ingunga imwe, igitigiri cayo giharurwa mu bice kw'ijana vy'amafaranga y'ipansiyo y'ubusaza uwategekanirijwe yohawe igihe yari kuba amaze gushikana imyaka y'ugukukuruka igihe yapfa.

**Ingingo ya 88 :**

Mu gihe hapfuye uwategekanirijwe canke uwuhabwa ipansiyo y'ubusaza, ipansiyo y'ubumuga canke ipansiyo itangwa imyaka itegekanijwe itaragera biturutse ku ndwara isanzwe canke isanganya ritari iry'akazi,

de frais funéraires est versée à la personne qui a pris à sa charge les frais de morgue et d'enterrement dont le montant est fixé par les textes régissant le régime.

amafaranga y'imfubony ahabwony umuntu aba yatanze amafaranga y'uburuhukiro n'ayony gufubony, igitigirony cayony kigashingwony n'amategekony asanzwony agengony igisatony c'ivyerekeye amapansiyo.

## SECTION 5 : Du régime des prestations familiales

## AGACE KA 5 : Igisata c'ivyerekeye ibirangurirwa umuryango

### 5.1. Du champ d'application

### 5.1. Abo vyerekeye

#### Article 89 :

La branche des prestations familiales est instituée au profit des fonctionnaires relevant du statut de la fonction publique et des travailleurs salariés régis par le Code du travail, ayant à leur charge un ou plusieurs enfants résidant au Burundi et inscrits dans les registres de l'Etat civil.

#### Ingingo ya 89 :

Igisata c'ivyerekeye ibirangurirwa umuryango gishinzwe ku neza y'abakozi bagengwa n'amategekony agengony abakozi ba Reta n'abakozi bagengwony n'amategekony yo mu Gitabu c'amategekony agengony akazony babeshejehony umwana umwe canke benshi baba mu Burundi kandi bandikishijwony mu bitabu vy'Ibirony bijejwony inzandikony ndangamuntu.

Toutefois, le travailleur qui accomplit dans un autre Etat, pour l'exécution de son contrat de travail, un séjour temporaire dont la durée n'excède pas six mois, renouvelable une fois, continue à bénéficier des prestations familiales.

Ariko, umukozi amaze mu kindi gihugony ikiringony c'amezony atarengony atandatony, gishoborony kwongerezwony rimwony gusony, kugirony ashire mu ngirony ibirony mu masezeranony yiwe y'akazony, agumony aronkony ibirangurirwony umuryango.

Le fonctionnaire ou le travailleur salarié qui accomplit un stage de formation ou de perfectionnement dans un autre Etat, continue à bénéficier des prestations familiales pendant la durée du stage.

Umukozi wony Reta canke uwukorera ku masezeranony y'akazony agiyony gukarishony ubwengony mu kindi gihugony, agumony aronkony ibirangurirwony umuryango mu kiringony aba ariko arakarishony ubwengony.

#### Article 90 :

Ne sont pas visés par la présente section, les travailleurs salariés ou les fonctionnaires dont les enfants ont droit à un régime de prestations familiales plus favorables et les travailleurs qui ont leur résidence habituelle dans un autre Etat et qui, pour l'exécution de leur contrat de travail, accomplissent au Burundi un séjour temporaire dont la durée n'excède pas six mois renouvelable une fois.

#### Ingingo ya 90 :

Abaterekewony n'ibirony muri aka gacony, ni abakozi bakorera ku masezeranony y'akazony baronswony umushaharony canke abakozi ba Reta abanony babony bafisony uburenganzirony bw'ukuronswony ibirangurirwony umuryango bifisony akarushony kisununuyony hamwony n'abakozi basanzwony baba mu kindi gihugony kandi, kugirony bashire mu ngirony amasezeranony y'akazony, baca bacumbikony mu Burundi igihony gito kitarenzony amezony

atandatu, ico kiringo kikaba gishobora kwisubiriza rimwe gusa.

**Article 91 :**

Des conventions inter-Etats de protection sociale peuvent fixer les conditions d'attribution des prestations familiales aux travailleurs et aux enfants à charge ne remplissant pas les conditions de résidence prévues à l'article 90.

**Ingingo ya 91 :**

Amasezerano agirwa hagati y'ibihugu yerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu arashobora gushinga ibikurikizwa mu gukorera abakozi n'abana babeshejeho ibirangurirwa umuryango badakwiye ibisabwa bijanye n'ugucumbika nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 90.

**5.2. Des conditions d'attribution**

**5.2. Ibisabwa kugira umuryango urangurirwe ivyo utegekanirijwe**

**Article 92 :**

Dans le sens du présent Code, est considéré comme ayant un enfant à charge, tout fonctionnaire ou tout travailleur salarié qui assure d'une manière générale et permanente le logement, la nourriture, l'habillement et l'éducation de l'enfant.

**Ingingo ya 92 :**

Hisunzwe ibitegekanijwe muri iki Gitabu c'amategeko, uwufatwa nk'uwufise umwana abeshejeho ni umukozi wa Reta wese canke umukozi wese akorera ku masezerano y'akazi aronka umushahara ajejwe ahanini kandi igihe cose umwana mu bijanye n'uburaro, ukumugaburira, ukumwambika n'ibijanye n'amashure.

Dans le cas des conjoints relevant des statuts différents, c'est le régime le plus favorable qui sera appliqué. Le cumul des prestations familiales au titre d'un enfant est interdit.

Mu gihe abubakanye bagengwa n'amategeko atandukanye, hakurikizwa itegeko rigenga igisata c'ugutegekaniriza kazoza gitanga akarusho kisununuye. Birabujijwe ko umwana arangurirwa icarimwe ivyo ategekanirijwe ku bavyeyi bomp.

**Article 93 :**

Ouvrent droit aux prestations familiales, les enfants à la charge du fonctionnaire ou du travailleur salarié qui entrent dans l'une des catégories suivantes :

**Ingingo ya 93 :**

Abafise uburenganzira bw'ugukorerwa ibirangurirwa umuryango ni abana babeshejweho n'umukozi wa Reta canke umukozi akorera ku masezerano y'akazi aronka umushahara bari mu mugwi umwe muri iyi ikurikira :

- les enfants issus du mariage à condition qu'ils aient été enregistrés dans les registres de l'état-civil et que le mariage ait été célébré ou constaté par l'officier de l'état civil ;

- abana yavyaranye n'uwo bubakanye biciye mu mategeko ari uko baba barabandikishije mu bitabu vyo mu biro bijejwe inzandiko ndangamuntu kandi uwategekanirijwe akaba yararaganye ku mugaragaro n'uwo bubakanye canke

vyaremejwe n'uwujewe inzandiko ndangamuntu ;

- les enfants ayant fait l'objet d'une adoption conformément à la loi ;
  - les enfants d'un fonctionnaire ou d'un salarié dont la filiation naturelle est établie conformément à la loi ;
  - les enfants sous tutelle légale du fonctionnaire salarié.
- abana bavyawe ka burerano hisunzwe amategeko ;
  - abana b'umukozi wa Reta canke b'umukozi akorera ku masezerano y'akazi yavyaye ku wo batubakanye biciye mu mategeko bikaba vyemezwa n'amategeko ko ari abiwe;
  - abana umukozi aronka umushahara areze biciye mu mategeko.

**Article 94 :**

Le droit aux prestations familiales est subordonné à une activité professionnelle de trois mois consécutifs et d'un temps minimal de travail de dix-huit jours ou cent-vingt heures dans le mois; ce temps de travail peut être reporté sur une période de deux ou trois mois dans les professions et les emplois comportant, en raison de leur nature, un horaire de travail intermittent ou irrégulier.

Le droit aux prestations familiales court à partir de la date d'engagement.

**Article 95 :**

Les prestations familiales sont dues pour le mois entier qui marque la fin de la période d'ouverture de droit, quelle que soit la cause de cessation des droits.

**Article 96 :**

Le droit aux prestations familiales est maintenu dans les cas suivants :

- les absences pour congé payé ;
- les absences pour accident du travail ou

**Ingingo ya 94 :**

Uburenganzira ku birangurirwa umuryango butangwa ari uko uwutegekanirizwa amaze amezi atatu akurikirana akora umwuga kandi akamara ku kazi umwanya ungana n'imiburiburi n'imisi icumi n'umunani canke amasaha ijana na mirongo ibiri mu kwezi; uwo mwanya w'akazi ushobora gushirwa ku kiringo c'amezi abiri canke atatu mu myuga no mu buzi bifise, bivanye n'ivyo ari vyo, ikirangamwanya c'akazi kija kirahagarara canke kija kirahindagurika.

Uburenganzira ku birangurirwa umuryango butangura gukurikizwa kw'igenekerezo umukozi atanguriyeko akazi.

**Ingingo ya 95 :**

Ibirangurirwa umuryango biharurirwa ukwezi kwuzuye kurangiza ikiringo uburenganzira bw'ukubirangurirwa bukoreshwamwo, hatarabwe imvo itumye buhagarara.

**Ingingo ya 96 :**

Uburenganzira ku birangurirwa umuryango burabandanya no mu bihe bikurikira:

- umukozi asivye kubera yaronse akaruhuko gatangirwa impembo;
- umukozi asivye kubera yagize impanuka

- pour maladie professionnelle ;
- y'akazi canke arwaye indwara yaturutse ku kazi akora ;
- les absences pour maladie dûment constatées par un certificat médical, dans la limite de six mois ;
  - umukozi asivye kubera indwara, bikaba vyemejwe uko bitegerejwe n'urupapuro rwa muganga, mu kiringo kitarenza amezi atandatu ;
  - les périodes de congé de maternité prévues par la loi, pour les femmes salariées.
  - umukozi aronse akaruhuko kajanye n'ukwibaruka gategekanijwe n'amategeko, ku bagore bakorera ku masezerano y'akazi.

**Article 97 :**

Continuent à bénéficier des prestations familiales, les conjoints des allocataires et les fonctionnaires ou les travailleurs atteints d'une incapacité permanente totale à la suite d'un accident ou d'une maladie professionnelle pour leurs enfants restés effectivement à leur charge.

Les prestations familiales dont bénéficient les orphelins ou les enfants placés sous tutelle sont versées à la personne physique ou morale qui les a à sa charge.

**Article 98 :**

Les prestations sont dues après l'établissement d'une demande sur un imprimé fourni par l'organisme de sécurité sociale, accompagné des pièces justificatives.

**Article 99 :**

Ne sont acceptées comme pièces justificatives que les pièces de l'état civil délivrées conformément à la législation en vigueur.

Si elles ne sont pas rédigées en français les pièces d'état civil délivrées par les autorités étrangères, sont traduites en français par les autorités consulaires compétentes du pays

**Ingingo ya 97 :**

Abaguma baronka ibirangurirwa umuryango ni abubakanye n'abaronswa amafaranga yo gufata mu mugongo umukozi kubera umuryango hamwe n'abakozi ba Reta canke abakorera ku masezerano y'akazi baronka umushahara, batakaje ubutakivayo ubushobozi bwose biturutse kw'isanganya canke ku ndwara iturutse ku kazi, ivyo bakabironkera abana babeshejeho.

Ibirangurirwa umuryango w'umukozi bigenewe impfuyi canke abana yari areze biciye mu mategeko bica bihabwa umuntu canke ishira hamwe ribabeshejeho.

**Ingingo ya 98 :**

Ibirangurirwa umuryango bitangwa hamaze gushikirizwa urwandiko rw'ukubisaba rutangwa n'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza, urwo rwandiko rukaba ruri kumwe n'inzandiko zivyemeza.

**Ingingo ya 99:**

Inzandiko z'ibiro bijejwe inzandiko ndangamuntu zitangwa hisunzwe amategeko asanzwe akurikizwa ni zo zonyene zakirwa nk'ivyemezo.

Iyo izo nzandiko zatanzwe n'ubutegetsi bw'ikindi gihugu zitanditswe mu rurimi rw'igifaransa, zica zihindurwa mu gifaransa n'abategetsi babifitiye ububasha

intéressé ou un traducteur agréé par les autorités burundaises.

bahagaraririye inyungu z'ico gihugu mu Burundi canke zigahindurwa n'umuhinga ahindura ivyanditse mu zindi ndimi yemewe n'ubutegetsu bw'Uburundi.

### 5.3. Des prestations

#### Article 100 :

Les prestations dues au titre de la branche des prestations familiales sont :

- les soins de santé liés à la grossesse et ses suites ;
- les allocations familiales ;
- les indemnités journalières de congé de maternité ;
- les prestations en nature et, éventuellement, toute autre prestation instituée par la loi.

#### Article 101 :

Le régime des prestations familiales prend à sa charge les soins liés au suivi de la grossesse dont les soins médicaux liés à la grossesse, à l'accouchement et à ses suites.

#### Article 102 :

Les soins médicaux comprennent, pour le régime des prestations familiales, au moins les soins définis comme paquet de base par le ministère de la santé publique.

Le paquet de base comprend notamment :

1. les soins prénatals, les soins pendant l'accouchement, les soins post-natals et les soins aux nouveau-nés pendant quinze jours, donnés soit par un médecin, soit par un infirmier ou soit par une sage-

### 5.3. Ibirangurirwa umuryango

#### Ingingo ya 100 :

Ibirangurirwa umuryango w'umukozi bitegekanywa n'igisata kibijewe ni ibi :

- ukuvura uwibungenze n'ibijanye n'ukwibungenga;
- amafaranga y'ugufata mu mugongo umukozi kubera umuryango;
- inshumbusho yo ku musi ku musi ihuye n'akaruhuko kajanye n'ukwibaruka ;
- ibihabwa umuryanyo atari amafaranga hamwe n'ico cose gishobora kurangurirwa uwategekanirijwe gitegekanijwe n'amategeko.

#### Ingingo ya 101 :

Igisata c'ivyerekeye ibirangurirwa umuryango kirariha amafaranga akoreshwa mu bijanye n'ugukurikirana imbanyi, ukwibaruka hamwe n'ivyo bijanye.

#### Ingingo ya 102 :

Ibikorwa bijanye n'ukuvura umuvyeyi, ku gisata c'ivyerekeye ibirangurirwa umuryango w'uwategekanirijwe bigizwe n'imiburiburi n'ibikorwa vy'ukuvura bitomorwa n'Ubushikiranjanji bw'amagara y'abantu nk'ibikorwa bidahara.

Ibikorwa bidahara bigizwe canecane n'ibi:

1. ibikorwa vy'ugukurikirana umuvyeyi acibungenze, mu gihe ariko aravyara, ibikorwa vy'ukumuvura amaze kuvyara n'ivy'ukuvura utuyoya tuvutse, mu kiringo c'imisi icumi n'itanu, bikagirwa

femme diplômée ;

n'umuganga canke umuforoma canke umwakirizi yabironkeye urupapuro rw'umutsindo ;

2. l'hospitalisation ;

2. ukwinjiza umuvyeyi ibitaro ;

3. les frais de transport, sur présentation des justificatifs.

3. ugusubiza umuvyeyi amafaranga yakoresheje mu kwiunguruza, atangwa herekanywe inzandiko zivyemeza.

La gamme des prestations peut être complétée par ordonnance conjointe des Ministres ayant respectivement la santé publique et la tutelle de l'organisme gestionnaire du régime dans leurs attributions.

Urutonde rw'ibirangurwa rushobora kwongerwamwo ibindi biciye mw'itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranjanji ajejwe amagara y'abantu hamwe n'Umushikiranjanji ishira hamwe ritegekaniriza kazoza rikukira.

**Article 103 :**

Des allocations familiales sont attribuées au fonctionnaire ou au travailleur salarié pour trois naissances à sa charge, depuis la naissance jusqu'à l'âge de dix-huit ans.

**Ingingo ya 103 :**

Amafaranga y'ugufata mu mugongo uwategekanirijwe kubera umuryango afise ahabwa umukozi wa Reta canke umukozi akorera ku masezerano y'akazi aronka umushahara ku mvyaro zitatu abeshejeho, kuva bakivuka gushika bakwije imyaka icumi n'umunani.

La limite d'âge est portée à vingt-et-un an pour l'enfant placé en apprentissage ou qui poursuit des études ou, si par suite d'infirmité ou de maladie incurable, il est dans l'impossibilité d'exercer un travail salarié.

Urugero ntarengwa rw'imyaka rushobora gushika ku myaka mirongo ibiri n'umwe ku mwana ariko ariga umwuga canke akiri ku ntebe y'ishure canke, iyo bitumwe n'ubumuga canke n'indwara idakira, adashobora gukora akazi kamuha umushahara.

**Article 104 :**

Le paiement des allocations familiales est subordonné à la production des pièces suivantes :

**Ingingo ya 104 :**

Amafaranga y'ugufata mu mugongo umukozi kubera umuryango atangwa ari uko herekanywe inzandiko zikurikira :

1. un extrait d'acte de naissance de l'enfant ou un document portant la mention adoption ou mise sous tutelle, le cas échéant ;

1. urupapuro rwemeza amavuka y'umwana canke urwandiko rwerekana ko yavyawe nk'umurerano canke urwerekana ko umwana arezwe biciye mu mategeko bivanye n'umwana uwo ari we;

2. un certificat de visite médicale ou un certificat de scolarité toutes les années

2. urupapuro rwemeza ko umwana yabonye n'abaganga canke urupapuro

- |  |   |
|--|---|
| pour les enfants à charge âgés de 0 à 14 ans ;   | rwerekana ko umwana ari umunyeshure ku bana babeshejweho n'umukozi kuva ku batarakwiza umwaka gushika ku bafise imyaka 14 ;   |
| 3. un certificat de scolarité pour les enfants âgés de 15 à 21 ans ;   | 3. urupapuro rwemeza ko umwana ari umunyeshure ku bana bafise kuva ku myaka 15 gushika ku bafise imyaka 21 ;  |
| 4. un certificat ou un contrat d'apprentissage pour les enfants âgés de 14 à 21 ans ;  | 4. urupapuro canke amasezerano y'ukwiga umwuga ku bana bafise kuva ku myaka 14 gushika ku bafise imyaka 21 ;  |
| 5. un certificat médical constatant l'infirmité ou la maladie incurable pour les enfants de 14 à 21 ans atteints d'une infirmité ou d'une maladie incurable. | 5. urupapuro rwa muganga rwemeza ubumuga canke indwara idakira ku bana bafise kuva ku myaka 14 gushika ku bafise imyaka 21 bafashwe n'ubumuga canke indwara idakira ; |

Les enfants à charge titulaires d'une bourse entière d'études sont exclus du bénéfice des prestations familiales.

Abana babeshejweho n'uwategekanirijwe bakaba baronswa imfashanyo yose y'amafaranga y'ukwiga ntibari mu baronka ibirangurirwa umuryango.

**Article 105 :**

Les allocations familiales sont payées à l'allocataire à terme échu et à intervalles réguliers ne dépassant pas trois mois.

**Ingingo ya 105 :**

Amafaranga y'ugufata mu mugongo umukozi kubera umuryango ahabwa uwuyafiseko uburenganzira ikiringo gitegekanijwe kirangiye kandi ku kiringo kidahindagurika ariko ntibirenze amezi atatatatu.

Elles sont dues à partir du premier jour du mois qui suit celui du deuxième anniversaire de la naissance.

Ayo mafaranga atangura gutangwa kuva ku musi wa mbere w'ukwezi gukurikira uko umwana yakwirijemwo imyaka ibiri.

**Article 106 :**

La femme salariée enceinte a droit à des indemnités journalières pendant la durée de son congé de maternité dans la limite fixée par la disposition légale.

**Ingingo ya 106 :**

Umugore yibungenze aronka umushahara arafise uburenganzira bw'ukuronswa amafaranga y'inshumbusho yo ku musi ku musi mu kiringo cose aba ari mu karuhuko kajanye n'ukwibaruka hafatiwe ku rugero rutegekanijwe n'amategeko.

**Article 107 :**

Le paiement des indemnités journalières est subordonné aux conditions suivantes :

**Ingingo ya 107 :**

Amafaranga y'inshumbusho yo ku musi ku musi atangwa ari uko hakoze ibi bikurikira:

- |  |  |
|--|--|
| 1. la justification de la qualité du fonctionnaire ou du travailleur salarié ;                           | 1. hatanzwe urupapuro rwemeza ko uwuyahabwa ari umukozi wa Reta canke umukozi aronka umushahara;   |
| 2. la production d'un certificat médical constatant la grossesse ;                                       | 2. hashikirijwe urupapuro rwa muganga rwemeza ko umugore yibungenze;   |
| 3. la suspension effective de l'activité professionnelle constatée par une notification de l'employeur ; | 3. hatanzwe urupapuro rw'umukoresha rwemeza ko umugore ari mu karuhuko kajanye n'ukwibaruka yahagaritse vy'ukuri akazi yahora akora;             |
| 4. la production du bulletin de paie du mois précédent celui de l'arrêt de travail.                      | 4. hashikirijwe ifishi yerekana umushahara umugore ari mu karuhuko kajanye n'ukwibaruka yahembwe ku kwezi kw'imbere y'uko yahagarikiyemwo akazi. |

Le congé de maternité peut être prolongé de trois semaines au maximum en cas d'inaptitude à reprendre le travail à la suite de maladie consécutive à la grossesse ou aux couches.

Akaruhuko kajanye n'ukwibaruka karashobora kwongerwako indwi zitarenga zitanu mu gihe bigaragaye ko uwibarutse adashobora gusubira ku kazi bitumwe n'indwara yaturutse ku mbanyi canke ku kwibaruka.

Dans ce cas, le paiement des indemnités journalières est subordonné à la production d'un certificat médical et d'une attestation de l'employeur précisant que le travail n'a pas repris.

Muri icyo gihe, amafaranga y'inshumbusho yo ku musu ku musu atangwa ari uko hashikirijwe urupapuro rwa muganga n'urwandiko rutangwa n'umukoresha rwemeza ko umukozi atasubiye ku kazi.

#### **Article 108 :**

L'indemnité se calcule à raison de la totalité du salaire journalier effectivement perçu lors de la dernière paie, y compris éventuellement les indemnités inhérentes à la nature du travail.

#### **Ingingo ya 108 :**

Amafaraanga y'inshumbusho yo ku musu ku musu aharurwa hafatiwe ku mafaraanga yose y'umushahara wo ku musu umukozi yaronse vy'ukuri ku kwezi kwa nyuma yaheruka guhemberwa, hagarashobora kuba harimwo n'uturusho tujanye n'ingene akazi kameze.

Le montant de l'indemnité est égal à autant de fois le salaire journalier qu'il y a de jours, ouvrables ou non, pendant la durée de la suspension du travail.

Igitigiri c'amafaraanga y'icyo nshumbusho kingana n'amafaraanga umukozi ahembwa ku musu ugwiye n'imisi y'akazi canke iyitari iy'akazi yamaze yahagaritse akazi.

#### **Article 109 :**

L'indemnité journalière est payée soit par la période de trente jours, soit à l'expiration de

#### **Ingingo ya 109 :**

Amafaraanga y'inshumbusho yo ku musu ku musu atangwa ku kiringo c'imisi mirongo

six semaines avant ou de huit semaines après l'accouchement.

**Article 110 :**

L'employeur qui maintient à la femme salariée pendant le repos légal des couches tout ou partie de son salaire est subrogé de plein droit à l'intéressée dans les droits de celle-ci à l'indemnité journalière, à condition qu'il soit lui-même en règle avec l'organisme de sécurité sociale et que la partie du salaire qu'il verse soit au moins égale à l'indemnité due par ledit organisme.

**Article 111 :**

Le repos de la femme en couches est soumis au contrôle de l'organisme de sécurité sociale.

Les indemnités journalières peuvent être supprimées pendant la période au cours de laquelle l'organisme de sécurité sociale a été mis dans l'impossibilité d'exercer le contrôle par le fait de l'intéressée.

**Article 112 :**

En plus des prestations en espèces prévues aux sections précédentes, des prestations en nature peuvent être servies aux conjoints et aux enfants du fonctionnaire ou du travailleur salarié ou à toute personne qualifiée qui a la charge de les affecter aux soins exclusifs de l'enfant.

**Article 113 :**

Outre le service des prestations en nature prévu à l'article précédent, l'organisme de protection sociale peut instituer des services médico-sociaux au profit des familles.

itatitatu canke indwi zitandatu zirangiye imbere y'ukwibaruka canke harangiye indwi umunani inyuma y'ukwibaruka.

**Ingingo ya 110 :**

Umukoresha agumye aha umushahara wose canke igice cawo umugore akorera ku masezerano y'akazi mu kiringo c'akaruhuko kajanye n'ukwibaruka kemewe n'amategeko, ni we aca ahabwa amafaranga y'imfashanyo yo ku musu ku musu uwo mugore yari afitiye uburenganzira, uwo mukoresha akayahabwa ari uko na we nyene aba asanzwe adaheraniye ishirahamwe ritegekaniriza kazoza kandi igice c'umushahara aha uwo mugore kikaba kingana n'imiburiburi n'amafaranga y'inshumbusho yo ku musu ku musu iryo shirahamwe ritegerezwa kumuha.

**Ingingo ya 111 :**

Ishirahamwe ritegekaniriza kazoza rirasuzuma ko umugore yafashe vy'ukuri akaruhuko kajanye n'ukwibaruka.

Amafaranga y'inshumbusho yo ku musu ku musu arashobora gufutwa mu kiringo ishirahamwe ritegekaniriza kazoza ritashoboye gusuzuma ko umugore yafashe akaruhuko kajanye n'ukwibaruka biturutse kuri we.

**Ingingo ya 112 :**

Uretse amafaranga ategekanijwe mu duce duhejeje kuvugwa, ibindi atari amafaranga birashobora gukorerwa uwubakanye n'umukozi wa Reta canke umukozi akorera ku masezerano y'akazi aronka umushahara n'abana biwe canke bikagirirwa umuntu wese afise ububasha bwo gukoresha ivyo bintu mu kuvuza gusa umwana.

**Ingingo ya 113 :**

Uretse ibirangurirwa abategekanirijwe bidatangwa mu mafaranga bitegekanijwe mu ngingo ya 112, ishirahamwe ritegekaniriza kazoza rirashobora gushinga ibisata bifasha

imiryango mu bijanye n'ukwivuzza hamwe n'ukuyikurikirana mu bibazo vy'ukubaho.

## SECTION 6 : Du régime d'assurance chômage

### Article 114 :

Le régime d'assurance chômage couvre tout salarié ou tout travailleur qui perd son emploi ou travail.

### Article 115 :

Les partenaires sociaux peuvent négocier la mise en place d'un régime d'assurance chômage au niveau des entreprises à travers des conventions collectives.

## CHAPITRE III : DES REGIMES COMPLEMENTAIRES

### Article 116 :

Les garanties de base offertes aux affiliés du système de protection sociale dans les différentes branches peuvent être complétées, autant que de besoin, par des prestations contributives s'ajoutant aux prestations des régimes de base.

Des dispositifs et des régimes collectifs offrant des prestations qui ont un caractère complémentaire sont, selon le cas, créés par voie législative, réglementaire ou conventionnelle.

Ils peuvent être facultatifs, partiellement ou totalement obligatoires.

## AGACE KA 6 : Igisata c'ivyerekeye uguteganziriza ugutakaza akazi

### Ingingo ya 114 :

Igisata c'ivyerekeye uguteganziriza ugutakaza akazi gifasha uwukorera ku masezerano y'akazi wese yahora aronka umushahara canke umukozi wese atakaje akazi.

### Ingingo ya 115 :

Abaserukira abakozi n'abaserukira abakoresha barashobora kwumvikana ibijanye n'ugushiraho amategeko agenga igisata c'uguteganziriza ugutakaza akazi mu mashirahamwe biciye mu masezerano rusangi bagiranira.

## IGICE CA III : IVYEREKEYE IBISATA VY'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA VYUNGANIRA IBISATA NYAMUKURU

### Ingingo ya 116 :

Ibintu nyamukuru bikorerwa abategekanirijwe kazoza mu bisata bitandukanye birashobora kwongerezwa, mu bishoboka vyose, hatanzwe intererano yiyongera ku bitegekanirizwa nyamukuru.

Ibindi vyokorerwa abategekanirizwa hamwe n'ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza abantu bafatiwe mu migwi vyunganira ibisata nyamukuru, bivanye n'ivyo ari vyo, bishirwaho biciye mw'ibwirizwa, mw'itegeko canke mu masezerano.

Ibirangurirwa uwategekanirijwe vyunganira ibisata nyamukuru birashobora gutegekanirizwa ata gahato canke hagategerezwa gutegekanirizwa bimwebimwe muri vyo canke vyose.

**Article 117 :**

Les réglementations et les normes techniques de financement des régimes complémentaires doivent s'appuyer sur les mêmes paramètres que ceux des régimes de base.

**Article 118 :**

Les normes de gestion des prestations, de financement et de gouvernance des régimes complémentaires sont fixées par un texte réglementaire.

Les normes visées à l'alinéa premier ont pour objet de garantir l'effectivité, l'équité et la pérennité des régimes complémentaires.

**Article 119 :**

En application du principe de spécialité, toutes les opérations financières d'un régime complémentaire font l'objet d'un bilan annuel d'intermédiation spécialisé et indépendant.

**Article 120 :**

Les régimes complémentaires ou spéciaux peuvent être gérés par des entreprises ou des groupes d'entreprises ou une organisation et ce, en harmonie avec les dispositions du présent Code de protection sociale.

**Ingingo ya 117 :**

Amategeko n'ibikurikizwa bijanye n'ubuhinga mu gutanga intererano mu bisata vy'ugutegekaniriza kazoza vyunganira ibisata nyamukuru bitegerezwa kwisunga ibisanzwe bikurikizwa mu bisata nyamukuru.

**Ingingo ya 118 :**

Ibikurikizwa mu gutunganya ibirangurirwa uwategekanirijwe, mu gutorokanya uburyo no mu gutunganya ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza vyunganira ibisata nyamukuru bishingwa biciye mw'itegeko.

Ibikurikizwa bivugwa mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo bifise intumbero yo gutuma ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza vyunganira ibisata nyamukuru bishika vy'ukuri ku ntumbero yavyo, bikora bitarenganya kandi ibikorwa vyavyo bikabandanya.

**Ingingo ya 119 :**

Hakurikijwe ingingo ngenderwako y'ukutavanga amakonte y'ibisata bitandukanye, ibikorwa vyose bijanye n'amafaranga yo mu gisata c'ugutegekaniriza kazoza cunganira igisata nyamukuru biragirirwa icegeranyo co ku mwaka cerekana amafaranga yinjiye n'ayasohotse y'ivyo bisata kandi ntuvangwe n'iy'ibindi bisata.

**Ingingo ya 120 :**

Ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza vyunganira ibisata nyamukuru canke ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza imigwi imwimwe bishobora gutunganywa n'amashirahamwe canke urunani rw'amashirahamwe canke amashirahamwe yiyunze, ivyo bikagirwa hubahirijwe ibitegekanijwe muri iki Gitabu c'amategeko agenga ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

**Article 121 :**

Seules les pensions complémentaires peuvent jouir des avantages fiscaux prévus par les dispositions de la loi fiscale en la matière.

**Ingingo ya 121 :**

Amapansiyo yunganira amapansiyo nyamukuru ni yo yonyene ashobora kuronka uturusho tujanye n'amakori nk'uko bitegekanijwe n'ingingo zivyerekeye zo mw'ibwirizwa rigenga amakori.

**CHAPITRE IV : DES REGIMES SPECIAUX ET DES REGIMES FACULTATIFS****IGICE CA IV : IVYEREKEYE IBISATA VY'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA IMIGWI IMWIMWE N'IVY'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA ATA GAHATO****Article 122 :**

Les régimes spéciaux sont des régimes institués en faveur des catégories particulières auxquelles peuvent appartenir des personnes à un moment donné de leur vie professionnelle.

**Ingingo ya 122 :**

Ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza imigwi imwimwe ni ibisata bigenewe imigwi imwimwe ishobora kubamwo abantu baba bariko barakora akazi mu kiringo kanaka.

**Article 123 :**

Les dispositifs et les régimes des travailleurs mobiles et indépendants comprennent les régimes de base et les régimes complémentaires.

**Ingingo ya 123 :**

Ibitegekanirizwa abakozi baguma bahindagura ibibanza bakoreramwo canke ubuzi n'abigenga hamwe n'ibisata vy'ukubategekaniriza kazoza bigizwe n'ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza nyamukuru hamwe n'ivyunganira ibisata nyamukuru.

Les régimes de base sont obligatoires, sous réserve du caractère volontaire de certaines prestations.

Ugutegekanirizwa kazoza mu bisata nyamukuru ni itegeko, hatirengagijwe ko bimwebimwe bitegekanirizwa ku gushaka.

**Article 124 :**

Les régimes spéciaux fonctionnent sur un principe assurantiel. Le financement de leurs prestations est assuré par les cotisations des assujettis.

**Ingingo ya 124 :**

Ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza imigwi imwimwe vyisunga itunganywa risanzwe ry'ugutegekaniriza kazoza. Uburyo bukoreshwa buva mu ntererano zisabwa abategekanirizwa.

**Article 125 :**

Les travailleurs mobiles et indépendants bénéficient, dans les conditions fixées par les textes en vigueur, de l'ensemble des prestations ouvertes au titre de la sécurité sociale.

**Ingingo ya 125 :**

Abakozi baguma bahindagura ibibanza bakoreramwo canke ubuzi hamwe n'abigenga bararangurirwa, hisunzwe ibisabwa bishingwa n'amategeko asanzwe akurikizwa, ibirangurirwa abategekanirijwe vyose.

Les prestations comprennent notamment les

Ibirangurirwa abategekanirijwe bigizwe

prestations des régimes de base et les prestations des régimes complémentaires.

**Article 126 :**

Sont potentiellement assujetties aux régimes des travailleurs mobiles et indépendants, toutes les personnes qui résident régulièrement sur le territoire national, notamment :

- les travailleurs domestiques ;
- les avocats ;
- les notaires ;
- les artisans ;
- les commerçants.

Les modalités de fonctionnement du régime des travailleurs mobiles et indépendants sont fixées par un texte réglementaire.

**CHAPITRE V : DES ASSURANCES SOCIALES**

**SECTION 1 : De l'organisation administrative**

**Article 127 :**

La gestion des prestations d'un régime de sécurité sociale est confiée à un organisme jouissant d'une autonomie administrative et financière.

**Article 128 :**

La création d'un organisme de sécurité sociale est fixée par un décret ou par les statuts négociés par les partenaires sociaux ou par des personnes morales de droit privé et agréés par le ministère ayant la protection sociale dans ses attributions.

canecane n'ivyo barangurirwa n'ibisata nyamukuru hamwe n'ivyo barangurirwa n'ibisata vyunganira.

**Ingingo ya 126 :**

Abafatwa ko bashobora kugengwa n'amategeko y'ugutegekaniriza kazoza abakozi baja barahindura ibibanza bakoreramwo canke ubuzi hamwe n'abigenga ni abantu basanzwe baba mu Burundi igihe cose, na bo akaba ari nk'aba bakurikira :

- abakozi bo mu ngo ;
- abashingwamanza ;
- abashingwanzandiko ;
- abanyamyuga ;
- abadandaza.

Ibikurikizwa mu gutegekaniriza kazoza abakozi baja barahindura ibibanza bakoreramwo canke ubuzi hamwe n'abigenga bishingwa n'itegeko.

**IGICE CA V: IVYEREKEYE UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA**

**AGACE KA 1: Uko ivyerekeye intwaro bitunganijwe**

**Ingingo ya 127 :**

Itunganywa ry'ibijanye n'ugutegekaniriza kazoza bishinzwe ishira hamwe ryitunganiriza ivyerekeye intwaro n'ikigega.

**Ingingo ya 128 :**

Ishira hamwe ritegekaniriza kazoza rishingwa biciye mw'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu canke n'amategeko ngenderwako yumvikanwako n'abaserukira abakozi hamwe n'abaserukira abakoresha canke n'amashira hamwe y'abikorera utwabo yemerewe gukora n'Ubushikiraniganji bujewe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

**Article 129 :**

L'organisme de sécurité sociale fonctionne sous la garantie et la surveillance de l'Etat.

**Article 130 :**

Les organes de gestion de l'organisme sont le conseil d'administration, le comité de recours gracieux, le comité de direction et le commissariat aux comptes.

Les membres du comité de direction sont recrutés sur la base de leurs compétences techniques.

**Article 131 :**

Les partenaires de l'organisme de sécurité sociale sont représentés d'une manière paritaire au conseil d'administration et au comité de recours gracieux.

Les statuts des organismes de sécurité sociale précisent clairement les partenaires du régime et la provenance des membres de leurs organes de gestion.

**SECTION 2 : De l'organisation financière****2.1. Des ressources****Article 132 :**

Les ressources des régimes de protection sociale sont constituées par :

1. les cotisations ;
2. les majorations encourues pour cause de retard dans le paiement des cotisations et dans la production des déclarations des cotisations ou des salaires ;
3. les produits des placements des fonds ;
4. les subventions de l'Etat ;
5. les dons et les legs ;

**Ingingo ya 129 :**

Ishirahamwe ritegekaniriza kazoza rikora ryishinzwe kandi ricungerewe na Reta.

**Ingingo ya 130 :**

Inzego zitunganya ishirahamwe ritegekaniriza kazoza ni urwego nshingwantwaro, komite ijewe kwumvikanisha, komite nyobozi hamwe n'urwego rw'abagenduzi b'amakonte.

Abagize komite nyobozi bashingwa ayo mabanga hafatiwe ku bushobozi bafise mu bijanye n'ubuhinga.

**Ingingo ya 131 :**

Abaserukira abakozi n'abaserukira abakoresha mw'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza baserukirwa ku rugero rungana mu rwego nshingwantwaro no muri komite ijewe kwumvikanisha.

Amategeko ngenderwako y'amashirahamwe ategekaniriza kazoza aratomora neza abaserukira abakozi n'abaserukira abakoresha abo ari bo hamwe n'ahava abagize inzego zayo ziyatunganya.

**AGACE KA 2: Itunganywa ry'ivyerekeye ubutunzi****2.1. Ahava uburyo****Ingingo ya 132 :**

Uburyo bw'ibisata bitegekaniriza kazoza bugizwe n'ibi :

1. intererano z'abategekanirizwa;
2. amafaranga yongerwako atangishwa kubera ugucerwa mu kuriha intererano no mu gushikiriza inzandiko zimenyeshaho intererano canke imishahara ;
3. inyungu ku mafaranga yabikijwe;
4. imfashanyo zitangwa na Reta ;
5. ingabire n'ibisigi;

6. toutes autres ressources attribuées par un texte législatif ou réglementaire.

Les ressources des régimes ne peuvent être utilisées que pour couvrir les prestations et les frais d'administration indispensables à leur fonctionnement.

Les frais de fonctionnement ne doivent pas dépasser dix pourcent des ressources.

**Article 133 :**

Chaque régime fait l'objet d'une gestion financière distincte, les ressources d'un régime ne pouvant être affectées à la couverture des charges d'un autre régime.

**Article 134 :**

Les cotisations dues pour chaque régime sont, dans la limite d'un plafond ou pas, assises sur l'ensemble des rémunérations, des primes, des indemnités, des gratifications, des pensions, des rentes perçues par les personnes physiques assujetties, à l'exclusion des sommes ayant le caractère d'un remboursement de frais.

Le plafond des cotisations est le même pour tous les affiliés au même régime.

Les dispositions régissant chaque régime déterminent les rémunérations forfaitaires servant au calcul des cotisations applicables à certaines catégories d'assujettis et prescrivent des modalités particulières pour leur recouvrement.

6. ubundi buryo bwose butangwa biciye mw'ibwirizwa canke itegeko.

Uburyo bw'ibisata bitegekaniriza kazoza bukoreshwa gusa ku birangurirwa abategekanirijwe hamwe no mu kuriha amafaranga ivyo bisata bikenera kugira bikore.

Amafanga akoreshwa kugira igisata gishobore gukora ntashobora kurenga ibice icumi kw'ijana vy'uburyo bwaco.

**Ingingo ya 133 :**

Igisata kimwekimwe cose gitegekaniriza kazoza kiritunganyiriza uburyo bwaco ukwaco, uburyo bw'igisata kanaka bukaba budashobora gukoreshwa mu kurihira ikindi gisata gitegekaniriza kazoza.

**Ingingo ya 134 :**

Intererano zirihwa mu gisata kimwekimwe cose gitegekaniriza kazoza ziharurwa, urugero rwo hejuru ntarengwa rwaba rutegekanijwe canke rudategekanijwe, hafatiwe ku mpembo, ku dushirikabute, ku turusho, ku dushimwe, ku mapansiyo, ku mafaranga y'umukando aja arahabwa ababifitiye uburenganzira, ivyo bigahabwa abantu bategerezwa gutegekanirizwa, havuyemwo amafaranga afatwa nk'ayasubizwa.

Urugero rwo hejuru ntarengwa rw'amafaranga afatirwako mu guharura intererano ni rumwe ku bategekanirizwa bose bari mu gisata kimwe.

Ingingo zigenga igisata kimwekimwe cose ziramora igitigiri c'amafaranga y'impembo gishingwa icamaso gifatirwako mu guharura intererano zitangishwa ku migwi imwimwe y'abategerezwa gutegekanirizwa zikongera zigatomora ibikurikizwa mu kwishuza izo ntererano.

**Article 135 :**

Le taux de cotisation afférent à chaque régime est fixé par ordonnance sur proposition du conseil d'administration de l'organisme, sur base des recommandations issues d'une étude actuarielle. Le taux peut être révisé chaque fois que de besoin selon la même procédure.

Les cotisations des régimes des soins médicaux et des pensions sont réparties entre le travailleur et son employeur selon les proportions déterminées par les textes les régissant, la part incombant au travailleur ne pouvant en aucun cas dépasser quarante pour cent du montant de cette cotisation.

Les cotisations aux régimes des risques professionnels et des prestations familiales sont à charge exclusive de l'employeur.

**Article 136 :**

Les taux de cotisations de base au régime d'assurance-chômage sont négociés entre les organisations d'employeurs et de travailleurs. Ils peuvent également faire l'objet de négociations aux niveaux des organisations professionnelles ou des entreprises dans le seul objectif d'améliorer le niveau de protection sociale contre le chômage.

**Article 137 :**

Les taux de cotisations sont fixés de manière que les produits de chaque régime, y compris les produits de placements, permettent de couvrir l'ensemble des dépenses de prestations ainsi que la partie des dépenses d'administration qui s'y rapporte, et de disposer du montant nécessaire à la constitution des diverses réserves et du fonds de roulement.

**Ingingo ya 135 :**

Urugero rw'intererano itangishwa mu gisata kimwekimwe c'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza rushingwa n'itegeko nshikiranganji bishikirijwe n'urwego nshingwantwaro, hafatiwe ku vyasabwe bivuye ku cigwa cerekeye ubuzima na kazoza vy'amashirahamwe. Urwo rugero rurashobora gusubirwamwo igihe cose biba bikenewe muri ubwo buryo nyene.

Mu ntererano zitangishwa mu bisata biteganiriza indwara hamwe no mu vy'ugutegekaniriza amapansiyo hari igice gitangwa n'umukozi n'ikindi gitangwa n'umukoresha wiwe hisunzwe ibice bitomorwa n'amategeko abigenga, igice gitangwa n'umukozi kikaba kidashobora kurenga ibice mirongo ine kw'ijana vy'iyo ntererano.

Intererano zitangishwa mu bisata vy'ugutegekaniriza impanuka zituruka ku kazi n'iz'ivyerekeye ibirangurirwa umuryango zitangwa n'umukoresha wenyene.

**Ingingo ya 136 :**

Urugero rufatirwako mu gushinga intererano mu gisata c'ugutegekaniriza ugutakaza akazi rushingwa amashirahamwe y'abakoresha avyumvikanyeko n'amashirahamwe y'abakozi. Urwo rugero rurashobora kandi gushingwa amashirahamwe y'imyuga canke ayandi mashirahamwe avyumvikanyeko mu ntumbero gusa yo kurushirizaho gukingira no gutegekeniriza kazoza abatakaje akazi.

**Ingingo ya 137 :**

Urugero rw'intererano rushingwa ku buryo amafaranga yinjira mu kigega c'igisata kimwekimwe cose, harimwo n'inyungu ziva mu mafaranga yabikijwe, atuma hashobora kurihwa amafaranga yose akoreshwa ku birangurirwa abategekanirijwe n'ayakoreshwa mu gutunganya ibikorwa bijanye, hakongera hagategekanywa amafaranga akenewe mu gushiraho ibigega vy'integabizozza

bitandukanye hamwe n'ayatuma igisata kibandanya gikora.

**Article 138 :**

L'assiette des cotisations des assurés sociaux indépendants ou des membres des organisations de l'économie solidaire ainsi que leurs taux de cotisations aux différents régimes sont déterminés par une ordonnance du Ministre ayant la protection sociale dans ses attributions, sur base des recommandations issues des études actuarielles.

**Article 139 :**

Dans le cas des travailleurs salariés, l'employeur est débiteur de l'ensemble des cotisations dues y compris la part du travailleur qui est précomptée sur le traitement, le salaire, la pension ou la rente au moment de leur versement.

L'employeur verse les cotisations globales dont il est responsable mensuellement ou trimestriellement, selon le cas, au plus tard le quinzième jour du mois qui suit celui auquel elles sont dues.

**Article 140 :**

Dans le cas des assurés sociaux indépendants ou enregistrés au nom des organisations professionnelles, le débiteur de la cotisation globale est l'assuré lui-même ou l'organisation professionnelle responsable.

La périodicité du versement des cotisations est fixée selon la nature du revenu.

Une majoration de retard est appliquée aux cotisations qui n'ont pas été acquittées dans le délai prescrit.

**Article 141 :**

Dans le cas des travailleurs salariés, l'employeur est tenu de produire une

**Ingingo ya 138 :**

Ibitangwako intererano z'abategekanirizwa bigenga canke abo mu mashirahamwe y'ugushigikirana hamwe n'urugero rw'intererano zabo mu bisata bitandukanye vy'ugutegekaniriza kazoza bishingwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu, hisunzwe ivyasabwe gushirwa mu ngiro biva mu vyigwa vyerekeye ubuzima na kazoza vy'ishirahamwe.

**Ingingo ya 139 :**

Mu gihe ari abakozi baronka umushahara, umukoresha ni we ariha intererano zose zisabwa harimwo n'igice gitangwa n'umukozi gikurwa ku mpembo, umushahara, ipansiyo canke ku mukando mu gihe c'ukubitanga.

Umukoresha atanga intererano zose asabwa ku kwezi ku kwezi canke ku mezi atatata bivanye n'uko bitegekanijwe, bitarenze ku musi ugira icumi na gatanu w'ukwezi gukurikira uko yategerezwa kuzitangamwo.

**Ingingo ya 140 :**

Mu gihe ari abategekanirizwa bigenga canke banditswe kw'izina ry'amashirahamwe y'imyuga, uwuriha intererano zose zisabwa ni uwutegekanirizwa we nyene ubwiwe canke ishishirahamwe akorera.

Ibiringo vy'ugutangirako intererano bishingwa bivanye n'ingene amafaranga aboneka.

Haratangishwa amafaranga yiyongera ku ntererano kubera gucerwa kuzitanga mu kiringo gitegekanijwe.

**Ingingo ya 141:**

Mu gihe ari abakozi baronka umushahara, umukoresha ategerezwa gushikiriza

déclaration mensuelle ou trimestrielle indiquant, pour chaque salarié, au cours du mois concerné, le montant total des rémunérations perçues ainsi que la durée du travail effectué.

La déclaration est adressée à l'organisme gestionnaire au plus tard le quinzième jour du mois qui suit celui auquel les cotisations sont dues.

**Article 142 :**

Dans le cas des assurés sociaux membres d'une organisation professionnelle, celle-ci est tenue de produire une déclaration mensuelle ou trimestrielle de ses membres pour lesquels elle verse les cotisations.

La déclaration doit être accompagnée d'une preuve de paiement des cotisations.

**Article 143 :**

Le défaut de production aux échéances prescrites de la déclaration mensuelle donne lieu à l'application d'une majoration dans les conditions fixées par les textes régissant chaque régime.

**Article 144 :**

Les périodicités de déclaration et de paiement des cotisations pour le secteur non structuré sont déterminées par des textes réglementaires.

**2.2. Du recouvrement des cotisations**

**Article 145 :**

Dans le cas des travailleurs salariés, l'employeur ne peut récupérer à charge de l'assuré le montant des prélèvements qu'il a omis d'effectuer au moment du paiement de la rémunération, le salaire, la pension ou la

urwandiko ku kwezi ku kwezi canke ku mezi atatatu rumenyeshya, ku mukozi umwumwe, mu kwezi vyerekeye, igitigiri c'amafaranga yahembwe yose hamwe n'ikiringo yamaze akora.

Urwo rwandiko rushikirizwa ishira hamwe rijejwe gutunganya ivyerekeye gutegekaniriza kazoza hatarenze umusi ugira icumi na gatanu w'ukwezi gukurikira uko intererano zategerezwa gutangwamwo.

**Ingingo ya 142**

Mu gihe abategekanirijwe ari abo mw'ishirahamwe ry'imyuga, iryo shirahamwe ritegerezwa gushikiriza ku kwezi ku kwezi canke ku mezi atatatu urwandiko ruriko urutonde rw'abakozi baryo ritangira intererano.

Urwo rwandiko rutegerezwa gushikirizwa ruri kumwe n'icemeza ko intererano zarishwe.

**Ingingo ya 143 :**

Ibiringo vyashinzwe birangiye hatarashikirizwa urwandiko rutangwa ku kwezi ku kwezi ruriko abatanga intererano, haca hongerwako amafaranga y'ugucererwa, bikagirwa hisunzwe ibitegekanijwe n'amategeko agenga igisata kimwekimwe.

**Ingingo ya 144 :**

Ibiringo bishikirizwako urwandiko ruriko abatanga intererano n'ivyo intererano zishikirizwako ku bategekanirizwa bo mu gisata kidatunganijwe n'amategeko bitomorwa n'amategeko.

**2.2. Ukwishuza intererano**

**Ingingo ya 145 :**

Mu gihe ari abakozi baronka umushahara, umukoresha ntashobora kugarura amafaranga y'intererano yategerezwa gutangwa n'umukozi yategekanirijwe hageze ko umukozi aronka impembo, umushahara,

rente.

Le paiement de la cotisation du salarié reste définitivement sous la responsabilité de l'employeur, toute convention contraire étant nulle de plein droit.

**Article 146 :**

Lorsqu'un travailleur est occupé simultanément ou successivement au service de deux ou de plusieurs employeurs, chacun de ces derniers retient et verse les cotisations correspondant aux rémunérations que le travailleur a gagnées chez lui.

Lorsque les rémunérations soumises à cotisation sont plafonnées, l'organisme détermine la part des cotisations incombant à chaque employeur.

**Article 147 :**

En matière de risques professionnels, en cas d'employeurs multiples, chaque employeur doit s'assurer entièrement contre les risques professionnels qui surviennent dans son entreprise.

**Article 148 :**

Lorsque le montant des salaires devant servir de base au calcul des cotisations n'a pas été communiqué à l'organisme, une taxation d'office provisoire est effectuée par ce dernier qui peut notamment se faire communiquer par les services fiscaux, tous renseignements susceptibles de faciliter le contrôle des salaires.

Les modalités de la taxation d'office sont déterminées par les textes régissant chaque régime.

ipansiyo canke umukando mu gihe atayakase ku gihe.

Umukoresha ni we aguma abazwa intererano y'umukozi aronka umushahara, amasezerano yose ateye kubiri n'iyi ngingo akaba aca aba impfagusa.

**Ingingo ya 146 :**

Mu gihe umukozi akoreshwa n'abakoresha babiri canke barenga icarimwe canke akabakorera mu bihe bitandukanye, umwumwe wese muri abo arakurako intererano zihuye n'imishahara uwo mukozi yahembwe hanyuma akazitanga mw'ishirahamwe rimutegekaniriza kazoza.

Mu gihe umushahara ukurwako intererano washingiwe urugero rwo hejuru ntarengwa rufatirwako mu guharura intererano, ishishirahamwe ritegekaniriza kazoza riratomora intererano zitegerezwa gutangwa n'umukoresha umwumwe.

**Ingingo ya 147 :**

Mu vyerekeye impanuka zituruka ku kazi, igihe uwutegekanirizwa akoreshwa n'abakoresha benshi, umukoresha umwumwe wese ategerezwa kumutegekaniriza impanuka zose zituruka ku kazi zishobora gushika mw'ishirahamwe ryiwe.

**Ingingo ya 148 :**

Mu gihe igitigiri c'imishahara ifatirwako mu guharura intererano kitamenyeshajwe ishishirahamwe ritegekaniriza kazoza, iryo shishirahamwe riratangisha amafaranga y'intererano ryishingiye ryonyene ivy'imfatakibanza, rigashobora nko gusaba ibisata bijejwe amakori n'amatagisi kurimenyeshya inkuru zose zishobora gufasha mu kugenzura imishahara.

Ibikurikizwa mu gushinga ayo mafaranga y'intererano bitomorwa n'amategeko agenga igisata kimwekimwe cose.

**Article 149 :**

Le paiement des cotisations et des majorations de retard est garanti par un privilège sur les biens meubles et immeubles de l'employeur qui prend rang immédiatement avant le Trésor et après celui qui garantit le paiement des salaires.

**Article 150 :**

Si le débiteur des cotisations de protection sociale, tel l'employeur, l'organisme professionnel ou l'assuré indépendant ne s'exécute pas dans les délais prescrits, toute action en poursuite effectuée contre lui, est obligatoirement précédée d'une mise en demeure adressée sous forme de lettre recommandée avec demande d'avis de réception l'invitant à régulariser sa situation dans les quinze jours, ou notifiée par un agent de l'organisme de recouvrement assermenté à cet effet.

La mise en demeure peut être interrompue par le recours du débiteur devant le comité de recours gracieux pour contester la réalité ou le montant de la dette, à condition que le recours soit formé dans les quinze jours à compter de l'avis de réception ou de la notification prévue à l'alinéa 1 du présent article.

Si la mise en demeure reste sans effet, l'organisme peut, indépendamment de toute action pénale, délivrer une astreinte sous la forme d'un relevé des sommes dues à titre exécutoire.

Le relevé des sommes dues à titre exécutoire est signifié par toutes voies de droit notamment par l'agent de l'organisme.

**Ingingo ya 149 :**

Uburenganzira bw'ukurihwa intererano n'amafaranga yiyongera kubera gucerwa kuriha imbere y'abandi baheraniwe ku matungo yimuka n'ayatimuka y'umukoresha, buza imbere yuko Reta irihwa ariko hakabanza imishahara.

**Ingingo ya 150:**

Iyo uwutanga intererano z'ugutegekaniriza kazoza, nk'umukoresha, ishira hamwe ry'abanyamwuga canke uwutegekanirizwa yigenga mu kazi akora atazitanze mu biringo bitegekanijwe, imbere y'ukumukurikirana mu buryo ubwo ari bwo bwose, ategerezwa kubanza kugabishwa biciye mw'ikete rishikirizwa uwo rigenewe akemeza ko yaryakiriye rimusaba kuriha mu misi icumi n'itanu intererano atatanze, canke akabimenyeshwa n'umukozi w'ishira hamwe ritegekaniriza kazoza ajejwe kwishuza izo ntererano.

Ukugabishwa bishobora guhagarikwa mu gihe uwuheranye intererano yituye komite ijewe ukwumvikanisha kugira ahakane ko aheranye amafaranga y'intererano canke igitigiri c'ayo yishuzwa, bikagirwa mu misi icumi n'itanu iharurwa kuva yemeje ko yaronse ikete ry'ukumugabisha canke kuva abimenyeshwe mu buryo butegekenijwe mu gahimba ka mbere k'iyi ingingo.

Iyo uwuheranye intererano ata co akoze amaze kugabishwa, ishira hamwe rirashobora, kandi ntibibuze ko hashingishwa urubanza rw'ivyaha, gutanga urwandiko rutegeka kuriha ihadabu rija ririyongera uko umusi urengako mu buryo bw'urutonde rw'amafaranga ategerezwa kurihwa kandi rukaba rufise ububasha bw'ugukurikizwa.

Urutonde rw'amafaranga ategerezwa kurihwa rufise ububasha bw'ugukurikizwa rumenyeshwa mu buryo bwose bwemewe n'amategeko na canecane n'umukozi

w'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza.

**Article 151 :**

Les contrôleurs de l'organisme de recouvrement ont la qualité d'huissier ; ils font les commandements, les saisies et les ventes à l'exception des ventes immobilières, lesquelles sont faites par le directeur des titres fonciers.

**Article 152 :**

Tous fermiers, locataires, receveurs, agents économes, banquiers, notaires, avocats, huissiers, greffiers, curateurs représentants et autres dépositaires et débiteurs de revenus, sommes, valeurs ou meubles affectés au privilège sont tenus, sur demande qui leur en est faite par pli recommandé émanant de l'organisme, de payer à l'acquit des employeurs redevables et sur le montant des fonds ou valeurs qu'ils doivent ou qui sont entre leurs mains jusqu'à concurrence de tout ou partie des cotisations ou intérêts moratoires dus par ces derniers.

La demande vaut sommation avec opposition sur les sommes, les valeurs ou les revenus. A défaut pour les tiers détenteurs de satisfaire à la demande de l'organisme, ceux-ci sont poursuivis comme s'ils étaient débiteurs directs.

**Ingingo ya 151 :**

Abasuzumyi b'ishirahamwe ryishuza intererano bafise ububasha bw'umumenyeshamanza; baratanga amakete ategeka kuriha, bagafata ibintu kandi bakabigurisha kiretse amatungo atimuka, yoyo agurishwa n'umuyobozi w'igisata kijejwe gutanga no gushingura impapuro ndangatongo.

**Ingingo ya 152 :**

Abakose imirima bose, abakose ibindi ivyo ari vyo vyose, abatoza amafaranga yinjira mu kigega ca Reta, abanyabigega, abakora mu mabanki, abashingwanzandiko, abashingwamanza, abamenyeshamanza, abanditsi b'imanza, abajewe gukurikirana inyungu z'ishirahamwe ryahombye n'abandi babikishijwe ubutunzi hamwe n'abaheranye amafaranga yinjijwe, amafaranga kanaka, inzandiko z'agaciro canke amatungo yimuka yagenewe kuriha abaheraniwe bashirwa imbere y'abandi, bategerezwa, babisabwe n'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza, biciye mw'ikete ritegerezwa gushikirizwa uwo rigenewe akemeza ko yaryakiriye, kuriha amafaranga abakoresha bari bategerejwe kuriha ishishirahamwe ritegekaniriza kazoza kandi bayakuye ku mafaranga bategerezwa kurihamwo imyenda ava mu matungo canke mu nzandiko z'agaciro canke ayari mu minwe yabo, gushika ku rugero rw'amafaranga y'intererano yose canke igice cayo canke inyungu zategerezwa kurihwa bitumwe n'ugucerwa kuriha intererano.

Ugusaba ko intererano zitarishwe ku gihe zirihwa bifatwa nk'itegeko ririmwo n'uguhagarikisha amafaranga, inzandiko z'agaciro canke amafaranga yinjira. Iyo abafise amafaranga y'abakoresha bategerezwa kuriha intererano badakoze ivyo basabwe n'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza, bakurikiranwa nk'uko boba ari bo

Les modalités d'application de ces dispositions sont déterminées par les textes régissant chaque régime.

**Article 153 :**

L'exécution de l'astreinte visée à l'article 150 peut être interrompue par le recours du débiteur devant le Tribunal du travail pour contester la réalité ou le montant de la dette.

Le recours est formé dans le délai de quinze jours à compter de la signification prévue à l'article 150.

**2.3. De l'équilibre financier, fonds de réserves et action sociale et sanitaire**

**Article 154 :**

Pour assurer le fonctionnement de l'organisme et maintenir l'équilibre financier, il est institué un fond de roulement et autant de fonds de réserves que de besoin selon les conditions définies par les textes régissant chaque régime.

**Article 155 :**

Il est également institué un fonds d'action sanitaire et sociale dont les ressources et leur utilisation sont déterminées par les textes régissant chaque régime.

nyene bariheraniye.

Ibikurikizwa mu gushira mu ngiro ibihejeje kuvugwa bitomorwa n'amategeko agenga igisata kimwekimwe cose gitegekaniriza kazoza.

**Ingingo ya 153 :**

Ikurikizwa ry'ingingo itangisha ihadabu rivugwa mu ingingo ya 150 rirashobora guhagarikwa igihe uwishuzwa intererano yituye sentare y'akazi kugira ahakane ko aheranye amafaranga y'intererano canke igitigiri c'ayo yishuzwa.

Sentare yiturwa mu kiringo c'imisi icumi n'itanu giharurwa kuva hamenyeshewe amafaranga ategerezwa kurihwa nk'uko bitegekanijwe mu ingingo ya 150.

**2.3. Ugutuma ubutunzi bw'ishirahamwe buguma bwifashe neza, ikigega c'amafaranga y'integabizozo n'ic'ugufasha abategekanirijwe kubaho neza hamwe n'ukubavuzza**

**Ingingo ya 154 :**

Kugira ishishirahamwe ritegekaniriza kazoza rikore neza kandi ubutunzi bwaryo bugume bwifashe neza, harashinzwe ikigega c'amafaranga atuma ishishirahamwe ribandanya rikora n'ibindi bigega vy'amafaranga y'integabizozo, igitigiri cavyo kikavana n'ibiba bikenewe hisunzwe ibisabwa bitomorwa n'amategeko agenga igisata kimwekimwe cose c'ugutegekaniriza kazoza.

**Ingingo ya 155 :**

Harashinzwe kandi ikigega c'amafaranga y'ukuvuzza abategekanirijwe n'ukubafasha kubaho neza, aho ayo mafaranga ava n'ingene akoreshwa bigatomorwa n'amategeko agenga igisata kimwekimwe cose c'ugutegekaniriza kazoza.

**Article 156 :**

Une étude actuarielle de chaque régime est effectuée au moins une fois tous les cinq ans et chaque fois que de besoin. Si l'analyse révèle un danger de déséquilibre financier, il est procédé à toutes mesures susceptibles de rétablir l'équilibre financier du régime.

La révision des taux de cotisations constitue un dernier recours.

**SECTION 3 : De l'organisation comptable****Article 157 :**

Les dépenses de l'organisme sont constituées par :

1. le paiement des prestations ;
2. les frais de fonctionnement ;
3. les dépenses d'investissement ;
4. les intérêts et annuités d'amortissement des dettes ;
5. les taxes, contributions, impôts et charges sociales légalement dus.

**Article 158 :**

Les règles relatives aux opérations financières et comptables sont fixées par une ordonnance du Ministre ayant la protection sociale dans ses attributions.

**Ingingo ya 156 :**

Haragirwa icigwa cerekeye ubuzima na kazoza vy'ishirahamwe mu gisata kimwekimwe cose c'ugutegekaniriza kazoza n'imburiburi rimwe mu myaka itanu n'igihe cose biba bikenewe. Iyo ico cigwa cerekanye ko ubutunzi bw'ishirahamwe bushobora kubangamirwa, haca hafatwa ingingo zishobora gutuma ikigega c'ishirahamwe gitunganywa neza kuruta.

Urugero rw'amafaranga y'intererano zitangwa rusubirwamwo ari uko ubundi buryo bwose bwanse.

**AGACE KA 3: Itunganywa ry'amafaranga yinjira n'ayasohoka****Ingingo ya 157 :**

Amafaranga ishishirahamwe ritegekaniriza kazoza risohora yerekeye ibi bikurikira:

1. ukuriha ibirangurirwa abategekanirijwe;
2. amafaranga rikoresha mu bikorwa vya misi yose ;
3. amafaranga rikoresha mu migambi y'iterambere;
4. inyungu zitangwa ku myenda ryafashe n'ayo kuriha iyo myenda ku mwaka ku mwaka;
5. amatagisi, ayo riterera, amakori n'ibindi ririha bitegekanijwe n'amategeko.

**Ingingo ya 158 :**

Ibikurikizwa mu bikorwa bijanye n'amafaranga hamwe no mu guharura ayinjira n'ayasohoka bishingwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ibijanye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

CHAPITRE VI : DES MUTUELLES SOCIALES

IGICE CA VI : IVYEREKEYE AMASHIRAHAMWE Y'UGUSHIGIKIRANA MU GUTEGEKANIRIZA KAZOZA

SECTION 1 : Du statut juridique des mutuelles sociales

AGACE KA 1 : Ingene amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza afatwa imbere y'amategeko

**Article 159 :**

Les mutuelles sociales sont dotées d'une personnalité morale de droit privé sans but lucratif et d'une autonomie administrative, organique et financière.

**Ingingo ya 159 :**

Amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza akora nk'amashirahamwe y'abikorera utwabo adaharanira inyungu z'amafaranga kandi yitunganiriza ivyerekeye intwaro, inzego n'ikigega.

**Article 160 :**

Les mutuelles sociales sont des organismes privés chargés d'une mission de service public. A ce titre, l'Etat leur assure un cadre approprié pour le développement de leurs activités, assure leur protection et garantit les intérêts de leurs membres à travers des mécanismes d'appui, de suivi et de régulation.

**Ingingo ya 160 :**

Amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza ni amashirahamwe y'abikorera utwabo akora ku neza ya bose. Kubera ivyo, Reta irayashiriraho ibikenewe kugira ibikorwa vyayo bitere imbere, ikayakingira ikongera igahagararira inyungu z'abanywanyi bayo mu kuyashigikira, mu kuyakurikiranira hafi no mu kuyacungera.

**Article 161 :**

Les mutuelles sociales sont soumises à la tutelle du ministère ayant la protection sociale dans ses attributions. A ce titre, celui-ci édicte des mesures relatives à leur fonctionnement administratif et financier par ordonnance.

**Ingingo ya 161 :**

Amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza akukira Ubushikirananganji bujejwe ivyerekeye ugukinga n'ugutegekaniriza kazoza. Kubera ivyo, ubwo Bushikirananganji burashinga, biciye mw'itegeko nshikirananganji, ingingo zijanye n'ingene ayo mashirahamwe akora mu vyerekeye intwaro n'ikigega.

**Article 162 :**

L'autorité de régulation des programmes et des systèmes de protection sociale donne l'agrément aux membres du conseil d'administration et aux gérants par décision pour autant que les conditions requises soient respectées.

**Ingingo ya 162 :**

Urwego rujejwe ugucungera imigambi n'ibisata bujejwe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu ruremerera gukora abagize urwego nshingwantwano n'abajejwe gutunganya ishishirahamwe ritegekaniriza kazoza biciye mu ngingo rufata, igihe ibisabwa vyubahirijwe.

**Article 163 :**

Des textes d'application du présent code fixent les modalités de création, d'agrément, de fonctionnement et de gestion des mutuelles sociales ainsi que les droits et obligations des mutuelles sociales et des structures faitières.

**SECTION 2 : De l'agrément****Article 164 :**

Aucune mutuelle, union ou fédération et confédération des mutuelles sociales ne peut fonctionner avant d'avoir été préalablement agréée par l'autorité de régulation des programmes et des systèmes de protection sociale.

**Article 165 :**

Le dossier transmis à l'autorité de tutelle pour l'agrément est composé des pièces principales suivantes :

1. une lettre de demande d'agrément ;
2. un rapport d'une étude de faisabilité du régime se rapportant à son objet ;
3. les statuts notariés et le règlement d'ordre intérieur de la Mutuelle sociale ou de la structure faitière des Mutuelles sociales ;
4. le procès-verbal de l'assemblée constituante contenant les noms des membres de l'organe dirigeant de la Mutuelle sociale ou de la structure faitière ;
5. la liste des membres fondateurs dont l'effectif minimal est précisée dans les

**Ingingo ya 163 :**

Amategeko ashira mu ngiro iki Gitabu c'amategeko aratomora ibikurikizwa mu gushinga amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza, ingene yemererwa gukora, ingene akora n'ingene atunganywa hamwe n'ivyo ayo amashirahamwe n'inani zayo bifitiye uburenganzira n'ivyo bitegerejwe.

**AGACE KA 2: Ukwemerera amashirahamwe gukora****Ingingo ya 164 :**

Nta shirahamwe na rimwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza, ayagiye hamwe canke ifederasiyo hamwe n'urunani rw'amafederasiyo bishobora gukora bitabanje kuvyemererwa n'Urwego rujejwe gucungera imigambi n'ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza.

**Ingingo ya 165 :**

Idosiye ishikirizwa Urwego ishirahamwe rikukira kugira ryemererwe gukora iba igizwe n'ibi bikurikira :

1. ikete ry'ugusaba kwemererwa gukora;
2. icegeranyo c'icigwa cerekana ko ishirahamwe rishobora gukora hafatiwe ku vyo ryishinze;
3. amategeko ngenderwako yemejwe n'umushingwanzandiko n'amategeko ntunganyabikorwa y'amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke ay'urunani rw'ayo mashirahamwe;
4. icegeranyo c'inama y'ugushinga ishirahamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke urunani rw'amashirahamwe nk'ayo kirimwo amazina y'abagize urwego nyobozi;
5. Urutonde rw'abatanguje ishirahamwe, igitigiri cabo gito gisabwa kigatomorwa

textes d'application

n'amategeko ashira mu ngiro iki Gitabu c'amategeko.

**Article 166 :**

Le refus d'agrément ne peut intervenir que si les dispositions légales et réglementaires relatives à la constitution des mutuelles sociales ne sont pas respectées.

**Ingingo ya 166 :**

Ishirahamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza rishobora kwankirwa gukora gusa igihe ibitegekanijwe n'amabwirizwa hamwe n'amategeko yerekeye ugushinga amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza bitubahirijwe.

**Article 167 :**

Les mutuelles, les unions, les fédérations et les confédérations de mutuelles sociales dûment agréées sont soumises aux dispositions du présent code dès leur immatriculation.

**Ingingo ya 167 :**

Amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza, ayagiye hamwe, amafederasiyo hamwe n'inani z'amafederasiyo yemerewe gukora biciye mu mategeko agengwa n'ibitegekanijwe n'iki Gitabu c'amategeko kuva agihabwa inomero ziyaranga.

**SECTION 3 : De l'organisation financière**

**AGACE KA 3 : Itunganywa ry'ikigega**

**3.1. Des ressources et des dépenses**

**3.1. Ahava uburyo hamwe n'amafaranga asohorwa**

**Article 168 :**

Les ressources principales de la mutuelle sociale et des structures faitières sont :

**Ingingo ya 168 :**

Uburyo bw'ishirahamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza n'ubw'inani z'amashirahamwe nk'ayo buva ahanini muri ibi:

1. les droits d'adhésion ;
2. les cotisations ;
3. les contributions des membres d'honneur ;
4. les dons, les legs et les subventions diverses.

1. amafaranga asabwa mu kuba umunywanyyi;
2. intererano ;
3. intererano zitangwa n'abanywanyyi b'iteka;
4. ingabire, ibisigi hamwe n'imfashanyo zitandukanye zitangwa na Reta;

Les ressources peuvent être améliorées par les emprunts, les produits des activités génératrices de revenus et les produits financiers.

Uburyo bushobora kwongererezwa n'ingurane, amafaranga ava mu bikorwa vyinjiza amafaranga hamwe n'inyungu ziva ku yabikijwe.

**Article 169 :**

Les emprunts contractés, les dons, les legs et les subventions doivent être accordés conformément à l'objet social de la mutuelle sociale ou des structures faitières.

**Article 170 :**

Les mutuelles sociales peuvent placer des fonds dans les unions auxquelles elles sont affiliées et dans les établissements financiers agréés.

**Article 171 :**

Les excédents annuels nets sont soumis à un prélèvement obligatoire pour la constitution d'un fonds de réserve légale de la mutuelle avant toute autre utilisation.

La réserve légale est de cinq pour cent.

**Article 172 :**

L'affectation des excédents a pour finalité d'accroître la marge de solvabilité de la mutuelle sociale en vue d'améliorer les prestations.

**Article 173 :**

L'affectation des excédents se fait selon les ratios prudentiels spécifiques à chaque groupe de risques couverts par les mutuelles sociales ou structures faitières.

**Ingingo ya 169 :**

Ingurane ishira hamwe risaba, ingabire, ibisigi n'imfashanyo bitegerezwa gutangwa hisunzwe intumbero y'ishira hamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke inani z'amashira hamwe nk'ayo.

**Ingingo ya 170 :**

Amashira hamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza arashobora kubitsa amafaranga mu mahuriro ayo mashira hamwe arimwo no mu mashira hamwe yemewe n'amategeko akora nk'amabanki.

**Ingingo ya 171 :**

Amafaranga y'umusekara asigara ku mwaka vyose vyamaze kurihwa ategerezwa gukurwako ayashirwa mu kigega c'integabizwa gitegerejwe n'amategeko c'ishira hamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza imbere yuko akoreshwa ikindi cose.

Amafaranga ashirwa mu kigega c'integabizwa gitegerejwe n'amategeko ni ibice bitanu kw'ijana.

**Ingingo ya 172 :**

Amafaranga y'umusekara agenerwa ico akoreshwa mu ntumbero yo gutuma ishira hamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza ryongereza ubushobozi bw'ukuriha ibikenewe bigatuma abategekanirijwe barangurirwa neza kuruta ivyo bafitiye uburenganzira.

**Ingingo ya 173 :**

Amafaranga y'umusekara agenerwa ico akoreshwa hisunzwe urugero rutegekanijwe n'amategeko rujanye n'itunganywa ribereye ku mugwi umwumwe w'impanuka ziteganirizwa n'amashira hamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke inani z'amashira hamwe nk'ayo.

**Article 174 :**

Les mutuelles sociales ou les structures faitières des mutuelles sociales, ont l'obligation de tenir une comptabilité conformément aux règles comptables définies par le Ministre de tutelle.

**Article 175 :**

Dans les trois mois qui suivent la clôture de l'exercice, le conseil d'administration prépare les documents à soumettre à la réunion annuelle de l'assemblée générale des membres à savoir :

1. le rapport annuel de gestion ;
2. les états financiers ;
3. le programme d'activités ;
4. le budget prévisionnel pour la réalisation du programme d'activité ;
5. tout autre renseignement requis par les statuts.

**Article 176 :**

Les dépenses comprennent :

- les différentes prestations accordées aux membres participants et à leurs ayants-droit ;
- les dépenses nécessitées par l'activité de la mutuelle sociale ou des structures faitières ;

**Ingingo ya 174 :**

Amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoya canke inani z'amashirahamwe nk'ayo ategerejwe kuja arandika mu gitabu kibigenewe amafaranga yinjira n'ayasohoka hisunzwe amategeko avyerekeye ashingwa n'Umushikiranganji ayo mashirahamwe akukira.

**Ingingo ya 175 :**

Mu mezi atatu akurikira isozerwa ry'umwaka w'ibikorwa, Urwego nshingwantwaro rurategura inzandiko ruzoshikiriza mu nama ya bose y'abagize ishirahamwe yo ku mwaka ku mwaka, ari zo z'izi zikurikira:

1. icegeranyo co ku mwaka ku mwaka cerekana uko ibikorwa vy'ishirahamwe vyatunganijwe ;
2. urwandiko rwerekana uko ubutunzi bwifashe ;
3. indinganizo y'ibikorwa ;
4. integuro y'amafaranga akenewe kugira indinganizo y'ibikorwa ishirwe mu ngiro ;
5. urundi rwandiko rwose rushirwamwo ico cose gikenewe kumenyeshwa gisabwa n'amategeko ngenderwako.

**Ingingo ya 176 :**

Amafaranga asohorwa agizwe na:

- amafaranga yose asohorwa ku bikorwa bitandukanye birangurirwa abategekanirijwe batanze intererano hamwe n'abafise uburenganzira ku vyo barangurirwa;
- amafaranga akenewe mu kurangura ibikorwa vy'ishirahamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoya canke vy'inani z'amashirahamwe nk'ayo;

- les cotisations versées aux unions, aux fédérations et aux confédérations des mutuelles sociales ;
- toute autre dépense non contraire à l'objet de la mutuelle sociale ou des structures faitières.
- intererano zitangwa mu mahuriro y'amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza, mu mafederasiyo no mu nani z'amafederasiyo;
- ayandi mafaranga yose asohorwa mu bikorwa bidateye kubiri n'intumbero y'ishirahamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke inani z'amashirahamwe nk'ayo.

### 3.2. Du fonds national de garantie des mutuelles sociales

#### Article 177 :

Les mutuelles sociales disposent d'un fonds de garantie sous la surveillance de l'autorité de régulation des programmes et des systèmes de protection sociale.

Le fonds de garantie est destiné à préserver les droits des membres participants des mutuelles sociales et des structures faitières des mutuelles sociales et de leurs ayants-droits.

#### Article 178 :

Les mutuelles sociales ou les structures faitières des mutuelles sociales, régies par le présent code sont tenues d'adhérer au fonds.

L'organisation, les modalités d'alimentation et d'intervention du fonds sont fixées par décret.

### 3.2. Ikigega c'igihugu c'ukwishinga amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza

#### Ingingo ya 177 :

Amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza arafise ikigega kiyishinga, gicungerwa n'urwego rujejwe ugucungera imigambi n'ibisata bijejwe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

Ikigega cishinga amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza kigenewe gukingira uburenganzira bw'abanywanyi b'amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza n'ab'inani z'amashirahamwe nk'ayo hamwe n'ubwo abafise uburenganzira ku vyo barangurirwa.

#### Ingingo ya 178 :

Amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke inani z'amashirahamwe nk'ayo agengwa n'iki Gitabu c'amategeko ategerezwa kuba abanywanyi b'ikigega cishinga ayo mashirahamwe.

Uko ico kigega gitunganijwe, ibukurikizwa mu kukironsa uburyo n'ingene gishigikira amashirahamwe cishinga bishingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

## CHAPITRE VII : DES DISPOSITIONS COMMUNES AUX PRESTATIONS

### Article 179 :

Les modalités d'affiliation des employeurs, d'immatriculation des travailleurs salariés, des assurés sociaux indépendants ou liés aux organisations professionnelles ou de l'économie solidaire, des modalités de perception des cotisations, de liquidation et du service des prestations, les obligations qui incombent aux employeurs, aux travailleurs salariés, aux assurés indépendants appartenant aux organisations professionnelles et de l'économie solidaire sont fixées par les textes régissant chaque régime.

### Article 180 :

Le titulaire d'une rente d'incapacité ou d'une pension d'invalidité qui a besoin de façon constante de l'aide et des soins d'une tierce personne pour accomplir les actes de la vie courante, a droit à un supplément égal à cinquante pour cent du montant de sa rente ou de sa pension.

Pour bénéficier de ce supplément, l'assuré doit avoir cessé toute activité salariée. La décision d'octroi de ce supplément est prise par une commission d'au moins deux médecins désignés ou agréés par l'organisme payeur.

### Article 181 :

Pour pondérer les effets d'une évolution économique et financière défavorable, les montants des paiements périodiques en cours attribués au titre des rentes et des pensions peuvent être revalorisés par chaque

## IGICE CA VII: INGINGO RUSANGI KU BIRANGURIRWA ABATEGEKANIRIJWE

### Ingingo ya 179 :

Ingene abakoresha baronka inomeru bategekanirizako abakozi babo, ingene abakozi baronka umushahara, abigenga canke abo mu mashirahamwe y'abanyamyuga canke abo mu mashirahamwe y'ugushigikirana bahabwa inomeru ndangamunyanyi, ingene intererano zitozwa, ingene haherahezwa ishira hamwe ritegekaniriza kazoza hamwe n'ingene abanywanyi barangurirwa ivyo bategekanirijwe, ibitegerejwe ku bakoresha, ku bakozzi baronka umushahara, abategekanirijwe bigenga bakora mu mashirahamwe y'abanyamyuga no mu yo gushigikirana bishingwa n'amategeko agenga igisata kimwekimwe.

### Ingingo ya 180 :

Uwategekanirijwe aja arahabwa umukando w'ugutagishobora gukora akazi canke ipansiyo y'ubumuga akaba akeneye kwama afashwa n'uwundi muntu kugira ashobore kwitunganiriza ivyankenerwa mu buzima bwa misi yose, arafise uburenganzira bwo kwongerwa amafaranga angana n'ibice mirongo itanu kw'ijana vy'umukando canke vy'ipansiyo asanzwe aronka.

Kugira aronke amafaranga yiyongera, uwategekanirijwe ategerezwa kuba yarahagaritse igikorwa cose ahemberwa. Ingingo yo kumuha ayo mafaranga yiyongera ifatwa n'umugwi w'abaganga babiri n'imiburiburi bagenywe canke bemewe n'ishirahamwe riyariha.

### Ingingo ya 181 :

Mu ntumbero yo kugabanya inkurikizi zituruka ku kuntu ubutunzi n'ivyerekeye amafaranga biba bitifashe neza, igitigiri c'amafaranga aja arahabwa uwategekanirijwe ku kiringo kanaka aba ageze kurihwa atangwa nk'umukando

régime compte tenu des possibilités financières.

canke nk'ipansiyo arashobora kwongerezwa n'igisata kimwekimwe cose bivanye n'uko ubutunzi bwaco bwifashe.

## SECTION 1 : De la prescription

## AGACE KA 1: Uguta igihe kw'uburenganzira

### Article 182 :

Le droit aux indemnités journalières de maladie, de maternité, d'accident du travail ou de maladie professionnelle, à l'allocation de frais funéraires et au remboursement des factures acquittées pour des soins médicaux, se prescrit par douze mois à compter de la constatation de la maladie, de la maladie professionnelle, du jour de l'accident du travail, du décès et de la fourniture des soins.

### Ingingo ya 182 :

Uburenganzira ku mafaranga y'inshumbusho yo ku musu ku musu ajanye n'indwara, ukwibaruka, isanganya ry'akazi canke indwara iturutse ku kazi, uburenganzira ku mafaranga y'imfubo n'ubwo kwishurwa amafaranga yakoreshejwe mu kuvurwa, buta igihe harangiye amezi icumi n'abiri aharurwa kuva aho indwara isanzwe canke iyiturutse ku kazi yamenyekaniye, umusi isanganya ry'akazi ryabereye, uwategekanirijwe yapfiriyeko canke yavuriweko.

### Article 183 :

Le droit aux prestations familiales est prescrit par deux ans à compter de la naissance de ce droit.

### Ingingo ya 183 :

Uburenganzira ku birangurirwa umuryango w'uwategekanirijwe buta igihe haheze imyaka ibiri iharurwa kuva habonetse ibituma ubwo burenganzira bukoreshwa.

### Article 184 :

Le droit aux rentes et aux allocations d'incapacité, aux rentes de survivants est prescrit par cinq ans à compter du jour où toutes les conditions de fond sont réunies pour pouvoir y prétendre.

### Ingingo ya 184 :

Uburenganzira ku mikando ija irahabwa uwatakaje ubushobozi, ku mikando itangwa ingunga imwe no ku mikando y'abasigwa buta igihe haheze imyaka itanu iharurwa kuva ibisabwa vyose kugira ubwo burenganzira bushobore gukoreshwa bikwiye.

### Article 185 :

Le droit aux pensions et aux allocations de vieillesse et de survivants est prescrit par dix ans à compter du jour où toutes les conditions de fond sont réunies pour pouvoir y prétendre.

### Ingingo ya 185 :

Uburenganzira ku mapansiyo aja aratangwa n'ayangwa ingunga imwe kubera ubusaza n'ay'abasigwa buta igihe haheze imyaka icumi iharurwa kuva ibisabwa vyose kugira ubwo burenganzira bushobore gukoreshwa bikwiye.

## SECTION 2 : De la saisie et de la compensation des prestations

### Article 186 :

Les prestations de protection sociale ne peuvent être saisies et ne sont cessibles qu'en vertu d'une décision judiciaire.

### Article 187 :

La compensation entre les prestations dues par un organisme de sécurité sociale au bénéficiaire et les sommes dues par celui-ci au premier à titre de remboursement du paiement indûment obtenu par lui, est étalée dans le temps, chaque prestation périodique n'étant susceptible de compensation qu'à concurrence d'un cinquième.

Toutefois en cas de fraude, la compensation s'opère sans restriction.

## SECTION 3 : Du cumul des prestations

### Article 188 :

En cas de cumul des prestations au sein d'un même régime, le droit aux prestations peut être suspendu dans les cas ci-après :

1. si, à la suite d'une maladie ou d'un accident d'origine non professionnelle, la victime a droit simultanément à une rente d'incapacité permanente et à une pension d'invalidité ;
2. si, à la suite du décès d'un assuré résultant d'un accident du travail, les enfants à charge ont droit simultanément à

## AGACE KA 2: Ugufata ibigenewe uwategekanirijwe n'ukwisubiza amafaranga yahawe bidakwiye

### Ingingo ya 186 :

Ibigenewe abategekanirijwe ntibishobora gufatwa kandi ntibishobora guhabwa uwundi muntu bitavuye ku ngingo ya sentare.

### Ingingo ya 187 :

Ishirahamwe ritegekaniriza kazoza, mu kwisubiza amafaranga rifitwe n'uwategekanirijwe mu vyo ritegerezwa kumurangurira kubera yayaronse bidakwiye, ribigira ku kiringo kirekire, amafaranga iryo shirahamwe rija riramuha mu biringo kanaka akurwako ayatarenga ica gatanu cayo.

Ariko, mu gihe uwategekanirijwe aba yarabishizemwo ubusuma, ishirahamwe rija ririsubiza ayo mafaranga ata kugabanya kugeza yose arishwe.

## AGACE KA 3: Ukuronkera rimwe ibirangurirwa uwategekanirijwe bitandukanye

### Ingingo ya 188 :

Mu gihe uwategekanirijwe afise uburenganzira bw'ukuronkera rimwe ivyo arangurirwa bitandukanye mu gisata kimwe, ubwo burenganzira burashobora guhagarikwa mu bihe bikurikira:

1. iyo uwategekanirijwe, kubera indwara canke isanganya yagize bidaturutse ku kazi, yari afise uburenganzira bw'ukuronkera rimwe umukando w'ubumuga butakivayo n'ipansiyoy'ubumuga ;
2. iyo, kubera uwategekanirijwe yapfuye biturutse kw'isanganya ry'akazi, abana yari abeshejeho bafise uburenganzira

une rente et à une pension de survivants, il leur est versé le montant le plus élevé et la moitié de l'autre. Ce cas n'arrive que lorsque leurs parents étaient tous des assurés ;

3. en cas de cumul d'une pension et d'une rente, le titulaire a droit à la totalité de la pension ou de la rente dont le montant est le plus élevé et à la moitié de l'autre pension ou rente ;

4. le cumul entre une pension anticipée et celle d'invalidité n'est pas admis.

bw'ukuronkera rimwe umukando n'ipansiyo zihabwa abasigwa b'uwategekanirijwe, baca bahabwa amafaranga ya kimwe muri ivyo afatwa ko ari yo menshi n'ica kabiri c'amafaranga y'ikindi. Ivyo bishika gusa mu gihe abavyeyi babo bompri bari barategekanirijwe kazoza ;

3. mu gihe uwategekanirijwe aja araronkera rimwe ipansiyo n'umukando, afise uburenganzira bw'ukuronswa amafaranga y'ipansiyo canke y'umukando afatwa ko ari yo menshi n'ica kabiri c'amafaranga y'ikindi;

4. ntivyemewe ko uwategekanirijwe aronkera rimwe ipansiyo itangwa imyaka itegekanijwe itaragera n'ipansiyo y'ubumuga .

#### SECTION 4 : De la portabilité des droits

##### Article 189 :

Le bénéficiaire des droits aux prestations des régimes de base et spéciaux est protégé et ses droits conservés lorsqu'une personne y assujettie change successivement ou alternativement de secteur public, parapublic, privé ou autre et des indépendants, que la personne exerce une activité économique dans le cadre d'un contrat de travail ou non.

Des conventions bilatérales ou multilatérales peuvent être conclues entre les organismes ou les Etats pour faciliter la portabilité des prestations.

##### Article 190 :

Pour la protection, la continuité et la

#### AGACE KA 4: Ukwimukana uburenganzira

##### Ingingo ya 189 :

Uwufise uburenganzira ku birangurirwa abategekanirijwe mu bisata nyamukuru no mu bisata bitegekaniriza imigwi imwimwe aguma akingiwe kandi agumana uburenganzira bwiwe mu gihe uwategekanirijwe muri ivyo bisata agiye arahindura aho akorera yikurikiranya canke avuye hamwe aja ahandi, haba mu gisata ca Reta, mu co Reta ifisemwo umutahe, mu gisata c'abikorera utwabo canke ikindi cose hamwe n'ic'abigenga, uwo muntu akaba arangura igikorwa c'ubutunzi akorera ku masezerano y'akazi canke atayakorera.

Harashobora kugirwa amasezerano hagati y'amashirahamwe ategekaniriza kazoza abiri canke arenga canke hagati y'ibihugu bibiri canke birenga kugira vyorohe kwimukana uburenganzira bw'ukurangurirwa ivyo umuntu yategekanirijwe.

##### Ingingo ya 190 :

Mu ntumbero y'ugukingira uwategekanirijwe

conservation du droit aux prestations, il est procédé à la totalisation des périodes d'assurance accomplies dans chaque secteur aux fins de la détermination des droits ouverts en application des dispositions de chaque régime.

Le dernier organisme auquel l'assuré était affilié calcule le montant théorique des prestations en tenant compte du total des périodes assurées ou assimilées reconnues par les organismes intéressés par une attestation y relative. L'organisme détermine en outre le montant effectif des prestations qui sont versées par chaque organisme et cela au prorata de la durée d'assurance accomplie chez lui et leur en fait une communication.

L'organisme ayant calculé les prestations en verse la totalité à l'assuré et se fait rembourser chez les autres organismes chacun en ce qui le concerne.

#### **Article 191 :**

En vue de faciliter la procédure de versement des prestations aux assurés, les organismes de sécurité sociale négocient une convention de collaboration.

### **SECTION 5 : Du recours contre les tiers**

#### **Article 192 :**

Est considéré comme tiers responsable en matière de risques professionnels :

1. l'employeur, lorsqu'il est l'origine du fait générateur de l'accident ou de la maladie ou lorsque dans une intention dolosive, il

n'ugutuma abandanya agira uburenganzira bw'ukurangurirwa ivyo yategekanirijwe, harateranywa ibiringo vyose uwategekanirijwe yamaze atanga intererano mu gisata kimwekimwe cose kugira hatomorwe uburenganzira afise hisunzwe ibitegekanijwe n'igisata kimwekimwe cose.

Ishirahamwe uwategekanirijwe yategekanirijwemwo ubwa nyuma riraharura igitigiri c'amafaranga yose y'ivyo arangurirwa, yohabwa hafatiwe ku biringo vyose yategekanirijwemwo bivanye n'aho yakoze canke ibiringo bifatwa nk'ivyo vyemewe n'ibisata vyamutegekanirije kazoza herekanywe urwandiko ruvemeza. Iryo shirahamwe riratomora kandi igitigiri c'amafaranga y'ibirangurirwa uwategekanirijwe yega ishishamwe rimwerimwe ryose, hafatiwe ku kiringo ryamutegekanirijemwo rigaca ribimenyesha ayo yandi mashirahamwe.

Iryo shirahamwe rimaze guharura amafaranga y'ivyo uwategekanirijwe ahabwa, rirayamuha yose rigaca riyiyishuriza ishishamwe rimwerimwe ryose ayaryerekeye ryaririhiye.

#### **Ingingo ya 191 :**

Kugira vyorohe gushikiriza abategekanirijwe amafaranga bagenewe, amashirahamwe abategekaniriza kazoza arumvikana hagati yayo amasezerano y'ingene azobifashanyamwo.

### **AGACE KA 5: Ugusaba indishi abandi**

#### **Ingingo ya 192 :**

Uwufatwa nk'uwundi abazwa indishi mu vyerekeye impanuka zituruka ku kazi ni:

1. umukoresha, mu gihe ari we nkomoko y'icatumye uwategekanirijwe agira isanganya canke arwara canke mu gihe,

- |   |   |
|---|---|
| a simplement causé l'accident matériel sans en mesurer le dommage ;   | mu ntumbero y'ukugira nabi, yatumye haba isanganya ataravye inkurikizi vyotera;   |
| 2. les travailleurs ou les préposés de l'employeur lorsqu'ils sont à l'origine de l'accident ou de la maladie ;   | 2. abakozi canke intumwa z'umukoresha mu gihe ari bo nkomoko y'isanganya canke y'indwara ;  |
| 3. l'employeur, ses travailleurs ou ses préposés lorsque l'accident ou la maladie est survenu suite à une faute inexcusable de leur part ;                | 3. umukoresha, abakozi biwe canke intumwa ziwe mu gihe isanganya canke indwara vyashitse bivuye kw'ikosa ritababarirwa ryabo;                     |
| 4. toute personne autre que celles visées aux points précédents lorsque le risque professionnel est dû à une faute intentionnelle ou non, de la personne. | 4. umuntu wese atari mu bavuzwe mu turongo duhejeje kuvugwa, mu gihe isanganya ry'akazi ryavuye kw'ikosa ryiwe, yakoze nkana canke atakoze nkana. |

Est considéré comme tiers responsable, en matière de pensions, toute personne, y compris le cas échéant, l'employeur, ses travailleurs ou ses préposés, ayant commis une faute génératrice d'un dommage causé à l'assuré, que la faute soit intentionnelle ou non.

Uwufatwa nk'uwundi abazwa indishi mu vyerekeye amapansiyo ni umuntu wese, harimwo, bibaye ngombwa, umukoresha, abakozi biwe, canke intumwa ziwe, yakoze ikosa rituma hagira icononekara ku wategekanirijwe, ryaba ryakozwe nkana canke ritakozwe nkana.

#### **Article 193 :**

Lorsque l'événement ouvrant le droit aux prestations de maladie-maternité, de risques professionnels et de pensions est dû à la faute d'un tiers, l'organisme doit verser à l'assuré ou à ses ayants-droit les prestations prévues par chaque régime.

#### **Ingingo ya 193 :**

Mu gihe icashitse gituma uwo cashikiye agira uburenganzira ku birangurirwa uwategekanirijwe vyerekeye indwara zijanye n'ukwibaruka, amasanganya y'akazi n'amapansiyo caturutse kw'ikosa ry'uwundi muntu, ishira hamwe ritegekaniriza kazoza ritegerezwa guha uwategekanirijwe canke abafise uburenganzira ku vyo yategekanirijwe n'igisata kimwekimwe cose vyerekeye.

L'assuré ou ses ayants-droit conservent contre le tiers responsable le droit de réclamer, conformément au droit commun, la réparation intégrale du préjudice causé.

Uwategekanirijwe canke abafise uburenganzira ku vyo yategekanirijwe bagumana uburenganzira bwo kurihisha ivyononekaye uwatumye haba ivyononekara vyose, hisunzwe amategeko asanzwe.

#### **Article 194 :**

L'organisme est subrogé de plein droit à l'assuré ou à ses ayants-droit :

#### **Ingingo ya 194 :**

Ishira hamwe ritegekaniriza kazoza rirasubirira, ata kirinze gusabwa, mu burenganzira uwategekanirijwe canke abafise

uburenganzira ku vyo yategekanirijwe:

- |  |   |
|--|---|
| <p>1. en ce qui concerne les rentes et pensions, pour le montant des capitaux constitutifs correspondants calculés conformément aux barèmes prévus par les dispositions réglementaires prises en la matière ;</p> <p>2. en ce qui concerne les autres prestations, pour le montant des sommes légalement versées à l'assuré ou à ses ayants-droit.</p> | <p>1. mu vyerekeye imikando n'amapansiyo ku gitigiri c'amafaranga bihuye aharurwa hisunzwe urugero rw'ibiciro bitegekanijwe n'amategeko avyerekeye;</p> <p>2. mu vyerekeye ibindi birangurirwa uwategekanirijwe, ku gitigiri c'amafaranga amategeko agenera uwategekanirijwe canke abafise uburenganzira ku matungo yiwe.</p> |
|--|---|

**Article 195 :**

Tout assuré ou ayant-droit qui intente une action à charge du tiers responsable en vertu du droit commun, doit obligatoirement en informer l'organisme de protection sociale et préciser dans son assignation sa qualité d'assuré ou d'ayant-droit.

L'organisme de protection sociale est habilité à se constituer partie civile devant les juridictions répressives, alors même que la victime néglige de faire valoir ses droits.

En cas de désaccord entre l'organisme et la décision judiciaire sur le taux d'incapacité permanente de la victime, le tiers n'est tenu à l'égard de l'organisme que dans la limite de l'évaluation judiciaire.

Le règlement à l'amiable éventuellement intervenu entre le tiers responsable et l'assuré ou ses ayants-droit ne peut être opposé à l'organisme de protection sociale que s'il a été dûment invité à participer à ce règlement.

**Ingingo ya 195 :**

Uwategekanirijwe canke uwufise uburenganzira ku vyo yategekanirijwe wese ashingishirije urubanza hisunzwe amategeko asanzwe uwundi muntu yatumye ashikirwa n'isanganya ry'akazi, ategerezwa kubimenyesha ishira hamwe rimutegekaniriza kazoza kandi agatomora mu rwandiko rwiwe rw'ukwitwara ko ari uwategekanirijwe canke ari uwufise uburenganzira ku birangurirwa uwategekanirijwe.

Ishira hamwe ritegekaniriza kazoza rirafise ububasha bw'ugusaba indishi muri sentare zihana ivyaha n'aho uwakorewe icaha aba yirengagije gusaba ivyo afitiye uburenganzira.

Mu gihe habaye ukudahuza hagati y'ishira hamwe ritegekaniriza kazoza n'ingingo ya sentare ku bijanye n'urugero rw'ugutakaza ubushobozi ubutakivayo bw'uwategekanirijwe, uwundi muntu yatumye isanganya riba ariha gusa ishira hamwe ritegekaniriza kazoza ku rugero sentare yemeje.

Ivyumvikanyweko hagati y'uwatumye isanganya riba n'uwategekanirijwe kazoza canke n'abafise uburenganzira ku vyo yategekanirijwe ku ndishi ishobora gutangwa ntibishobora kwitwazwa imbere y'ishira hamwe ritegekaniriza kazoza kiretse iyo ryari ryatumiwe nk'uko bitegerejwe kugira uruhara

Le renoncement aux prestations de protection sociale peut être convenu entre l'assuré ou ses ayants-droit et l'organisme concerné. Le renoncement est définitif et est opposable à l'assuré ou à ses ayants-droit.

muri uwo mwumvikano.

Birarekuwe ko uwategekanirijwe canke abafise uburenganzira ku vyo yategekanirijwe bashobora guheba ivyo ishirahamwe ribategekaniriza bavyumvikanyeko n'ishirahamwe. Ingingo y'uguheba ibirangurirwa uwategekanirijwe ni ntabanduka kandi irashobora kwitwazwa imbere y'uwategekanirijwe canke imbere y'abafise uburenganzira ku vyo yategekanirijwe.

## CHAPITRE VIII : DE LA DISSOLUTION DES ORGANISMES DE PROTECTION SOCIALE

## IGICE CA VIII : IVYEREKEYE ISAMBUKA RY'AMASHIRAHAMWE ATEGEKANIRIZA KAZOZA

### Article 196 :

Tout organisme de protection sociale prend fin par la décision de l'autorité qui l'a mis en place ou par une décision judiciaire de mise en liquidation ou par toute autre cause prévue dans les statuts de chaque organisme.

### Ingingo ya 196 :

Ishirahamwe ryose ritegekaniriza kazoza risambuka biciye mu ngingo ifatwa n'urwego rw'ubutegetsi rwarishinze canke biciye mu ngingo ya sentare yerekeye ukuriheraheza canke bitumwe n'iyindi mvo yose itegekanijwe n'amategeko ngenderwako y'iryo shirahamwe.

### Article 197 :

La dissolution d'une mutuelle sociale ou d'une structure faitière, peut intervenir par une décision volontaire des membres ou par une décision judiciaire.

### Ingingo ya 197 :

Ishirahamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke urunani rw'amashirahamwe nk'ayo bishobora gusamburwa biciye mu ngingo ifatwa n'abagize ayo mashirahamwe bavyishakiye canke biciye mu ngingo ifatwa na sentare.

La dissolution volontaire, décidée en assemblée générale, doit être obtenue dans les conditions fixées par les statuts et le règlement intérieur de la mutuelle sociale ou de la structure faitière après avis de l'autorité de régulation des programmes et système de protection sociale.

Ingingo y'ugusambura ishirahamwe canke urunani rw'amashirahamwe abarigize bavyishakiye, ifatirwa mu nama ya bose, itegerezwa gufatwa hisunzwe ibitegekanijwe n'amategeko ngenderwako hamwe n'amategeko ntunganyabikorwa y'iryo shirahamwe canke y'urwo runani, urwego rujewe gucungera imigambi n'ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza rumaze kugira ico rubivuzeko.

La dissolution judiciaire peut être prononcée par la cour administrative de son ressort, en cas de manquement aux obligations prévues par le présent Code ou statutaires de nature à mettre en péril la vie de la mutuelle sociale ou de la structure faitière. Elle peut intervenir à l'initiative de l'autorité de régulation des programmes et systèmes de protection sociale.

**Article 198 :**

La dissolution entraîne de plein droit la perte de l'agrément, la radiation de la mutuelle ou de la structure faitière du registre national d'immatriculation des mutuelles sociales et des structures faitières ainsi que la liquidation.

Ingingo ya sentare isambura ishira hamwe ishobora gufatwa na Sentare ica imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo iri mu karere ishira hamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke urunani rw'amashira hamwe nk'ayo irimwo, mu gihe hatubahirijwe ibitegerejwe bitegekanijwe n'iki Gitabu c'amategeko canke n'amategeko ngenderwako vyotuma iryo shira hamwe canke urwo runani rishobora kuzimangana. Iyo ingingo ishobora gufatwa bisabwe n'urwego rujejwe gucungera imigambi n'ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza.

**Ingingo ya 198 :**

Igihe ishira hamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke urunani rw'amashira hamwe nk'ayo risambuwe bica bituma ritakaza uburenganzira bw'ugukora, rifutwa mu gitabu c'igihugu candikwamwo amashira hamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza n'inani z'amashira hamwe nk'ayo rikongera rigaca riherahezwa.

**TITRE III : DE LA PROTECTION SOCIALE NON CONTRIBUTIVE**

**IKIGABANE CA III: IVYEREKEYE UGUKINGIRA N'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA ABANYAGIHUGU BADATANZE INTERERANO**

**CHAPITRE I: DES PROGRAMMES D'ASSISTANCE SOCIALE**

**IGICE CA I: IVYEREKEYE IMIGAMBI Y'UGUFASHA ABANYAGIHUGU**

**SECTION 1 : Des dispositions générales**

**AGACE KA 1: Ingingo ngenderwako**

**Article 199 :**

En application des dispositions de la Constitution, l'Etat assure le devoir d'assistance sociale aux ménages ou aux personnes vulnérables en situation de besoins essentiels et spéciaux.

**Ingingo ya 199 :**

Mu gushira mu ngiro ibitegekanijwe n'ibwirizwa Shingiro, Reta itegerezwa gufasha ingo canke abantu batishoboye bakeneye gufashwa mu vyankenerwa bikurubikuru no mu bindi bidasanzwe.

Les besoins essentiels sont notamment l'alimentation, les soins de santé, les vêtements, les nécessités domestiques et

Ivyankenerwa bikurubikuru ni nk'ugufungura, ukwivuzza, ivyambarwa, ibikenerwa mu rugo n'ivyo umuntu umwumwe akenera hamwe

personnelles ainsi que les frais afférents à l'habitation d'une maison ou d'un logement décent. Selon les catégories, les besoins spéciaux rentrent dans les besoins essentiels pour mener une vie normale.

**Article 200 :**

L'Etat et ses entités décentralisées accordent l'assistance sociale sans discrimination, exclusion ou préférence fondée sur la nationalité, l'appartenance ethnique, le sexe, l'âge, l'handicap, la religion, l'origine sociale et les convictions politiques de la personne ou du ménage qui y a droit.

**Article 201 :**

La loi sur l'assistance sociale détermine les programmes d'assistance sociale disponibles, leurs critères d'éligibilité et leur durée. La loi détermine aussi les responsabilités de l'Etat et celles des entités décentralisées.

**SECTION 2 : Des types d'assistance sociale**

**Article 202 :**

L'assistance sociale peut être fournie à un demandeur sous les formes suivantes :

1. une aide d'urgence pour une période définie par l'autorité compétente;
2. une assistance de courte durée définie par l'autorité compétente ;
3. une assistance spéciale prescrite par les règlements ;
4. tout autre type d'assistance définie par l'autorité compétente.

n'amafaranga ajanye n'ukuronka inzu canke uburaro bubereye. Bivanye n'imigwi y'abanyagihugu bakeneye gufashwa, ivyankenerwa bidanzwe biza mu mugwi w'ivyankenerwa bikurubikuru kugira bashobore kugira ubuzima busanzwe nk'ubw'abandi.

**Ingingo ya 200 :**

Reta n'ibisata vyayo vyegerejwe abanyagihugu birafasha abanyagihugu ata gukumira, ata wukuwemwo canke hatarabwe nkunzi mu gufatira ku bwenegihugu, ubwoko, igitsina, imyaka, ubumuga, idini, umuryango umuntu akomokamwo no ku vyiyevyiye vya poritike vy'umuntu canke vy'urugo rubifitiye uburenganzira.

**Ingingo ya 201 :**

Ibwirizwa ryerekeye ugufasha abanyagihugu riratomora imigambi y'ugufasha abanyagihugu ikenewe, ibifatirwako mu kumenya uwukwiye gufashwa hamwe n'ikiringo iyo migambi imara. Iryo bwirizwa riratomora kandi uruhara rwa Reta n'urw'ibisata vyayo vyegerejwe abanyagihugu.

**AGACE KA 2 : Imfashanyo zitandukanye zihabwa abanyagihugu**

**Ingingo ya 202 :**

Imfashanyo ishobora guhabwa uwuyisaba mu buryo bukurikira :

1. imfashanyo y'ivyihutirwa ikiringo imara itangwa gitomorwa n'ubutegetsi bubifitiye ububasha ;
2. imfashanyo y'ikiringo gito itomorwa n'ubutegetsi bubifitiye ububasha ;
3. imfashanyo idanzwe itegekanijwe n'amategeko ;
4. ubundi buryo bwose bw'imfashanyo butomorwa n'ubutegetsi bubifitiye ububasha.

### SECTION 3 : Du financement de l'assistance sociale

#### Article 203 :

L'Etat assure le financement des programmes de protection sociale non contributive à travers des structures spécifiques.

#### Articles 204 :

L'Etat mobilise, à travers le Fonds destiné à la protection sociale, les ressources nécessaires au financement et à la mise en œuvre des programmes de protection sociale.

Les modalités d'alimentation, de gestion et de décaissement des fonds alloués aux différents programmes sont précisées par un texte réglementaire.

### SECTION 4 : De l'éligibilité à l'assistance sociale

#### Article 205 :

Une personne a droit à l'assistance sociale si:

1. elle est dans le besoin conformément aux dispositions de l'article 199 du présent Code;
2. elle est citoyen burundais et se conforme à toute exigence prescrite par l'autorité compétente ;
3. elle est résident étranger remplissant les conditions prescrites par l'autorité compétente.

#### Article 206 :

Le Ministre ayant la protection sociale dans ses attributions, en consultation avec l'organe

### AGACE KA 3 : Ahava uburyo bukoreshwa mu gufasha abanyagihugu

#### Ingingo ya 203 :

Reta iratanga amafaranga akoreshwa mu migambi y'ugufasha abanyagihugu batarinze gutanga intererano ibicishije mu nzego zibigenewe.

#### Ingingo ya 204 :

Reta iregeranya, ibicishije mu Kigega c'ugushigikira poritike y'ugukingira n'ugutekaniriza kazoza abanyagihugu, uburyo bukenewe bukoreshwa mu migambi y'ugufasha abanyagihugu no mu kuyishira mu ngiro.

Ibikurikizwa mu gushira amafaranga muri ico kigega, mu gutunganya no mu gukura amafaranga muri ico kigega agenewe imigambi itandukanye bitomorwa n'itegeko.

### AGACE KA 4 : Ibifatirwako mu kwemererwa kuronka imfashanyo

#### Ingingo ya 205 :

Umuntu agira uburenganzira bw'uguhabwa imfashanyo iyo :

1. bigaragara ko ari uwo gufasha hisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 199 y'iki Gitabu c'amategeko ;
2. afise ubwenegihugu bw'Umurundi kandi akurikiza ibisabwa vyose bishingwa n'ubutegetsi bubifitiye ububasha;
3. ari umunyamahanga aba mu gihugu akwiye ibisabwa bishingwa n'ubutegetsi bubifitiye ububasha.

#### Ingingo ya 206 :

Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye ugukingira n'ugutekaniriza kazoza

national de protection sociale établit et publie les catégories des personnes vulnérables.

abanyagihugu, abigiye inama n'urwego rw'igihugu rujejwe gukingira n'ugutegekaniriza kazoza arashinga kandi agatangaza imigwi y'abantu batishoboye.

Sans préjudice des dispositions de l'alinéa (1), les personnes nécessitant une assistance sociale comprennent notamment :

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu gahimba ka (1), abantu bakeneye gufashwa ni canecane aba :

- les enfants et les orphelins vulnérables;
- les personnes âgées et pauvres;
- les personnes d'âges actifs en situation de pauvreté extrême ;
- les personnes handicapées par les maladies chroniques aiguës;
- les veuves et veufs pauvres;
- les personnes vivant avec un handicap, pauvres et sans soutien.

- abana n'impfuyi batishoboye ;
- abantu bashaje kandi bakenye ;
- abantu bagifise inguvu z'ugukora bari mu bukene bukabije;
- abantu bamugajwe n'indwara zidakira zigeze ku rugero runini;
- abapfakazi n'abapfakare bakenye ;
- abantu bagendana ubumuga, bakenye kandi ata kibafasha.

**Article 207 :**

L'assistance sociale est conditionnelle à la disponibilité des ressources conformément à la loi.

**Ingingo ya 207 :**

Abanyagihugu bafashwa bivanye n'uburyo buba buhari kandi hisunzwe amategeko.

**SECTION 5 : De la demande d'assistance sociale**

**AGACE KA 5: Ibijanye n'ugusaba imfashanyo**

**Article 208 :**

Toute demande d'assistance sociale est introduite auprès d'un assistant social selon les modalités et la forme prescrites par l'autorité compétente.

**Ingingo ya 208 :**

Uwusaba imfashanyo wese yitura uwujwe gufasha mu vyerekeye imibano hisunzwe ibikurikizwa no mu buryo bitegekanijwe n'ubutegetsi bubifitiye ububasha.

**Article 209 :**

Lorsqu'une demande est présentée par une personne conformément à la loi, l'assistant social mène une enquête pour vérifier que la personne est admissible.

**Ingingo ya 209 :**

Mu gihe imfashanyo isabwe n'umuntu hisunzwe amategeko, uwujwe gufasha mu vyerekeye imibano aragira itohoza kugira arabe ko uwo muntu ashobora kuja mu bafashwa.

**Article 210 :**

Tout refus d'assistance sociale doit être suffisamment motivé et notifié au demandeur dans un délai d'un mois à compter de la réception de la demande.

**Ingingo ya 210 :**

Ingingo yose y'ukwankira umuntu kuronswa imfashanyo itegerezwa gutangirwa imvo zishemeye kandi ikamenyeshwa uwari yasavye imfashanyo mu kiringo c'ukwezi kumwe giharurwa kuva hasabwe imfashanyo.

Le demandeur a droit de recours contre la décision lui refusant l'assistance sociale.

Uwusaba imfashanyo arafise uburenganzira bw'ugusaba ko ingingo imwankira kuronswa imfashanyo isubirwamwo.

## SECTION 6 : De l'abus de l'assistance sociale

## AGACE KA 6: Ugukora ibiteye kubiri n'amategeko yerekeye imfashanyo

### Article 211 :

Lorsque l'autorité compétente constate des indices raisonnables d'abus de la part d'un bénéficiaire, elle peut suspendre l'assistance sociale.

### Ingingo ya 211 :

Mu gihe ubutegetsi bubifitiye ububasha busanze hari ibimenyetso bigaragaza ko uwahawe imfashanyo yakoze ibiteye kubiri n'amategeko yerekeye imfashanyo, burashobora kuyihagarika.

Après l'instruction du dossier, l'autorité compétente prend la décision de lever la suspension ou de retirer l'assistance sociale, sans préjudice de mesures de poursuite pénale en cas de fraude ou de récupération de l'aide sociale indûment reçue.

Hamaze kugirwa itohozwa kw'idosiye, ubutegetsi bubifitiye ububasha burafata ingingo yo gufuta ingingo yari yafashwe y'uguhagarika imfashanyo canke bugafata ingingo yo gufuta uburenganzira bw'ukuronswa imfashanyo, hatirengagijwe ko hashobora gufatwa ingingo y'ukumukurikirana ku caha mu gihe yari yaronkejwe imfashanyo akoresheje ubusuma canke hagafatwa ingingo y'ugusubiza imfashanyo yahawe bidaciye mu mategeko.

### Article 212 :

Est considéré comme abus de l'assistance sociale notamment le fait de transférer ses droits à une autre personne qui n'est pas éligible à l'assistance sociale, l'usage de faux documents, les déclarations mensongères sur son état afin de bénéficier de l'assistance sociale.

### Ingingo ya 212 :

Ibifatwa ko biteye kubiri n'amategeko yerekeye imfashanyo ni nko guha uwundi muntu adakwije ibisabwa uburenganzira uwubutanze yari afise bw'ukuronswa imfashanyo, ugukoresha inzandiko za magendo, ugushikiriza ibinyoma ku kuntu ubuzima bwiwe bwifashe kugira aronke imfashanyo.

## SECTION 7 : Des recours

## AGACE KA 7: Ugusaba ko ingingo isubirwamwo

### Article 213 :

Toute personne lésée par une décision de l'autorité compétente en vertu du présent Code peut, dans les trente jours suivant la date de la décision, saisir le comité de recours gracieux mis sur pied par le président

### Ingingo ya 213 :

Umuntu wese adashimishijwe n'ingingo yafashwe n'ubutegetsi bubifitiye ububasha hisunzwe iki Gitabu c'amategeko arashobora, mu misi mirongo itatu ikurikira igenekerezo ingingo yafatiweko, kwitura komite ijewe

du comité communal de la commission nationale de protection sociale.

kwumvikanisha ishirwaho n'umukuru wa komite yo mw'ikomine y'umugwi w'igihugu ujejwe ivyerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

En cas de désaccord, la personne lésée peut saisir le Ministre ayant la protection sociale dans ses attributions.

Mu gihe adashimishijwe n'ivyashitsweko na komite ijewe kwumvikanisha, arashobora kwitura Umushikiranangaji ajejwe ivyerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

Lorsque le demandeur n'est pas satisfait de la décision du Ministre, il peut saisir la juridiction compétente.

Mu gihe uwusaba imfashanyo adashimishijwe n'ingingo y'Umushikiranangaji, arashobora kwitura sentare ibifitiye ububasha.

## SECTION 8: De la cessation de l'assistance sociale

## AGACE KA 8: Uguhagarika imfashanyo ihabwa abanyagihugu

### Article 214 :

L'assistance sociale prend fin dépendamment du niveau de vulnérabilité, du type de programme et de la disponibilité des ressources.

### Ingingo ya 214 :

Imfashanyo irahagarikwa bivanye n'urugero rw'ukutishobora, umugambi w'ugutanga imfashanyo uwo ari wo hamwe n'uburyo buba buhari.

## CHAPITRE II: DES SERVICES D'ACTION SOCIALE

## IGICE CA II: IVYEREKEYE IBIKORWA VY'UGUFASHA ABANYAGIHUGU KUBAHO NEZA

### Article 215 :

L'Etat met à la disposition des communautés des services d'action sociale englobant une large gamme d'interventions, de prévention et de réponses à des risques de violences, d'abus, d'exploitations, de discriminations et d'exclusions sociales.

### Ingingo ya 215 :

Reta iratunganiriza abanyagihugu ibikorwa vy'ukubafasha kubaho neza, biri mu mice myinshi, ivy'ugutabara, ivy'ugukinga n'ugutorera inyishu ubukozi bw'ikibi bushobora kwiyadukiza, ugukora ibiteye kubiri n'amategeko, ugukoresha umuntu ku gacinyizo, ugukumirana n'uguharira ivomo umuntu mu kibano.

### Article 216 :

Les services d'action sociale sont dispensés par des assistants sociaux formés à cet effet.

### Ingingo ya 216 :

Ibikorwa vy'ugufasha abanyagihugu kubaho neza birangurwa n'abajewe gufasha mu vy'imibano baronkejwe inyigisho zivyerekeye.

**Article 217 :**

L'action sociale est organisée à travers les entités décentralisées du ministère ayant en charge la protection sociale établies sur tout le territoire.

Les modalités de fonctionnement et de gestion des entités décentralisées du ministère en charge de la protection sociale sont précisées par un texte réglementaire.

**Ingingo ya 217 :**

Ibikorwa vy'ugufasha abanyagihugu kubaho neza bitunganywa n'ibisata vyegerejwe abanyagihugu vy'Ubushikiranjanji bujewe ivyerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu bikwiragijwe mu gihugu cose.

Ingene ibisata vyegerejwe abanyagihugu vy'Ubushikiranjanji bujewe ivyerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu bikora n'ingene bitunganyijwe bitomorwa n'itegeko.

**TITRE IV : DES DISPOSITIONS RELATIVES AU CONTROLE, A LA REGULATION, AUX SANCTIONS ET AU CONTENTIEUX DE LA PROTECTION SOCIALE**

**IKIGABANE CA IV: INGINGO ZEREKEYE UGUSUZUMA, UGUCUNGERA, IBIHANO HAMWE N'IVYEREKEYE AMATATI AJANYE N'UGUKINGIRA N'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA ABANYAGIHUGU**

**CHAPITRE I: DU CONTROLE, DE LA REGULATION ET DES SANCTIONS**

**IGICE CA I: IVYEREKEYE UGUSUZUMA, UGUCUNGERA HAMWE N'IBIHANO**

**Article 218 :**

Le contrôle de l'application des dispositions du présent Code et de ses mesures d'application est assuré par l'autorité de régulation des programmes et des systèmes de protection sociale.

L'autorité de régulation est habilitée à procéder à toutes vérifications ou enquêtes administratives concernant l'exécution des obligations par toutes les entités concernées en matière de protection sociale. L'inspection du travail veille à l'application par les employeurs des normes exigées par la sécurité sociale.

**Article 219 :**

L'entité assujettie, qui contrevient aux dispositions du présent Code est passible de sanctions administratives sans préjudice de

**Ingingo ya 218 :**

Urwego rujewe gucungera imigambi n'ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza ni rwo rushinzwe gusuzuma ko ibitegekanijwe muri iki Gitabu c'amategeko n'ingingo zigishira mu ngiro bikurikizwa.

Urwego rujewe gucungera imigambi n'ibisata vy'ugutegekaniriza kazoza rufise ububasha bwose bwo kugira amasuzuma yose akenewe canke amatohoza kugira rurabe ko ibisata bijewe ivy'ugutegekaniriza kazoza bikora ivyo bitegerejwe. Ubugenduzi bw'akazi burasuzuma ko abakoresha bubahiriza ibisabwa mu gutegekaniriza kazoza.

**Ingingo ya 219 :**

Ishirahamwe ritegekaniriza kazoza abakozi baryo riciye kubiri n'ingingo ziri muri iki Gitabu c'amategeko rihanishwa ibihano bitangwa

sanctions pénales.

n'ubutegetsi hatirengagijwe ibihano mpanavyaha.

Les sanctions administratives sont déterminées par les textes d'application du présent Code.

Ibihano bitangwa n'ubutegetsi bitomorwa n'amategeko ashira mu ngiro iki Gitabu c'amategeko.

**Article 220 :**

Quiconque, à quelque titre que ce soit, par fraude, fausse déclaration ou tout autre moyen, obtient ou tente d'obtenir, pour lui-même ou pour un tiers, des prestations qui ne sont pas dues, est passible d'un emprisonnement d'un an à trois ans et d'une amende de cent mille à un million de francs burundais (100.000 à 1.000.000 Fbu), ou l'une de ces deux peines.

**Ingingo ya 220 :**

Uwo wese, ku mvo iyo ari yo yose, akoresheje ubusuma, ashikirije ibinyoma canke akoresheje ubundi buryo ubwo ari bwo bwose, aronse canke agerageje kugira aronke, yironderera canke aronderera uwundi ibirangurirwa abategekanirijwe adafitiye uburenganzira, ahanishwa umunyororo uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itatu n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi ijana gushika ku muriyoni umwe (Fbu 100.000 gushika ku 1.000.000), canke igihano kimwe muri ivyo.

L'auteur est, dans tous les cas, tenu de rembourser à l'organisme de gestion concerné les sommes indûment payées par ce dernier.

Uwakoze icaha ategerezwa, uko bigenda kwose, gusubiza ishira hamwe ritegekaniriza kazoza vyerekeye amafaranga yaronse atabifitiye uburenganzira.

**Article 221 :**

Est passible d'une peine d'emprisonnement de dix à trente jours et d'une amende de cent mille à cinq cent mille francs burundais (100.000 à 500.000 Fbu), ou l'une de ces deux peines, tout employeur qui contrevient aux dispositions du présent Code relatives à l'immatriculation des travailleurs, sans préjudice de l'amende, des pénalités et des majorations encourues. L'amende est appliquée autant de fois qu'il y a de salariés non déclarés.

**Ingingo ya 221 :**

Ahanishwa umunyororo uva ku misi icumi gushika ku misi mirongo itatu n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi ijana gushika ku bihumbi amajana atanu (Fbu 100.000 gushika ku 500.000), canke igihano kimwe muri ivyo, umukoresha wese aciye kubiri n'ingingo z'iki Gitabu c'amategeko zerekeye guha inomeru abakozi, hatirerangijwe ko ashobora gutangishwa ihadabu, ibihano vy'ugutangishwa amafaranga hamwe n'ugutanga amafaranga aja ariyongera uko ayashinzwe aja arateba kurihwa. Iryo hadabu ritangishwa ku mukozi wese aronka umushahara atashizwe mu rwandiko rumenyeshya abategekanirizwa.

**Article 222 :**

Est passible d'un emprisonnement de un à trois mois et d'une amende de deux cent cinquante mille à un million de francs burundais (250.000 à 1.000.000 Fbu) ou l'une de ces deux peines, l'employeur qui ne déclare pas ou ne déclare pas dans un délai requis, tout accident du travail ou toute maladie professionnelle dont sont victimes les travailleurs occupés dans l'entreprise.

**Ingingo ya 222 :**

Ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mezi atatu n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi amajana abiri na mirongo itanu gushika ku muriyoni umwe (Fbu 250.000 gushika ku 1.000.000) canke igihano kimwe muri ivyo, umukoresha atamenyesheje canke atamenyesheje mu kiringo gitegekanijwe isanganya ry'akazi iryo ari ryo ryose canke indwara iturutse ku kazi iryo ari yo yose vyashikiye abakozi bo mw'ishirahamwe ryiwe.

**CHAPITRE II : DU CONTENTIEUX DE LA PROTECTION SOCIALE****IGICE CA II: IVYEREKEYE AMATATI AJANYE N'UGUKINGIRA N'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA ABANYAGIHUGU****Article 223 :**

Les litiges auxquels donne lieu l'application des dispositions du Code de protection sociale visant les assurés, les structures assujetties, l'organisme de protection sociale, à l'exception des affaires pénales et les litiges qui appartiennent exclusivement par leur nature à un autre contentieux, sont de la compétence du tribunal compétent en matière de protection sociale dans le ressort duquel se trouve le domicile de l'assuré ou le siège social de l'entité concernée.

**Ingingo ya 223 :**

Amatati aturutse kw'ikurikizwa ry'ingingo z'igitabu c'amategeko agenga ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu mu Burundi zerekeye abategekanirijwe, ibisata bitegerejwe gutegekaniriza kazoza abakozi bavyo, amashirahamwe ategekaniriza kazoza hakuwemwo imanza z'ivyaha n'amatati ashirwa mu bundi bwoko bw'amatati bivanye n'uko ameze, ashikirizwa sentare ifitiye ububasha ivyerekeye ugutegekaniriza kazoza yo mu karere karimwo urugo rw'uwategekanirijwe canke icicaró gikuru c'ishirahamwe vyerekeye.

**Article 224 :**

Les contestations d'ordre médical relatives à l'état de l'assuré, notamment la date de consolidation des lésions, le taux d'incapacité permanent, l'existence ou la gravité de l'invalidité permanent, l'existence d'une usure prématurée des facultés physiques ou mentales, donnent lieu à l'application d'une procédure d'expertise. Ces contestations sont soumises à une commission médicale désignée par le Ministre ayant la santé publique dans ses attributions.

**Ingingo ya 224 :**

Amatati ajanye n'ubuvuzi yerekeye uko amagara y'uwategekanirijwe yifashe, nk'igenekerezo ry'aho ivyashikiye uwagize isanganya vyemejwe ko vyashitse ku rugero ntarengwa rw'ugukira, urugero rw'ugutakaza ubushobozi ubutakivayo, ukuba afise ubumuga butakivayo canke uko bumeze, ukuba yerekana ibimenyetso vy'uko ubushobozi bwiwe bwo ku mubiri canke bwo mu mutwe bugenda bugabanuka atarakwiza imyaka isanzwe yavyo, bisaba ko hikorwa ku

L'avis de la commission médicale n'est pas susceptible de recours et il s'impose à l'assuré comme à l'organisme de protection sociale.

**Article 225 :**

Avant d'être soumises au tribunal compétent en matière de protection sociale, les contestations formées contre les décisions de l'organisme sont obligatoirement portées devant le Comité de Recours Gracieux.

Le Comité de Recours Gracieux statue et notifie sa décision aux requérants et à l'organisme.

Les requérants ou l'organisme disposent d'un délai de deux mois à compter de la date de la notification de la décision du Comité de Recours Gracieux pour se pourvoir devant le Tribunal du Travail dans les délais précédent, ce délais commence à courir à compter de la date du rejet implicite de la demande.

Lorsque aucune décision n'a été notifiée au requérant dans les délais de deux mois suivant la date de sa contestation, celui-ci peut considérer sa demande comme rejetée et se pourvoir devant le tribunal compétent dans le délai prévu au paragraphe précédent ; ce délai commence à courir à compter de la date du rejet implicite de la demande.

**Article 226 :**

Quiconque se rend coupable de fraude ou de fausse déclaration pour obtenir ou tenter de

bahinga b'abaganga. Ayo matati aca ashikirizwa umugwi w'abaganga ugenwa n'Umushikiranjanji ajejwe amagara y'abantu.

Ibishikirizwa n'uwo mugwi w'abaganga ntibivuguruzwa kandi biritwazwa imbere y'uwategekanirijwe n'imbere y'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza.

**Ingingo ya 225 :**

Imbere yuko amatati yerekeye ingingo zafashwe n'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza ashikirizwa sentare ifitiye ububasha amatati ajanye n'ugutegekaniriza kazoza, ategerezwa kubanza gushikirizwa Komite ijewe kwumvikanisha.

Komite ijewe kwumvikanisha irafata ingingo ikayimenyesha abayituye hamwe n'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza vyerekeye.

Abituye Komite canke ishirahamwe ritegekaniriza kazoza bafise ikiringo c'amezi abiri giharurwa kuva kw'igenekerezo ingingo yafashwe na Komite ijewe kwumvikanisha yamenyesherejweko kugira bitware muri Sentare y'akazi mu kiringo gihejeje kuvugwa, ico kiringo gitangura guharurwa kuva kw'igenekerezo rifatwa ko ivyashikirijwe Komite bitemereweke.

Mu gihe ata ngingo n'imwe yamenyeshajwe uwitwaye mu kiringo c'amezi abiri akurikira igenekerezo ry'ukwitwara, uwitwaye arashobora gufata ko ivyo yasavye bitemewe agaca yungururiza muri sentare ibifitiye ububasha mu kiringo gitegekanirijwe mu gahimba gahejeje kuvugwa; ico kiringo gitangura guharurwa kuva kw'igenekerezo uwitwaye afata ko ivyo yasavye bitemereweke.

**Ingingo ya 226 :**

Uwo wese yagiriye icaha c'ugukoresha ubusuma canke c'ukumenyesha ibinyoma

faire obtenir des prestations qui ne sont pas dues est passible d'une amende dont le montant est fixé par les textes régissant chaque régime, sans préjudice des peines résultant du présent Code et de l'application d'autres lois, s'il échet. Il sera outre tenu de rembourser à l'organisme les sommes indûment payées.

**Article 227 :**

L'action publique résultant d'une infraction de l'employeur ou de son préposé, de l'assuré ou de son ayant droit est prescrite par douze mois à compter de la date du constat de l'infraction.

L'action civile en recouvrement des cotisations ou des majorations de retard dues par un employeur, intentée indépendamment ou après extinction de l'action publique est prescrite par cinq ans à compter de la date indiquée à l'alinéa 1 du présent article.

L'action civile en recouvrement des prestations dues par le responsable du risque professionnel ou son assureur est prescrite par cinq ans à compter de la date de la réclamation du remboursement.

**Article 228 :**

Tout litige pouvant subvenir entre les mutuelles sociales et leurs membres ou entre elles et leurs structures faitières est réglé à l'amiable ou à défaut par voie d'arbitrage sous l'autorité de régulation des programmes et des

kugira aronke canke agerageze kuronka ibirangurirwa uwategekanirijwe adafitiye uburenganzira, ahanishwa ihadabu, igitigiri c'amafaranga yaryo gishirwaho n'amategeko agenga igisata kimwekimwe cose, hatirengagijwe ko ashobora guhabwa ibihano bitegekanijwe n'iki Gitabu c'amategeko no mu gukurikiza ayandi mategeko iyo bikenewe. Ategerezwa kandi gusubiza ishirahamwe ritegekaniriza kazoza amafaranga yaronse atayafitiye uburenganzira.

**Ingingo ya 227 :**

Uburenganzira bw'ugushingisha urubanza rw'ivyaha biturutse ku caha cakoze n'umukoresha canke intumwa yiwe, uwategekanirijwe canke uwufise uburenganzira ku matungo yiwe, buta igihe haciye amezi icumi n'abiri aharurwa kuva kw'igenekerezo icaha camenyekaniye.

Uburenganzira bw'ugushingisha urubanza rw'amatati ajanye n'ukwishuza amafaranga y'intererano canke ayaja ariyongera kubera umukoresha yacerewe kuriha intererano, bwaba bukoreshwa uburenganzira bw'ugushingisha urubanza rw'ivyaha bijanye butakoreshejwe canke bumaze kurangira, buta igihe haciye imyaka itanu iharurwa kuva kw'igenekerezo rivugwa mu gahimba ka 1 k'iyi ngingo.

Uburenganzira bw'ugushingisha urubanza rw'amatati ajanye n'ukwishuza ibirangurirwa uwategekanirijwe bitegerezwa kurangurwa n'uwateye isanganya rituruka ku kazi canke ishirahamwe rimutegekaniriza buta igihe haciye ikiringo c'imyaka itanu giharurwa kuva kw'igenekerezo vyatanguye kwishurizwako.

**Ingingo ya 228 :**

Amatati yose ashobora kwaduka hagati y'amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza n'abanywanyi canke hagati y'ayo mashirahamwe n'inani zayo ataturwa biciye mu mwumvikano canke

systèmes de protection sociale.

En cas de désaccord de l'une des parties sur le choix de l'arbitrage ou sur la procédure d'arbitrage, le litige sera de la compétence des cours et tribunaux. Il en est de même du contentieux entre les mutuelles sociales, les pouvoirs publics ou les tiers.

**Article 229 :**

Le retrait de l'agrément des mutuelles sociales peut intervenir dans les cas ci-après :

1. la pratique d'activité contraire à l'objet de la Mutuelle sociale ou de la structure faïtière ;
2. la fusion ou scission intervenue en violation des dispositions du présent code et ou des textes d'application;
3. la non production pendant deux années consécutives des états financiers ;
4. la faillite constatée ;
5. le retrait de l'agrément emporte de plein droit, à compter de sa publication au journal officiel, la dissolution de la personne morale.

**Article 230 :**

Sont passibles de sanctions administratives autres que le retrait d'agrément, tous manquements aux dispositions du présent code, aux règles statutaires et aux règles prudentielles applicables aux mutuelles

vyanse hagakoreshwa inzira y'uguhuza abafitaniye amatati bihagarikiwe n'urwego rujejwe gucungera imigambi n'ibisata bijejwe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

Mu gihe umwe mu bafitaniye amatati atemeye uwatowe kugira abumvikanishe canke atemeye guca muri iyo nzira y'ukubumvikanisha, urubanza ruca rushingishwa muri sentare. Ni ko kw'uko no ku matati aba ari hagati y'amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza, inzego za Reta canke abandi.

**Ingingo ya 229 :**

Ishirahamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza rirashobora kwakwa uruhusha rw'ugukora mu bihe bikurikira :

1. rikoze canke urunani rw'amashirahamwe rukoze ibinyuranye n'intumbero yarwo ;
2. risukiranye n'irindi canke ryiciyemwo ibice bikagirwa hatisunzwe ibitegekanijwe n'iki Gitabu c'amategeko canke amategeko agishira mu ngiro;
3. rimaze imyaka ibiri ikurikirana ridatanga ivyegeranyo vyerekana uko ubutunzi bwaryo bwifashe;
4. vyemejwe ko ryahomvye ;
5. ryatswe uruhusha rw'ugukora, bica bituma risamburwa, kuva bitangajwe mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi.

**Ingingo ya 230 :**

Ahanishwa ibindi bihano bitangwa n'ubutegetsi atari ukwakwa uruhusha rw'ugukora, amashirahamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza n'inani z'amashirahamwe nk'ayo adakurikije ico cose

sociales et à leurs structures factières, notamment :

- la non production des états financiers et des documents comptables ;
- la non-tenue des instances statutaires ;
- la publication et la communication de faux documents et /ou d'états financiers inexacts ;
- le non-respect des règles comptables et prudentielles durant un exercice ;
- la communication volontaire de fausses informations ;
- l'abus des biens des structures mutualistes ;
- le défaut d'adhésion ou l'absence de versement de la cotisation exigée ;
- le refus de se soumettre à un contrôle de l'organe compétent.

**Article 231 :**

Les sanctions administratives applicables aux manquements peuvent faire l'objet de sanctions administratives suivantes :

gitegekanijwe n'iki Gitabu c'amategeko, ingingo zo mu mategeko ngenderwako yayo hamwe n'izijanye n'ugutunganya ishira hamwe uko bibereye zikurikizwa kuri ayo mashira hamwe, na canecane :

- adatanga ivyegeranyo vyerekana uko ubutunzi bw'ishira hamwe bwifashe n'inzandiko zerekana amafaranga yinjira n'ayasohoka;
- atagira inama zitegekanijwe n'amategeko ngenderwako y'ishira hamwe;
- atangaza akongera agashikiriza inzandiko zitari iz'ukuri n'ivyegeranyo vyerekana uko ubutunzi bwayo bwifashe bidahuye n'ukuri canke kimwe muri ivyo;
- atubahiriza amategeko asaba ko yerekana amafaranga yinjira n'ayasohoka n'ayajanye n'itunganywa ku buryo bubereye ry'ishira hamwe mu kiringo c'umwaka w'ibikorwa ;
- ashikiriza nkana inkuru zitari iz'ukuri;
- akoresha nabi amatungo y'amashira hamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza ;
- ata banywanyi bashasha binjira n'abasanzwemwo ntibisubirize canke adatanga intererano zitegerejwe;
- yanka kugirirwa isuzuma n'urwego rubifitiye ububasha.

**Ingingo ya 231 :**

Ibihano bitangwa n'ubutegetsi bikurikizwa ku mashira hamwe y'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke ku nani z'amashira hamwe nk'ayo atubahirije

ibitegekanijwe n'iki Gitabu c'amategeko ni ibi bikurikira :

- |   |  |
|---|--|
| a) l'avertissement de la Mutuelle sociale ou de la structure faitière ; | a) ukugabisha ishira hamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke urunani rw'amashira hamwe nk'ayo ; |
| b) l'injonction de régularisation ;                                     | b) ukuyategeka gutunganya ibitakoze uko bitegerejwe;   |
| c) la suspension des dirigeants ;                                       | c) uguhagarika mu mabanga abarongoyi b'ishira hamwe;   |
| d) la suspension provisoire de l'agrément.                              | d) uguhagarika ivy'imfatakibanza uruhusha rw'ukwemerera ishira hamwe gukora.                                   |

Ces sanctions sont prononcées par l'organe national de régulation de la protection sociale sans préjudice des sanctions pénales déterminées par la législation nationale en vigueur ou des sanctions disciplinaires prononcées par les instances de la Mutuelle sociale ou de la structure faitière en application des dispositions statutaires.

Ivyo bihano bitangwa n'urwego rujejwe ugucungera imigambi n'ibisata bijejwe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu hatirengagijwe ko hashobora gutangwa ibihano mpanavyaha bitomorwa n'amategeko y'igihugu asanzwe akurikizwa canke ibihano bijanye n'inyifato mu kazi bitangwa n'inzego z'ishira hamwe ry'ugushigikirana mu gutegekaniriza kazoza canke z'urunani rw'amashira hamwe nk'ayo mu gukurikiza ingingo zo mu mategeko ngenderwako z'ayo mashira hamwe.

## CHAPITRE II: DES DISPOSITIONS TRANSITOIRES ET FINALES

## IGICE CA II: INGINGO MFATAKIBANZA N'IZISOZERA

### Article 232 :

Les rentes, les pensions et autres prestations liquidées avant la promulgation de la présente loi continuent à être servies aux bénéficiaires dans les conditions et pour les montants fixés dans leurs décisions d'attribution.

### Ingingo ya 232 :

Imikando, amapansiyo n'ibindi biza birangurirwa abategekanirijwe vyatanguye gushirwa mu ngiro imbere yuko iri bwirizwa ritangazwa bibandanya birangurirwa ababifitiye uburenganzira mu buryo no ku bitigiri vy'amafaranga vyashinzwe mu ngingo zivyererekeye.

### Article 233 :

Les autorités compétentes sont tenues de procéder à la mise en harmonie des textes régissant les organismes antérieurement

### Ingingo ya 233 :

Abategetsi babifitiye ububasha bategerezwa kuranisha amategeko agenga amashira hamwe ategekaniriza kazoza

institués avec le Code de protection sociale dans un délai de trois ans à partir de la date de sa promulgation.

**Article 234 :**

En attendant la mise en place effective de l'autorité de régulation visée à l'article 13, le Secrétariat Exécutif Permanent de la Commission Nationale de Protection Sociale assure la fonction de régulation des programmes et des systèmes de protection sociale.

**Article 235 :**

Toutes dispositions antérieures contraires au présent code sont abrogées.


**Article 236 :**

La présente loi entre en vigueur le jour de sa promulgation.

Fait à Bujumbura, le 12 mai 2020

Pierre NKURUNZIZA.-

PAR LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,



VU ET SCILLE DU SCEAU DE LA REPUBLIQUE,

LE MINISTRE DE LA JUSTICE, DE LA PROTECTION CIVIQUE ET GARDE DES SCEAU



Aimée Laurentine KANYANA

yahahora n'iki Gitabu c'amategeko agenga ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu mu kiringo c'imyaka itatu giharurwa kuva kw'igenekerezo gitangarijweko.

**Ingingo ya 234 :**

Mu kurindira ko hashirwaho urwego rujejwe ugucungera ruvugwa mu ngingo ya 13, Ibiro vy'Umunyamabanga nshingwabikorwa ntayegayezwa vy'Umugwi w'igihugu ujejwe ivyerekeye ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza ni vyo birangura amabanga y'ugucungera imigambi n'ibisata bijewe ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abanyagihugu.

**Ingingo ya 235 :**

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iki Gitabu c'amategeko zirafuswe.

**Ingingo ya 236 :**

Iri bwirizwa ritangura gukurikizwa kuva umusi ritangarijweko.

Bigiriwe i Bujumbura, ku wa 12 Rusama 2020

NKURUNZIZA Pierre.-

KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,

BIBONYWE KANDI BISHIZWEKO IKIMANGU CA REPUBURIKA,

UMUSHIKIRANGANJI W'UBUTUNGANE, UGUKINGIRA ITEKA N'ITEKANE VY'IGIHUGU N'UGUSHINGURA IKIMANGU CA REPUBURIKA

KANYANA Aimée Laurentine.